 20. Sangsaya waspadeng tingal, samana sang prameswari, rumasa sampun pramana, datan darana ing galih, gupuh amengkul maring, jangganing panganten jalu, sarya lara karuna, sasambat amelas asih, adhuh lae kamurahaning bathara.
 21. Kalingane ya samangkya, anakingsun woding ati, katemu mulih priyangga, lah paran wadine iki, teka andadak' dadi, yoganing pandhita gunung, yata Bambang Sucitra, karantran turun tangis, wong jro pura oter tumutur karuna.
 22. Sang Prabu Ajipamasa, nahen waspa marepeki, angingimur maring garwa, mengko-mengko den aririh, aywa kageyan yayi, sarantekena karuhun, babasan aywa gita, yen durung ungingeng gati, sun undange Sang Ajar Sidhiwacana.
 23. Arsa takon purwanira, susuta jalu apekik, saksana nuduh parékan, animbali kyana patih, sarta kinen angirid, sang wiku manjing kadhatun, antara dangu prapta, nulya pangantyan jalwestri, samya kinen angabekti sakaliyan.
 24. Sang Ajar Sidhiwacana, samana dupi udani, maring panganten wanudya, datan kasamaran yekti, lamun yoganirestri, kang ilang duk maksih timur, sang ajar tan darana, mengkul jangga sarwi nangis, asasambat dhuh Sriati sutaningwang.
 25. Bagya sira wus kapanggya, dadi putraning narpati, kamayangan temen nyawa, anyuwargakken ing mami, Rara Temon miyarsi, sasambatira sang wiku, datan melu karuna, karana supe kapati, yen sang aji iku kang rama priyangga.
 26. Denya duk kabektyeng ditya, maksih timur durung eling, yata Sri Ajipamasa, atatanya paran marmi, panganten kang pawestri, ingaken atmajanipun, panganten ingkang priya, iku sutane sayekti, yen mengkono apa dadi temu kadang.

27. Yekti punika tan layak, kena upateng dewadi, ajar alon aturira, pukulun sang misudheng sih, ila-ila punapi, yen amba kang ngawu-awu, kados tan kasembadan, dening mring Kang Murbeng Pasthi, dhasar inggih yektos punika sutamba.
28. Pun Sriati wastanira, ical kala maksih alit, kaupadi tan kapanggya, kawula kinten manawi, kabekta ing raseksi, nguni duk mangsa panawur, akathah rare ical, kadhustheng ditya kinardi, tatawuran dhateng Hyang Siwandanala.
29. Marmamba lajeng ngalaya, angayam-ayam wanadri, amung angesthi antaka, saking parmaning dewadi, dumadakan amanggih, rare jalu warna bagus, kawula atatanya, sangkan paranira kumbi, amung ngåken namanipun Citrasoma.
30. Purun kawula mbil suta, amba salini wawangi, pun Jaka Pupon punika, mawi kawula parabi, Bangbang Sucitra nguni, sapariki laminipun, sampun tri welas warsa, diwasanipun samangkin, amba tantun arabi sanget lenggana.
31. Purunipun palakrama, yen antuk atmajeng aji, wrating tiyang darbe suta, datan ketang anrang westhi, temahan purun prapti, marek ing byantara prabu, tanpa mawi larapan, umatur anjangkung aris, parikedah anuwun nuwilaganda.
32. Kapareng lan dados dhangan, saking karsa padukaji, mangke sampun kalampahan, wekasan panganten estri, suta amba sayekti, kados pundi wadosipun, teka wonten kawuryan, lampahan makaten gusti, elok temen panduming Suksma Wisesa.
33. Sang Prabu Ajipamasa, miyarsa angres ing galih, dahat ing pangungunira, wusana ngandika aris, kakang wiku samangkin, sampun kalampahan dhaup, Jaka Pupon kalawan, Rara Temon temah dadi, kaelokan saking karsaning bathara.
34. Babasan leta samodra, lawan kalingana wukir, yen pasthi jodho sanyata, mesthine teka kapanggih, tanpa sarat sadawir, inggih kalampahan dhaup, mangke nedhenge samya, medhar kekeraning Widhi, denya karya kaelokan wus kawuryan.
35. Makaten liring kekeran, kang badhe kawedhar mangkin, kamulyaning bebesanan, kakang ajar lawan mami, kula kang

- urun estri, andika kang urun jalu, wekasane punika, pun kakang urun pawestri, mangkya kula kang urun pangantyan priya.
36. Dados tembung lintu patra, urup-urup urap sari, kula gantya awawarah, kalawan sajarwa jati, sajatinipun inggih, panganten jalu punika, putra amba pangarsa, Dyan Citrasoma wawangi, nguni ical kala risaking Mamenang.
 37. Kapanggya saweg samangkya, andika pupu puniki, dahat katarimaning tyas, suka sokur ing tyas mami, dene pangantyan estri, punika sajatinipun, enggen kula amanggya, wonten dhangkaning raseksi, purwanipun makaten kula carita.
 38. Sampun tiga welas warsa, jengkar ngong saking Kadiri, awit ambujung maesa, andanu kang karya westhi, anggung ngrusak maring, pager pagrogolaningsun, kongsi kalunta-lunta, ing pembujung kula nguni, kang maesa andanu datan kacan-dhak.
 39. Saben celak meh kewala, kula lepasi jemparing, maesa mesat sakala, lumumpat angilat thathit, yen tebih angandhegi, yayah angengerang laku, antawis pitung dina, icale maesa bothi, wonten madyaning wana Krendhawahana.
 40. Nunten kula pinanggihan, dening Bathari Yuwati, ratuning Krendhawahana, paring wasita sajati, yen praja ing Kadiri, kalaban lalahar agung, tanpa sangkan kang tirta, kongsi tu-mekeng jro puri, pira-pira wong kang kataman asmara.

III. Asmarandana

1. Dene katampek ing banjir, tanbuhan ing bubukanira, dhasar dalu praptaning we, marma sapraja ruhara, samya gung pupu-yengan, ana ngili ngalor ngidul, ngetan angulon samana.
2. Amung nedya ngungsi urip, wekasane kula tinedah, maring wana kidul kilen, ing Pengging dhangkaning ditya, kinen ababadeha, samadyeng wana ing ngriku, tembe dadya praja arja.

3. Saksana kula lampahi, praptaning Pengging temah prang, lan ditya kang aneng kono, ananging tan ana menang, sagung para raksasa, pira-pira samya lampus, dening sarotamaning-wang.
4. Sasisane kang ngemasi, samya nungkul minta gesang, purun tumut sakarsengong, babad-babad wana wasa, nulya kula tумingal, lare estri kawiyungyun, ing sulur woding mandira.
5. Watawise dereng lami, denya tumameng babaya, kula kami-wlasen tumon, laju natasi pusara, luware datan kena, tina-kon karananipun, pijer anangis kewala.
6. Sambate rama raseksi, teka kolu nganiaya, mung makaten sadangune, inguni pamanah kula, yekti sutaning ditya, weka-sane kula pupu, kula ambil ruta amba.
7. Alajeng kula namani, pun Rara Temon punika, ing antara ari mangke, garwa putranipun samya, nusul kapanggih arja, wadya umiring sadarum, sesaning pejah kablabak.
8. Mung putraningong pangarsi, nguni kang dereng kapanggya, marmane pun Rara Temon, kang mangka lilitu dadya, putrulingsun pangarsa, garwengong marem tyasipun, suda wiya-dining driya.
9. Dupi ing antara lami, praptaning mangsa diwasa, andika nge-bun-bun sore, dhanganing tyas arsa wruha, kadadyan ing wekasane, kula met sutaning diyu, antuk yoganing pandhita.
10. Telas pangandika aji, Sang Ajar Sidiwacana, miyarsa ngungun temahe, sanget suka sokuring tyas, denya panuju samya, manggih raharja sadarum, kaelokaning bathara.
11. Wus mangkana kyana patih, dhinawuhan awawarta, marang para wadya kabeh, wedharing kang kaelokan, wekasan liru patra, putra nata ingkang jalu, suteng ajar kang wanudya.
12. Matur sandika wotsari, mijil sampun awawarta, kang miyarsa ngungun kabeh, yata winarna sadaya, sajroning pamiwahan, amung suka-suka nutug, muwah muwuh andrawina.

13. Jangkep maneka menuhi, tan ana kang kakurangan, kongsi ing pendhak dinane, dupi praptaning antara, ajar pamit kailan, wineling nunte wangsl, tutuwi maring kang putra.
14. Myang para wiku ing wukir, kinen samya sring tuwia, umatur sandika kabeh, angkate saking nagara, andum paran sowangan, prapteng padhepokanipun, lajeng warta-winartanan.
15. Yata kawuwusa malih, prajeng Pengging Witaradya, mangsa Asuji ing mangke, praptaning para narendra, ing ngamanca nagara, saha wadyakuswa kebut, seba saben tanggap warsa.
16. Wus dadya adating nguni, para nata mancapraja, mung sapisan sumiwine, saben wekasaning warsa, prapteng taun wiwitinan, andherek wiyosining prabu, ngujubaken rajawedha.
17. Lire sidhekah sang aji, mumule arjaning praja, pendhak wiwitinan warsane, sangkep punang titingalan, sarwa sri neka warna, samana antaranipun, praptaning kang rajawedha.
18. Marengi tanggaping warsi, wiwitinan mangsa Kartika, nalika duk pamancade, ing taun Janggalogena, etang Suryasangkala, gunaning wong trus ing luhur, kaetang Candrasangkala.
19. Janma karya gatreng langit, wiyosira sri narendra, angijabaken mumule, sidhekahen rajawedha, sawusira bojana, carikan lumengser dinum, ing para wadya warata.
20. Anulya pasang piranti, titingalan warna-warna, karya sukaning wong akeh, ana dadya parebutan, weneh binasmi samya, miwah ana kang kalabuh, myang binuang ngara-ara.
21. Wusnya mangkana narpati, miyos ngubengi nagara, mariksa pasang rakite, sagung panggenaning wadya, tan ana kaliwatan, dupi tepunggelang wangsl, siniwi ing panangkilan.
22. Samana para narpati, samya winartan sadaya, saliring reh lalakone, kang putra Dyan Citrasoma, kaelokaning dewa, kawuryan ingambil mantu, wekasane liru lambang.
23. Miwiti malah mekasi, prabu denya awawarta, para nata ngungun kabeh, samya suka sukuring tyas, wus luwaran samana, cinarita praptanipun, ing wulan purnamasada.

24. Karsanira sri bupati, kang putra Dyan Citrasoma, mangkya jinunjung lenggahe, nama Prabu Anom ika, kabyawara warata, aneng pasewakan agung, ingestrenan para nata.
25. Myang para wiku ing wukir, mangayubagya sadaya, jumurung pangastutine, Sang Ajar Sidiwacana, sru suka sukuring tyas, dene putranira mantu, mangkya ntuk sihing ramendra.
26. Dupi ing antara ari, prabu miyos siniwaka, kadi saban kang kalakon, Kyana Patih Tambakbaya, dinangu kang anggarap, ing kutha anyar winangun, matur kantun sawatara.
27. Pangandikaning narpati, marang sagung para raja, kinen angantia kabeh, pangalihing kutha anyar, samya matur sandika, kaparenga karsa mangun, pakuwone sowang-sowang.
28. Wus kalilan nulya pamit, sami amimilih papan, sasenenge dhewe-dhewe, praptengkono amamatah, kang kinen nambut karya, gelakan panggarapipun, tan alami sampun dadya.
29. Kuneng kawarnaa malih, amarengi mangsa Sitra, wiwit tanggal kapisane, budhale kang raja darwyu, isen-isening pura, ing antara dina rampung, tinateng nggon sowang-sowang.
30. Praptaning purnamasidhi, Sang Prabu Ajipamasa, pindhah sagarwa putrane, myang para nata punggawa, sawadya kuswa samya, umiring sadaya kebut, sangkep sopacaranira.
31. Dene ingkang maksih kari, mung wong ngindhung nyagak papat, tan bisa ngusung wismane, wong ngindhung ingkang kuwawa, datan sedya kantuna, nahan sahanane ngenu, lam-pahira sri narendra.
32. Sampung prapteng Dwarawati, amamatah para nata, sarta sawadya balane, ing panggonan sowang-sowang, samana winur-sita, pitung dina pitung dalu, prabu maksih aneng njaba.
33. Durung karsa manjing puri, nganti rampunging panaṭa, miwah panindhikarane, pinuja mantreng dudupa, dening para pandhita, dupi paripurna sampun, prabu tumameng kadhatyan.
34. Abujana siyang ratri, lawan sagung para nata, myang wadya punggawa kabeh, kongsi patang puluh dina, andungkap prap-

- teng mangsa, Manggakala kang winuwus, sagunging para narrendra.
35. Pamit mantuk denlilani, duk samana karsa nata, manguntur ing panangkilan, myang pancaniti samya, pinarenga adegipun, kya patih matur sandika.
 36. Kuneng prajeng Dwarawati, gantya ingkang kawarnaan, dha-dhakaning kandha mangke, kadi sareng salampahan, nggranning wukir Parswasta, wonten ditya kang kasebut, anama Raja Parwata.
 37. Denya raraton wus lami, balane mung brakasakan, myang para lelebut kabeh, sagunging memedi samya, rineh kapangkat-pangkat, andhap iuhuring lulungguh, miwah panggaweanira.
 38. Nanging pilih kang udani, denya maksih sisisiluman, nadyan kang parak prajane, ratu ing Awantipura, Sang Prabu Senaraaja, sayekti datan angrungu, yen ana ditya raratyen.
 39. Mangkyu winursiteng kawi, sang ditya raja Parwata, lagi kataman wirage, kapati puteking driya, denya kang putra priya, nama sang ditya Parasu, anggung nggugubel kewala.
 40. Datan kena densayuti, pamintane maring rama, anuwun jatukramane, ingkang tansan katuwawa, katon jroning supena, nunggal aneng tilamsantun, karasa rarasing driya.

IV. Mijil

1. Amung raja putri prajeng Pengging, nama Rara Temon, kang dumunung aneng woding tyase, awit pawartane para peri, kang sampun udani, maring sang retrnayu.
2. Nulatana ing sewu nagari, datan ana roro, tuhu ratuning ayu warnane, nadyan ingkang para widadari, pilih kang umirib, wawangananipun.
3. Marma ditya Parasu kepati, putek ing tyas kepon, kapencut ing pawarta temahe, angungudi ing rama yaksaji, bisaa tumuli, dhaup lan sang ayu.

4. Rama ibu Parwata Parwati, kamiwlases tumon, apuwara tinut pamintane, animbal i gandarwo Bahidhi, prapta dendha-wuhi, yen arsa tinuduh.
5. Kinen laku dhustha marang Pengging, met putrining katong, kang tan kongsi kasatmateng akeh, Sang Bahidhi sandika wotsari, mesat ing wiyati, wor maruta nurut.
6. Angragancang lumrang ngima weri, sinrang ngisis mring sor, asarsaran sumawur ririse, lampahira gandarwo Bahidhi, prapteneng tanah Pengging, wayah surya surup.
7. Nahan ing reh gandarwa Bahidhi, gantya winiraos, Resi Kalasuwidha wiyose, darbe sua wanodya yu luwih, apanengran Dewi, Sidhwati iku.
8. Wus antara warsa kambil siwi, denira sang katong, pinacang lan sutendra kang anem, marma aneng jro pura pinigit, mangkya amarengi, karsaning dewa gung.
9. Pan kinarya lalakon kawarni, wayah sireping wong, Dewi Sidhwati arsa sene, maring jamban parekan kakalih, kang umiring ngarsi, anggawa susuluh.
10. Duk samana gandarwa Bahidhi, samantara tumon, wanudaya-yu endah suwarnane, wus anyana yen iku kang kesthi, tan darana nuli, maniyup tumurun.
11. Dupi Dewi Sidhwati mijil, saking jamban anjog, palataraning beji kang kilen, dyan sinambut maring sang Bahidhi, kabek-teng wiyati, angambara silum.
12. Sru karuna Dewi Sidhwati, pareng cethi karo, anjrit samya sora suwarane, kapiyarseng nata sigra mijil, sawadya kang kemit, parekan dinangu.
13. Aturira miwiti mekasi, angungan sang katong, ruditeng tyas tambuh pambudine, dyan amatah wadya kang ngulati, myang atur udani, ring kaka sang wiku.
14. Nahan gantya winursita maksih, sarenging lalakon, putreng Samapura ingkang anom, apanengran Raden Umbulsari, karrem atataki, saben-saben dalu.

15. Anggung lunga nis amung pribadi, kongsi tumekeng doh, nutting tirahing wukir parane, antarantuk lalakon sawengi, tre-kadhang rong ratri, tigang dina mantuk.
16. Ing nalika punika winarni, lampahe sang anom, prapteng tanah ing Pengging wayahe, sirep janma samana kapanggih, gandarwo sawiji, sarya ngemban suhu.
17. Lagya mothah lara-lara nangis, anggiyeng nggalolo, datan lilih pangela-elane, myang rinapu ingarih-arihi, kewran denira mrih, meneng sutanipun.
18. Marma mangkya perlu arsa panggih, kalawan sang anom, minta tulung gandarwo wuwuse, dhuh rahaden kaparenga mugi, ambirata sedhiih, ngusadeng tyas gidhuh.
19. Suta ulun puniki anangis, panglipur tan pandon, pijer mothah budi sadangune, paran sangkaning sageda lilih, andika tulungi, sumangga sang bagus.
20. Radyan Umbulsari anauri, mangke ta den alon, kula taken nama sajatine, dimen datan karya walang ati, gandarwo mangsuli, dhuh rahaden bagus.
21. Wiyosipun kawula puniki, ratuning gandarwo, sang Karawu kasubing wasta ngger, suteng raja gandarwo Sampati, manawi sang pekik, saged atutulung.
22. Neng-ngenengi rare lagya budi, srah jiwangganingong, sumangga ing sakarsanta anger, Raden Umbulsari malat kang sih, wlasira kapati, nampa astanipun.
23. Sarywa muwus lah ki sanak pundi, coba kula emong, sang gandarwo ngulungken sutane, wus katampan ingemban tumuli, kalela-lela ris, rinaras kikidung.
24. Eman-eman wong bagus anangis, angur aguguyon, sunopahi kikitiran gedhe, yasanira Sanghyang Henengjati, ilir-ilir silir, sumilir hyang bayu.
25. Isik imong sutani si kaki, kidang wulung jalon, putune Ki Arimangsa kiye, gumalundhung lir padhas selardi, rupanira kadi, bugel kayu sempu.

26. Kaping tiga anulya winisik, karnanira karo, cu palicu si palicu sare, aja nangis yen tan bisa nolih, githokmu pribadi, cep meneng les turu.
27. Sanalika mularira lilih, sutane gandarwo, amung kari kasegen bae, semu ngguyu-ngguyu temah guling, gandarwo udani, dahat suka sukur.
28. Tan antara amiyarsa tangis, layung-layung nglamong, ing ngawiyat kawuryan jatine, sang gandarwo raja muwus aris, wonten bagya mangkin, kantuna sang bagus.
29. Sigra mesat angambara panggih, lan dhustha tatakon, lah ta sapa sira nggendlhong kuwe, sang Bahidhi geter ing tyas tistis, datan anauri, mung anggege laku.
30. Tinut wuri saparan tiniti, meksa tan miraos, kongsi prapteng Parswasta wayahe, titi sonya gandarwo Bahidhi, arsa manjing puri, mangkya sangdyah ayu.
31. Tansah maksih lara-lara nangis, ngaduhuh angatuhon, katuone awakingsun kiye, tan ana kang sedya angulati, kabentus ron sami, wong Pengging sadarum.
32. Yata sang gandarwo raja myarsi, sambat kang mangkono, wus anduga yen iku yektine, putrinira narendra ing Pengging, kadhusstheng Bahidhi, dinon ing ngalimun.
33. Matak mantra wikrama sang kali, sang raja gandarwo, manaputi Bahidhi temahe, kasulayah lir kataman tali, bayu larut kongsi, tan bisa amuwus.
34. Dyan sinambut Dewi Sidhwati, mring raja gandarwo, sarya matur dhuh dewi wiyose, sampun kaduk tyas abela tampi, pun bapa puniki, dhapur kang angruruh.
35. Ing samangke kula bekta inggih, kondur angadhaton, lan pun dhustha punika pantese, katura ing rama paduka ji, Dewi Sidhwati, sangsaya margiyuh.
36. Kewran ing tyas manawa sinandi, upayeng gandarwo, dadya meneng mupus ing papasthen, wus mangkana gandarwo narpati, mardya mangaskreti, mesat sarywa muwus.

37. Heh Bahidhi tut wuria aglis, ing salakuningong, dyan umiring dening kataman reh, pakantuking aji pangaskreti, tumutur kang kesthi, saengga tinuntun.
38. Tan anatara lampahira prapti, ing nggennya sang anom, mak-sih among ing gandarwo rare, sira raja Karawu udani, gumuyu sarwa ngling, mantep sang abagus.
39. Mangkya ulun arsa males kang sih, mbokmanawi dados, kala-resan sapangarahing reh, mangka margane antuk kamuktin, yekti denlampahi, kangelan rumuhun.
40. Ing samangke mumpung amarengi, bangbang wetan katon, sayempraba pangalad-alade, hyang haruna mimba bangun enjing, sakantuk marsudi, budi kang rahayu.
41. Kaparenga kawula aturi, kampir wismaningong, mung sake-dhap kewala rahaden, wonten rembag ingkang awigati, lan arsa wawarti, lampah kula wau.
42. Raden Umbulsari anuruti, samantara katon, kadhaton mas sarwa sri rarase, sangkep sesinya maneka warni, padhange ke-pati, tanpa surya tengsu.
43. Praptaning jro pura gandarwo ji, lenggah ing memeron, para cethi marek saanane, samya suka denira ningali, gandarwo lit lilih, malah enak turu.
44. Sang gandarwo raja anyawisi, lamak mas kinaot, sarya ngucul-aken gendhongane, wus alenggah Dewi Sidhwati, Raden Umbulsari, satata ing ngayun.
45. Nulya nuduh parekan sawiji, sang gandarwo katong, tam-panana bendaramu kuwe, wusasuwe ingemban sang pekik, cethi kang tinuding, anampani gupuh.
46. Alon matur gandarwo narpati, maring sakaroron, atatanya ing sangkan jatine, lawan ingkang sinambat wawangi, Dewi Sidha-wati, sajarweng pamuwus.
47. Sajatine ingkang asisiwi, dityarsi kinaot, ing Malawa kasub panengrane, Raja Kalasuwidha kawarti, trah Malawapati, mula-mulanipun.

48. Dene ibu kula ratu peri, warna yu kinaot, Dyah Rawati punika namane, apuputra Dewi Sidhwati, inggih awakmami, kalebet denugung.
49. Kongsi wayah diwasa ingambil, putrengkat kinaot, dening nateng Pengging datan pae, lawan paratmajendra pribadi, kagyat duk miyarsi, sang Raja Karawu.
50. Wuwusira kalingane iki, pupulunaningong, dhuh rahaden dewi ing samangke, kula popoyan warta sajati, boten ta muruih, met pangawu-awu.
51. Kang anama Dyah Dewi Rawati, punika kakangmbok, kadang tunggil sayayah renane, sami putra narendra Sampati, mijil saking sori, Sang Dewi Panurun.
52. Myarsa ngungun Dewi Sidhwati, rawat luh karaos, lalakone kang sarira mangke, gantya muwus Raden Umbulsari, sajar-weng wawangi, myang kamulanipun.
53. Kang sinedya denira lunga nis, sageda kinaot, lan sasama-sama pangarahe, sabarang reh kagunan kasektin, antuka sajati, kang tan wowor sambu.
54. Duk miyarsa gandarwo raja ngling, apantes kemawon, Raden Putra makaten esthine, inggih pinten banggi tembe wuri, pun paman manawi, saged karya gambuh.

V. Gambuh

1. Ngadoni jayeng kewuh, barang guna kasakten satuhu, mangke wonten sangkaning dados linuwih, suwawi sami rinembug, kang aiyeg sampun diyon.
2. Ngong wawartos karuhun, wau wonten tangis kang karungu, ing ngawiyat kula upadi kapanggih, gandarwo kang lampah pandung, ingkang dhustha putri katong.
3. Arintha sang retrnayu, Dewi Sidhwati kang sinambut, angambara binekteng Parswasta giri, kula tut wuri sapurug, dening tan antuk tatakon.

4. Dupi kapyarsa wau, sasambating arinta dyah ayu, katuwawa tan wonten kang angulati, wadya ing Pengging sadarum, pijer samya kabesturon.
5. Mekaten kang karungu, karya padhang panggraiteng kalbu, saking dugi-dugi kaliyan prayogi, panyana kula saestu, putri Pengging dhinustheng wong.
6. Marma laju manungku, kang wikrama sang-kali tumanduk, manaputi angganing gandarwo juti, kasulayah lesah lesu, sarta tan saget miraos.
7. Sang Dewi uwal sampun, kula cindhak jrihira kalangkung, sawatewis lilih ulun bobolehi, sengadi dhapur angruruh, nunten purun kulagendhong.
8. Pangaskreti tumanduk, dhateng duratmaka mrih tumutur, kula mesat angambara prapteng ngriki, pun dhustha tansah tut pungkur, katarik saking pirantos.
9. Telas tyasira suwung, mila mangke taksih sasat bisu, lah punika tingalana kang alinggih, agung gegenjongan janggut, gu-mujeng lajeng anjego.
10. Radyan nolih andulu, duk kawuryan yayah kawiyungyung, ngungun ing tyas denya dahat kawlas asih, gandarwendra malihi muwus, suwawi sami tinakon.
11. Ingawe sampun maju, dyan dinangu maring sang Kurawu, heh Bahidhi rowangingsun duk maksih lit, kamulanira saarju, ing mengko teka mangkono.
12. Paran wadine iku, suntakoni sapa kang anuduh, sajarwaa kewala dimen bisa ngling, sanalika mari bisu, wenganing tutuk ambengok.
13. Anggro greng-greng gumuruh, ing antara sareh alon matur, dhuh Karawu atmajeng raja Sampati, kang sampun kasub kاسumbung, kaluhuraning karaton.
14. Inggih sajatosipun, saking wrating ngawula ing ratu, yekti wajib anuju sambadeng kapti, nurut paparenganipun, sbarang pakon linakon.

15. Mojar raja Kurawu sapa sira kawulani iku, sang Bahidhi matur yaksendara wawangi, raja Parwata linuhung, ing Parswasta pureng katong.
16. Angreh sagung lelembut, sauruting pasisir ler mirut, amiturut saparentah denlampahi, saking sor kamayanipun, kaidhep hyang miyah katon.
17. Makaten purwanipun, sang yaksendra kataman tyas mepu, putek metek yayah tan miyat wiyati, dening putranira jalu, anggung nggugubel kemawon.
18. Wasta ditya Parasu, minta jatukrama kang satuhu, katuwawa sajroning supena keksi, nunggal aneng tilam santun, kang anama Rara Temon.
19. Putra Pengging puniku, para peri kang angsung pitutur, pawartine Rara Temon ayu luwih, sor rarasing sura wadu, widagdeng wadining pandon.
20. Saking welas ing sunu, sang yaksendra temahan tinurut, pamintaning tanaya tan den sayuti, saksana kula tinuduh, mara sandi durtaning don.
21. Mesat anamun-namun, prapteng Pengging wanci surya surup, sireping wong uninga wonten pawestri, katingal saking suluh, warnanira yu kinaot.
22. Ing panyana puniku, putri Pengging saksana sinambut, kula bekta angambara nunten keksi, paduka tututi wau, wahananipun tyas kepon.
23. Tan pantuk karya tuhu, angandika sang raja Kurawu, kalilingane sira kang kurang patitis, jamak wong kinongkon iku, den nastiti aywa keron.
24. Rahayune kaliru, kang sirambil dudu sang retrayu, katujuwa sayekti nemu bilahi, wurung gandarwo sireku, wekasan dadi thongthongsot.
25. Sang Bahidhi andheku, rawat waspa kang swanita kumyus, rumasa yen luput muput anglimputi, kalimputan ing tyas limut, temahan kodheng andhongor.

26. Mesem raja Karawu, wuwusira angger mangkay sampun, sampat warti nanging dereng anartani, sampeka pakartinipun, suwawi sami rinaos.
27. Karembo kang pakantuk, sae pundi arinta sang ayu, winang-sulken ing pura tuwin kapingit, tiningalaken yen sampun, wonten sayembara katong.
28. Dyan Umbulsari muwus, prayogine wangulna sang ayu, yen dinangu sajarwaa kang sayekti, wiwitan wekasnipun, kongsi praptaning kadhaton.
29. Anging papantesipun, wontena kang minangka pepemut, dadas tandha yektining reh nawung gati, supados lulus rahayu, andika kalawan ingong.
30. Dhateng kewala matur, saliring reh lalampahan wau, dados wonten kang narima antuk kardi, gandarwo raja gumuyu, anyiwel wuwus wawangson.
31. Lah dene teka baud, raden karya aben manis patut, ing wekasni dumugine kadi pundi, kang sakeca babaripun, mboten dados walang atos.
32. Piniyarsa pakantuk, karaosken sinambi angantuk, yata Dewi Sidhwati tukup lathi, asemira angecemet, miyat cucuding gandarwo.
33. Rahadyan malih muwus, pun Bahidhi kayumananipun, antuk sunduk prayogi yen datan mungkir, saupami lalalucu, cangkeme pantes dipun cor.
34. Myarsa saya angguguk, sang gandarwo raja wuwusipun, yen makaten ing prayoginipun mawi, sarana manik Santanu, panawang rehing lalakon.
35. Kadi musthikeng calung, angger dereng kalingga ing dalu, singa-singa kawwas yekti kaeksi, barang solahbawanipun, makaten ingkang kalakon.
36. Kula darbe ing dangu, saking Sanghyang Baruna kang asung, dhateng rama gandarwo raja Sampati, dhapuring manik Santanu, warni kalpika sajodho.

37. Satunggal sewang patut, raden lawan arinta sang ayu, inggih sami angagema ali-ali, nayaka manik Santanu, agung sawabipun yektos.
38. Katura ing sang ratu, dados marganing antuk pitulung, tampi suka pirenaning tyas sayekti, manggih kanugrahan agung, mukti sarira karoron.
39. Punika warmanipun, mulung sampun tinanggapan laju, samya kagem wonten ing dariji manis, gandarwo raja amuwus, lah dene saplak kemawon.
40. Suwawi mangkat gupuh, sami kula tarik aji ginung, pangas-kreti mangka panuntun lumaris, saged angambara silum, prapta sakedhap kemawon.
41. Wus mangkana samya nut, angambara tan antara dangu, prapteng Pengging lagya wayah gagat enjing, marengi ayam tumurun, anjujug ironing kadhaton.
42. Dyah Sidhwati sampun, kaprenahken ing panggonanipun, winulang reh weweling sajarwa jati, kalamun ana pandangu, aywa tumpang suh lan dhompo.
43. Sang gandarwendra laju, Raden Umbulsari datan kantun, prapteng wukir kidul ing wayah byar enjing, panggih lan di-tyarsi sampun, matur saliring lalakon.
44. Kampiteng tyas sang wiku, angandika rahayune iku, durung ana lalayu saka ing Pengging, yen karuhunana laku, baya dadi rudahingong.
45. Lah ta adhi Karawu, prayogane padha makidhupuh, marek maring Pengging mangkyaa saantawis, bisa matur susurup, cumadhang dhawuhing katong.
46. Mangayubagyeng wuwus, Sri Karawu mring kaka sang wiku, samana duk sadhawuh wijiling rawi, prapta dutanira prabu, sung wikan rehing lalakon.
47. Mesem dityarsi muwus, heh caraka sapungkurireku, petanggane wus katemu bali maning, saking parmaning dewagung, amung kinarya lalakon.

48. Duta nata andheku, dahat suka sukur ing tyasipun, angandika malih sang ditya maharsi, mengko saantara dhawuh, ingsun marek ing sang katong.
49. Sira becik angrantun, lon-alanon kewala pakantuk, sang gandarwo raja matur pamrayogi, tinarik ing aji ginung, pangakretining reh kepon.
50. Dimen saget tumutur, angambara enggal lampahipun, kasem-badan ing tyas sang ditya maharsi, dupi wus samapteng rembug, ubaya angkat ing kono.
51. Ing wayah padhang dhawuh, pareng sami angambara muluk, duk tengange prapteng Pengging Dwarawati, nahan nalika maniyup, wangsul ingkang kacariyos.
52. Dyah Sidhwati wau, katupikseng nata wus dinangu, matur purwa madya wusananing ratri, narendra miyarsa ngungun, wekasan kalpika tinon.
53. Punang manik Santanu, kawawas wus kadulu ing dalu, solah-ira kang ndhustheng gandarwo juti, kongsi denya ntuk pitulung, wangsul maring jro kadhaton.
54. Kacaryan ing tyas prabu, wali-wali denira andulu, pinaringken malih katampen sang dewi, narendra mijil anuduh, wadya punggawa kang caos.
55. Kinen nimbali gupuh, maring Patih Tambakbaya sampun, kerid marek ing ngabyantara narpati, winartan ing reh sadarum patih miyarsa anjomblong.
56. Katungka praptanipun, sang dityarsi ingancaran sampun, prapteng ngarsa winarah wartaning ratri, ngunguning tyas gantya matur, kayekten ingkang kalakon.
57. Wonten tandha kadulu, saking sesran kang manik Santanu, kawawasa waskitha ing reh sajati, katur tinupiksa sampun, ngungun tyas narendra tumon.
58. Dening manik Santanu, samarupa kembar warneng wangun, lan kalpikanira Dewi Sidhwati, tan ana siwah sarambut, padha kanthi pranaweng don.

VI. Kinanthi.

1. Bedane amung sumunu, senening praba dumeling, kalpikanira sang retna, sumirat sorot sisiring, sesraning Dyan Umbulsekar, kuciweng ujwala wingit.
2. Angandika sang aprabu, lah kaka resi sayekti, akarya ngungunging driya, dening kalpika puniki, sarupa kembar warnanya, lawan kaeksi duk enjing.
3. Pun Sidhawati ing wau, mintokaken ali-ali, sasampuning awa-warta, lalampahanireng ratri, mangkyu kularsa mariksa, sarana taken pribadi.
4. Uruting lampahanipun, kang dados moga rumiyin, awit saking duratmaka, inggih gandarwo Bahidhi, Sang Resi Kalasuwidha, mangayubagya sarya nglings.
5. Heh Bahidhi den amaju, arsa kaparikseng aji, Bahidhi marek mangarsa, wotsari konjem ing siti, angandika sri narendra, sajarwaa suntakoni.
6. Paran ta kamulanipun, sira suwiteng yaksaji, manawa kalebu warga, tunggal bangsanireng nguni, Bahidhi matur anembah, pukulun Kangjeng Dewaji.
7. Pejah gesang amba konjuk, sumanggeng karsa narpati, pun patik matur sajarwa, makaten ingkang pawarti, ditya raja Merupadma, ing Manimantaka nagri.
8. Golongan tebu sauyun, tunggil guru lan pun kaki, gandarwo Bibiro samya, siswaning Wabru sayekti, punika buyut kawula, kang nganakaken pun kaki.
9. Gandarwo Bibiro wau, sudarmeng Barikung yekti, inggih punika ramamba, makaten lamun winilis, raja Merupadma sasat, kadanging Bibiro nguni.
10. Merupadma asusunu, nama yaksendra Martiki, saksat kadanging ramamba, gandarwo Barikung nguni, ditya Martiki susuta, raja Parwata puniki.
11. Saksat kadang amba tuhu, parikramaning yaksaji, ing kawula

tembung kakang, aresep rumaket kadi, kadang tunggil yayah rena, tanpa subasita yekti.

12. Mila nalika ing dangu, saking Sabrang angajawi, anjujug wukir Parswasta, amung lawan garwa siwi, anggung anggelar kemayan, mayaning wisaya westhi.
13. Kathah lelembut anungkul, sor kamayanira sami, sumawita piniluta, kapangkat ingkang lilinggih, amba myarsa tiwikrama, mangsah mamasang kasaktin.
14. Kasoran temah anungkul, pajar pinajaran warti, amba kinulawisudha, mangka pramukaning dasih, wadya barat brakasakan, sadaya amba wengkoni.
15. Dupi ing antawis taun, yaksendra nandhang kekeling, dening putranira priya, ditya Parasu marsudi, amiminta jatukrama, Rara Temon kang wawangi.
16. Putri ing Pengging pambayun, anggung kasupeneng ratri, datan kenging pinambengan, wekasan amba tinuding, mara sandi anrang baya, kinen andhustha sang putri.
17. Sandika mesat aniyup, prapteng Pengging surup rawi, dupi wanci sirep janma, uninga wonten pawestri, taruntunan suluhan pandam, katinggal warnaniradi.
18. Saking panyana puniku, putri ing Pengging sayekti, kawula datan darana, anambut dhateng sang dewi, kabekta ngambareng wiyat, dupi andungkap meh prapti.
19. Wonten ingkang anunungku, raja Karawu tut wuri, puwara amba kataman, ing kamayan manaputi, temah kepon tyas katresnan, saniskareng angga tistis.
20. Sang putri kenging sinambut, dening gandarwo narpati, kabekta mesat saksana, amba tumutur katarik, saking guna käsentikan, aji ginung pangaskreti.
21. Tumameng kayanganipun, kapanggih lawan sang pekik, Dyan Umbulsari punika, ing antawis dangu sami, mesat prapteng purantara, amrenahaken sang putri.
22. Nunten mesat malih rawuh, ing giri Daksina panggih, lawan

sang dityarsi raja, wekasnipun dumugi, ing ngabyantara narendra, telas aturing Bahidhi.

23. Myarsa sukeng tyas sang prabu, gantya kang dinangu malih, sira sang gandarwo raja, umatur sajarwa jati, pukulun sri naranata, makaten ing wau ratri.
24. Amba nandhang tyas margiyuh, dening pamularing siwi, tan kendel kalela-lela, malah andaluya budi, dahat kaweken kawula, mijil sajawining panti.
25. Kapanggih lawan sang bagus, inggih Raden Umbulsari, saged tutulung angemban, linela-lela nulya ris, rinaras basa sreng-gara, sinawung kidung rerepi.
26. Kendel ing pamularipun, sutamba puwara guling, taksih wonten ing embanan, nunten kawula miyarsi, dyah karuna ing ngawiyat, sambatipun kawlas asih.
27. Amba mesat duk andulu, wonten gandarwendra juti, angemban wanodya endah, laju kawula tut wuri, tan samar lamun punika, yekti gandarwo Bahidhi.
28. Kawula taken tan antuk, praptaning Parswasta giri, sangsaya rumaos welas, miyarsa sambating tangis, anggung katuhon anetah, dhateng para wadyeng Pengging.
29. Sami kabesturon tuhu, dening tan wonten nututi, kawula sampun anyana, yen yekti putri ing Pengging, kabekteng gandarwo dhustha, amba sanalika runtik.
30. Dening katambeten tangguh, tan pantuk pataken mami, temah mamatak kamayan, amantra wickrama sang kali, tuman-duk ing duratmaka, rebah lir kataman tali.
31. Lawan anemahi bisu, uwal pembektaning putri, kawula sam-but saksana, masang aji pangaskreti, sarya mesat angambara, Bahidhi tansah tut wuri.
32. Katarik ing aji ginung, guna sakti pangaskreti, prapteng kah-yangan kawula, sang putri amba takeni, sajarwa jatining nama, lawan ingkang asiswi.

33. Kawula miyarsa ngungun, mangsuli sajarwa jati, lamun sang dewi punika, pulunan amba pribadi, atmajaning kadang wredha, kang anama Dyah Rawati.
34. Kagarweng sang ditya wiku, Kalasuwidha ing nguni, makaten kamulanira, kakang mbok Dewi Rawati, kenging upateng narendra, gandarwo raja Sampati.
35. Nemahi kasmala luyut, waluya dening dityarsi, kang mbok laju sumawita, pasrah karatoning peri, parahyangan wukir Oya, sumanggeng karsa sumiwi.
36. Katampen salajengipun, kagarwa ngantos sisiwi, mangsuli atur kawula, dupi Dewi Sidhwati, tetep yen pulunan amba, sanalika kang kaesthi.
37. Pinarengena puniku, saking karsaning dewadi, ing tembe lulus dhaupa, lawan Raden Umbulsari, dening amba kapotangan, kendeling rare anangis.
38. Wonten kang minangka pemut, tandha yektining pangesthi, warni kalpika sapasang, manik Santanu ing nguni, paparinging Hyang Baruna, ing rama raja Sampati.
39. Kadi musthikaning calung, kuwasanipun kinardi, mawas sal-wir solahbawa, angger taksih amarengi, saratri prapteng raina, dereng salin dalu malih.
40. Singa winawas kadulu, solahbawanipun sami, kalpika manik samana, kawula sungken supadi, kagema satunggal sewang, ing rahadyan putra putri.
41. Weling kawula ing dalu, marganing antuk kamuktin, katura ing sri narendra, dupi sampun samya tampi, kawula bekta umesat, prapteng pura gagat enjing.
42. Dewi Sidhwati sampun, kawula prenahken munggwing, panggenanipun priyangga, ambalaju lumastari, dhateng ing giri Daksina, panggih lan kakang dityarsi.
43. Dumugi salajengipun, marek ing ngabyantara ji, aturing gandarwo raja, telas miwiti mekasi, sukeng tyas narendra myarsa, angliring raka dityarsi.

44. Sarya ion andikanipun, punapa makaten yekti, kang raka matur sajarwa, inggih tan siwah samenir, pun Karawu aturira, duk kawula antuk rabi.
45. Prabu mesem sarya manggut, asmu suka reneng galih, ing tanduk tanggaping raka, wekasan Dyan Umbulsari, dinangu matur anembah, pukulun Kangjeng Dewaji.
46. Makaten kamulanipun, marmamba ansring angingkis, kesahan nis mung priyangga, anggung anggagat saratri, saking ru-dahing wardaya, dening ru'maos kawuri.
47. Wonten kadang amba sepuh, pawestri ingkang wawangi, Dyah Sendhangsari punika, warendah sarwa respati, sandeyaning tyas kawula, manawi sampun akrami.
48. Yekti punika anggayuh, karaton ing Samapuri, pangesthining tyas sageda, gumantyeng rama ing wuri, badan kawula kapiran, para puwareng kadadin.
49. Ing temahan amumuntuk kamantyaning tyas sayekti, tan ketang durgameng marga, wisata nis anderpati, patataraning parasdy, kaota lawan sasami.
50. Samukawis reh linuhung, antuka ingkang sajati, sampun kerong kasamaran, sampurnaning paramesti, makaten panges-thining tyas, sanityasa ngikis ratri.
51. Kalunta-lunta kalantur, tumutur tirahing wukir, kapanggih lawan gandarwa, raja Karawu marengi, angemban atmaja priya, kang amular tan suririh.
52. Katulung malah andarung, ingarih-arih tan ririh, mila amba kang sinambat, anglela-lela supadi, mendel panangising suta, kalampahan dados lilih.
53. Tumunten raja Karawu, miyarsa tangising estri, angglalayu ing ngawiyat, sanalika mesat aglis, wangslul angemban wanudya, kairing gandarwo juti.
54. Tumameng kahyanganipun, amba tumutur tut wuri, sang retna sampun sumalah, lenggah ing pramana rukmi, kawula sami satata, ing ngarsaning gandarwoji.

55. Tinakenan sangdyah ayu, wawarti sajarwa jati, nunten tata-nya ing amba, inggih sajarweng mawanti, gandarwo raja mi-yarsa, sukeng tyas nitya katawis.
56. Amba lawan sang retrnayu, sinungan kalpika sami, satunggal sewang punika, manik Santanu wawangi, kuwasanipun kinar-ya, mawas soahbaweng ratri.
57. Welinging raja Karawu, sesran kakalih prayogi, katur ing jeng padukendra, dados jalaran kamuktin, dupi rampung ing pi-rembag, kabekta umesat sami.
58. Ing gagat enjing maniyup, anjog salebetung puri, sangdyah ka-prenahken ing nggyan, gandarwendra mesat malih, prapta ing giri Daksina, panggih lawan ditya resi.
59. Salajengipun pukulun, marek ing ngarsendra mangkin, anga-turaken kalpika, yata Raden Umbulsari, telas ature wotsekar, prabu sukeng tyas miyarsi.
60. Wekasan ngandika arum, ingsun atatakon kaki, kadangira Nini Sendhang, yekti wus diwasa mangkin, apa ayu warna-nira, ingsun wruh duk maksih cilik.
61. Ala kau kidhung widhung, matur Raden Umbulsari, pukulun sri naranata, kakang embok Sendhangsari, mangkyu pamori-pun pecah, cemengipun dados manis.
62. Kau kidhunganipun mantun, dados luwes merak ati, angandi-ka sri narendra, yen mangkono iku becik, sunpundhut mantu priyangga, ing samengko kakang patih.
63. Mataha wadya kang patut, amundhut si Sendhangsari, kyana patih awotsekar, ngandika malih sang aji, lah kulup kalingane-ya, sira sandeya ing wuri.
64. Nanging sajatine kulup, waris iku kang awajib, iya amung putra priya, dene tak anak pawestri, waris wenang aranira, andheku Dyan Umbulsari.
65. Asrep ing tyas mari giyuh, saengga taru lata nglil, kawarsan ing labuh kapat, malih andikanira ji, kakang maha resi ditya, prayoginipun samangkin.

66. Pun Bahidhi dimen mantuk, wontena ingkang wawarti, ring yaksendra kang anduta, dados tanpa walang ati, dityarsi Kalasuwidha, mangayubagyeng karsa ji.
67. Bahidhi kalilan mantuk, wotsari mesat tumuli, nanging tan arsa wangsula, maring ing Parswasta giri, sandeyaning kang wardaya, manawa antuk ruruntik.
68. Dadya sumedya anglangut, tanbuhan paranireng kapti, prap-taning wana Kandhaka, maniyup sampun kapanggih, gandar-wo raja Bahlika, aneng sor pucung alinggih.

VII. Pucung

1. Iya iku kapernah martuwanipun, sang Bahidhi dadya, kaipe ring Wrahaspati, gandarwendra tanah ing wana Kandhaka.
2. Nanging sepuh sang Bahidhi prenahipun, nalika samana, Bahlika uningeng wadi, lamun mantunira nandhang wancak driya.
3. Marma laju tinajug kewala iku, Bahidhi sajarwa, sri Bahlika muwus malih, angantia mbesuk sira kaupaya.
4. Ing ratumu nora dadi runtikipun, malah kapiluta, pinasrahan barang gusthi, agal lembut sira ingkang kapracaya.
5. Barang rembug tan tilar ing sira kulup, mituhu ing warah, sira gandarwo Bahidhi, dadya kendel nganti ing wana Kandhaka.
6. Kalihipun tansah sami ulah rembug, rimbaging weweran, winarah salwir kajatin, wus mangkana datan kawarna rehira.
7. Mangkya wangsul malih wau sang aprabu, dereng aluwaran, ditya resi matur aris, pun Bahidhi rumaos wirang mantuka.
8. Milanipun kalajeng kesah anglangut, nanging tan alama, pun Bahidhi kumpul malih, lan ratune malah dahat piniluta.
9. Yen anglurug pinasrahan barang rembug, marma ing samangkya, kedah prayitna sayekti, tan awande andon yuda lan yaksendra.

10. Sang aprabu miyarsa dahat angungun, kya patih samadya, kinen samya yitneng westhi, samaptaa satataning andon yuda.
11. Sang Karawu dhinawuhan sabayantu, umatur sandika, sampun sandeya ing galih, dhasar sedya labuh prang sabayantaka.
12. Luwar sampun sowang-sowang anakipun, samya kaubayan, wangsuł ing purnamasidhi, ironing mangsa Wisaka karsa narrendra.
13. Amamangun wiwahan atmaja jalu, Radyan Citrasena, antuk Dewi Sendhangsari, sinarengken Dewi Sidhwati mangkyा.
14. Lulus dhaup lawan Raden Umbulsantun, samya ngestrenana, panggihing putra lan putri, dimen dadya widada sidyeng parasdyā.
15. Yata wau kya patih sampun anuduh, Arya Wanabaya, angemban timbalan aji, maring Samapura kinen angirida.
16. Sowanipun sira Dewakatong prabu, saha garwa putra, tinimbalan maring Pengging, enjing pangkat sore prapteng Samapura.
17. Wus kapangguh lawan Dewakatong prabu, sampun dhinawuhan, karsanira sri upati, katanggapan ing antara dina pangkat.
18. Tan akantun garwa putra samya tumut, wadya sawatara, prapteng Pengging Dwarawati, wus anjujug pakuwonira priyangga.
19. Enjang katur ing jengira sang aprabu, sampun jinatenan, ing karsa dhauping siwi, matur dahat mangayubagya sumangga.
20. Gancangipun ing kandha andungkap sampun, purnameng Wisaka, praptanira sang dityarsi, sareng lawan Karawu gandarwo raja.
21. Tan winuwus pangupakareng praja gung, ironing pamiwahan, dhauping panganten kalih, atmajendra Radyan Arya Citrasena.

22. Mangkyu antuk Dewi Sendhangsari iku, Raden Umbulsekar, dhaup lan Dyah Sidhwati, sareng samya binayang karya samana.
23. Sang aprabu andhatengken sukeng kalbu, balabur baksana, sarwa maneka menuhi, saha wadya tan ana sangsayanira.
24. Sampat sampun sapasar samya kaundhuh, ring prabu Kanoman, enjang katampen ing patih, binawahan saengga duk panggihira.
25. Praptanipun ing pendhak ari puniku, akikirap marang, pakuwon ing Samapuri, winiwhaha pamurweng raras kawuryan.
26. Duk puniku gandarwo raja Karawu, anggung amumulang, maring pangantyan kakalih, salwiring kang guna sekti kasantikan.
27. Sampun putus tatas sandining pangawruh, wiwareng kawiran, tan kewran rehing piranti, sasat sami tumameng alam limunan.
28. Mangkana wus ing antara dutya wiku, lan gandarwo raja, samya marek ing ngarsa ji, pamit mantuk ananging dereng kaililan.
29. Karsa prabu kinen angantia iku, patang puluh dina, banguning panganten malih, sakaliyan ature datan lenggha.
30. Nahan urut ing reh mangkyu kang winuwus, ing wukir Parswasta, yaksendra Parwata maksih, tansah denya kaudi de ning atmaja.
31. Sang Parasu ngesuk tan kena sinayut, ing pamintanira, kai denana supadi, widadaa arsa tumindak priyangga.
32. Awit sampun tita ing pangantinipun, meh antara mangsa, sira gandarwo Bahidhi, durung prapta ing wekasan tanpa warta.
33. Duk angrungu sira sang raksasa prabu, aturing atmaja, sana lika katatangi, ruditeng tyas wirodha datan darana.
34. Anunutuh tiwase sariranipun, anuduh gandarwa, wusana nora nguwisi, angas bae ambaekake wicara.

35. Marma laju animbali sang Brakuthu, banaspati raja, dhin iwuhan maring Pengging, sarta mawa srat panglamar pari-peksa.
36. Yen saarju sayekti lulus rahayu, manawa tinulak, kalilan amasesani, sang Brakuthu wotsari matur sandika.
37. Tan adangu ing panitranira rampung, kang gurit kanaka, sastra sudibya dimurti, martokara ing wekasan paripeksa.
38. Mulung sampun tinanggapan seratipun, wineling wisikan, wotsari mesat tumuli, kairingken marang wadya brekasakan.
39. Lampahipun margeng soiring bumi anrus, mangidul kewala, ngancas mangilen sakedhik, samantara prapta nuju pasewakan.
40. Sang aprabu miyos siniweng wadya gung, kabeh samya kagyat, dening kampiteng pratiwi, sarta ana kukus kumelun limengan.
41. Limutipun, lir pepedhut angendhanu, dupi ing antara, kawista-
ra ana keksi, brakasakan saking bumi wijilira.
42. Sareng anglur maneka warna lumintu, Kalarupa Rudra, Dru-wakendra banaspati, tan pantara tarap aneng ngarsa nata.
43. Ana wujud gembung tanpa bau suku, kang suku kewala, tanpa murda tanpa rai, ana bau tanpa suku tanpa muka.
44. Weneh balung tanpa kulit daging iku, ana rupa endhas, ga-lundhungan tanpa sikil, tanggeh lamun winarna kang salah rupa.
45. Samya timbul aneng ngarsa marikelu, prabu saha wadya, ngungun denira ningali, ana ingkang esmu giris kamigilan.
46. Sang aprabu alon denira andangu, heh sireku apa, dene teka memedeni, saka ngendi pinangkamu angakua.
47. Lan sedyamu apa prapteng kene iku, sang Brakuthu nembah, anuwila matur metsih, dhuh pukulun pun patik tadhah du-duka.
48. Dene purun nempuh byat saruning siku, prapta tanpa sang-kan, miwah cacala rumiyin, saking awratipun dinuteng na-rendra.

49. Sang aprabu malih angandika arum, lah dinuta apa, ing ratu-nira sayekti, sun lilani sajarwa jatining sedya.
50. Sang Brakuthu met surat wotsari matur, pukulun kawula, nyaosaken pangabekti, saking rayi paduka raja Parwata.
51. Kang ngadhaton ing Parswasta wiyosipun, kawula dinuta, angaturaken kinteki, kirangan neng ukara nuwun aksama.
52. Sang aprabu mesem ananggapi sampun, nalika binuka, kacaryan dera ningali, kang aksara kancana tulisan cahya.
53. Sastra bagus mawa ganda marbuk arum, bubuka mangkana, hong Siwa wisesa jati, maha mayu ri mahayun mananggapa.
54. Tegesipun dhuh hyang wisesa satuhu, kuwasa sung arja, dhateng kang arsa nampeni, lajengipun pinet jarwanya kewala.
55. Serat atur pangabekti wantu-wantu, ari sang raksasa, raja Parwata wawangi, kang dumunung wonten ing giri Parswasta.
56. Mugi lulus katura ing raka prabu, Sri Ajipamasa, prajeng Pengging Dwarawati, kang wibawa ambawani ing buwana.
57. Amamayu kawiryan wahyaning wahyu, yayah Hyang Surendra, paramartotameng dadi, widagda ring danurdhara dano-paya.
58. Kang sinungku pangastaweng darmakestu, mirut sesining rat, tanpa linawan ing jurit, srah jiwangga amumuji dirga yuswa.
59. Ing sasampuning punika wiyosipun, kula atur wikan, ing paduka kaka aji, pulunanta kang mangka prabu taruna.
60. Ajujuluk inggih sang ditya Parasu, kataman wiyoga, kasmaran sumpeneng ratri, keksi asta lungiyan lawan wanudya.
61. Suwarna yu Rara Temon namanipun, kawarti punika, putra paduka pangarsi, ingkang dadya woding tyas dinama-dama.
62. Mangkyu lamun kaparenga kaka prabu, putranta pangarsa, pun Rara Temon prayogi, dimen dados usadaning larasmara.
63. Dhaupipun lawan pun ditya Parasu, tumunten sageda, kalam-pahan miwahani, sapintena sukaning tyas sanityasa.
64. Dene lamun wonten papacanganipun, mugi kawandekna, yen

- sampun apalakrami, den pegatna paduka mundhut punapa.
- 65. Yekti wujud sami sanalika katur, makaten punika, yen saharju ing panggalih, inggih lulus ing karaton padukendra.
 - 66. Yen tan ayun anuruti ing panuwun, kula erang-erang, sayekti tumameng westhi, tuwas tiwas ing wekasan kasangsara.
 - 67. Den aemut rengenta heh kaka prabu, prabaweng arinta, tri-loka tanpa sisiring, sor suraning Hyang Sasadhara Kawekas.
 - 68. Titi sampun sinimpen soteng tyas prabu, mesem angandika, sapa aranmu sayekti, sang Brakuthu umatur sajarweng nama.
 - 69. Duk rumuhun tedhak ditya Rambuculung, turasing Jantaka, angandika sri bupati, yen mangkana kalebu trahing utama.
 - 70. Heh Brakuthu rehning sira kang lumaku, ingsun apitaya, ing santa setyanta yekti, nora susah mangsuli nuwala patra.
 - 71. Iya muhung wekasingsun kang satuhu, kamot aneng sira, ujer wus amisesani, dutotama widagda karya sambada.
 - 72. Wruhanamu ing karsane yayi prabu, salah susurupan, sajatine kang wawangi, Rara Temon iku anak mantuningwang.
 - 73. Kang susunu sang Sidhiwacana wiku, tembung liru patra, dhaupe lan putramami, sih-sinihan yayah mimi lan mintuna.
 - 74. Duk angrungu sang banaspati Barkuthu, ngungun esmu merang, kewran denya mrih malat sih, sanalika salin ciptanireng wuntat.

VIII. Pangkur

- 1. Rong prakara kang den arah, arsa masang pangreh upaya sandi, kapindho pangesthinipun, bisa alaku dhustha, met sang putri kang tan kawistareng tanduk, samana pamit kali-lan, wotsari mesat tumuli.
- 2. Sareng lan sarowangira, sagung kalar upa kabeh tan keksi, wus mangkana sang aprabu, maksih siniweng wadya, rembag arsa ngadani pancaka meru, unggyan pambesmining sawa, aneng ampeyaning wukir.

3. Kyana Patih Tambakbaya, dhinawuhan angupaya piranti, sela mancawarnanipun, maring liyan nagara, nembah matur sandika luwaran sampun, wau ta kang kawuwusa, sang Brakuthu banaspati.
4. Ratri masang kala tidha, malih warna talaga binot rawi, toyawening amrik arum, munggwing madyeng udyana, rikitira kadi sendhang Endramayu, ing Suralaya kang kadya, padusuning widadari.
5. Samana kapasangyogya, sang penganten kalih samya nengwuri, amarengi wayah bangun, meh tumuruning sata, Dewi Sidhwati lan Dyah Sendhangsantrun, sasarengan wungunendra, lir katarik ing piranti.
6. Kapeksa samyarsa kawrat, awawratan karo kadi makangsi, kasangsaya kususng-kususng, muhung kering parekan, sawatara samantara praptanipun, kang prelu wus kaleksanan, kalih pareng asusuci.
7. Samana sami tumingal, samadyaning udyana ana beji, binot rawi ring rarasrum, sarwendah dining kanang, langen-langen sarwasri anyar kadulu, tirta sawitra suganda, kacaryan tyasira kalih.
8. Adreng samyarsa sirama, lukar ingkang busana wus asalin, patelesan wastra luhung, sakaliyan tumerah, ironing tirta kang suganda marbuk arum, suka-suka ciciblonan, datan antara kang prapti.
9. Sang Resi Kalasuwidha, myang gandarwo raja Karawu sami, tumamang tamanan namun, denya saratri dahat, tan sakeca tyasira rumasa kelu, kalebon karti sampeka, pasanging upaya sandi.
10. Nanging datan kasamaran, kang pangarahan rinuruh ing reh ririh, saksana sri ditya wiku, mancala warna cahya, anglimputi botrawi kemput kasaput, sang gandarwo raja dadya, matuta ris mawa riris.
11. Maniyup wor toyawendhang, sru mangombak bangkat wekasan bangkit, manawung dyah kalihipun, tinanggapan ing

cahya, kaprenahken malih maring jro kadhatun, kang cahya wangsul sakala, warna dahana mawardhi.

12. Manjing tirta dadya wedang, sang Brakuthu kewran ing tyas denyamrih, met silib solah silurup, puwara mesu cipta, temah oncat datan kalayatan luyut, jro pureng Parswasta giri.
13. Marek ing raja Parwata, matur ing reh miwiti amekasi, yak-sendra miyarsa ngungun, tan wrin daya ngenaka, amres budi sanalika wus kapangguh, Brakuthu winisik tanggap, nembah mesat ing wiyati.
14. Datan ing reh samantara, kawuwusa dityarsi gandarwoji, en-jang marek ing sang prabu, sami atur uninga, kang kalakon sasolahira duk wau, ing purwa madya wusana, narendra ngungun miyarsi.
15. Yata nalikeng antara, mangkyia prapta Brakuthu mindha warni, sang Sidhiwacana wiku, matur arsa kapanggya, marang suta denya dahat onengipun, dityarsi gandarwa raja, datan kasamaran sami.
16. Marma matur wiwisikan, prabu mangu mangunengan nayadi, mangkana sang ditya wiku, wikan wadining cipta, lengser sa-king ngarsa lawan sang Karawu, sareng samya mindha warna, wanudyayu amimirib.
17. Maharsi Kalasuwidha, mindha Dewi Sriati kang suwarni, gan-darwa raja Karawu, dadya pawonganira, mijil saking pura sumiwakeng ngayun, narendra sampun waskitha, katanggapan wuwus manis.
18. Nini angstua pada, maring ramanira besan maharsi, awit dahat onengipun, sang mindhawarna nembah, marepeki pasi-laning kang anamun, sang Brakuthu tan darana, dyah karo rinenggep sami.
19. Siga mesat angambara, prabu mulat mangu mar kang tyas tis, sanityasa mumudayau, puwaranireng paran, samantara katungka praptaning wiku, sang Ajar Sidhiwacana, kang sa-tuhu saking wukir.

20. Narendra miyat sandeya, mursiteng tyas pinarsudi ing budi, kawengan wekasanipun, sinambrameng pambagya, matur dahat kalingga murda sinuhun, sasambening pangandika, prabu nambong tatanya ris.
21. Kalairaning kang putra, ajar matur mijil Anggara Kasih, narendra suka gumuyu, Ajar Sidhiwacana, matur paran dados daruneng pandangu, dening nguni sampun wikan, wedalaning Dyah Sriati.
22. Jinarwan salwiring warta, ajar dahat pengunguning tyas kadi, kadadak wirodanipun, peksarsa sumusula, mamanuki kang warna pindha dyah ayu, lamun kelon ing pangulah, sage da ngawat-awati.
23. Nanging datan kasembadan, dening karsa nata mung nganti-anti, antaraning asor unggul, ajar kendel samana, tan kawarna sumiwining ngarsa prabu, salaminya aneng praja, datan kukurangan yekti.
24. Wau ta kang kawuwusa, lampahira sang Brakuthu wus prapti, jro pureng Parswasta meru, dyah pindha karo samya, kaprenahken ing prasada tilam santun, Brakuthu laju kapanggya, lan sri Parwata yaksaji.
25. Matur ing sasolahira, purwa madya tekeng wusana mangkin, raksasendra suka sukur, putra tinuduh tanggap, nembah mesat tumameng jro tilam santun, samana kang mindha warna, wus purna waluya jati.
26. Ditya Parasu tumingal, katambuhan tyas tanpa sanggarunggi, yen iku upayeng ripu, kinira kang rumeksa, marma dahat rumengkuh patakonipun, heh bapa ing ngendi baya, unggyning putri kang prapti.
27. Dityarsi wuwus nirbaya, lah mengko ta ingsun tatanya dhihin, buta apa sira iku, yaksendra putra mojar, paran ta heh tekardawalepa mumuk, mamak buta kariwutan, tan wruh weweraning warni.
28. Yen ingsun Parwatatmaja, kasubageng tri loka tan sisiring, panengran ditya Parasu, baya sira raksasa, maksih anyar lagi

mengko suwitamu, danawarsi wuwusira, embuh kang tan wrin ing warni.

29. Kalinganea heh ditya, sira ingkang meksa misesa putri, pedhep temen tinemu, tanbuhan angga priyangga, tolehenta griwamu luput amput, pepet samaptaning cipta, tanpa watara sayekti.
30. Wruhanta heh ditya dhustha, unggyaning sang putri aneng tyas mami, ujare sawuwusingsun, molah saolahingwang, sang Parasu wruh sandining pasang semu, yen iku karti sampeka, panjoring wisaya westhi.
31. Madeg sudireng wardaya, triwikrama mangsah nir wikara mrih rumempaka pranging ripu, maharsi ditya panggah, paguting prang pareng dumuk angun-angun, samya ngadu kasantikan, tan ana kuciweng jurit.
32. Yata danguning antara, sang dityarsi kewran denya mrih silib, karepotan tandangipun, sigra gandarwo raja, atutulung naging tan polih makiwul, kawal-kawal kasulayah, wekasan mesat angisis.
33. Samantara wiku ditya, matak mantra wikrama mesu budi, dumadi dahana murub, marab-marab rumurah, maring ripu Parwatasuta Parasu, kabasmaran sanalika, geseng kuwanda tan keksi.
34. Sang Brakuthu duk tumingal, yen yaksendraputra sirna kabesmi, dening pangupayeng mungsuh, matur ing sri Parwata, dupi myarsa madeg triwikrameng pupuh, mangsah sudhira darana, tan sedya mundur ing jurit.

IX. Durma

1. Gagat bangun wirodeng tyas duk tumingal, ring dahana mawerdi, sang raksasa raja, matak usara mantra, prapta kang mbun angebeki, anggraning arga, sumamar awor riris.
2. Parandene tan sirep punang dahana, malah saya andadi, arsa ngalad-alad, sang Brakuthu samana, kasalad ulading agni, tilar suminglar, silurup pan met silib.

3. Sang yaksendra kederan dening dahana, tan kewran nanging wiwrin, sigra murweng angga, angeningaken cipta, mardi ing karsa pribadi, saksana dadya, dahana wisma sandi.
4. Murub abra markata angkara-kara, pareng pagut samyagni, mawor tan katengtran, mung kawistareng praba, kang rumuhun sirat kuning, dahana wiswa, mrangangah ujwala brit.
5. Danguning antara tan ana kasoran, seser-seseran sami, sumirat baswara, waringuten sakala, raksasaraja mawerdi, ardaning wisma, wusana mangenani.
6. Sang dityarsi kabasmaran tanpa sesa, mung kapyarseng wi-yati, sasantining dewa, mardawastuti samya, manawurken warsa sari, sisirat sarwa, ganda wida wawangi.
7. Pareng swara senggani gora gurnita, gumuntur graning ardi, geter pater dahat, prakampiteng bantala, tedhuh dhedhet era-wati, tandha pandhita, sudira brata sekti.
8. Wus mangkana sang yaksaraja waluya, purna warna sajati, asru wuwusira, lah padha yen padhaa, untap-untapan sathi-thik, ya pirabara, bisa timbang lan mami.
9. Mau ingsun rada sandea manawa, kanggonan cundhamani, pamunah durteng rat, yekti ingsun kang tiwas, kabasmaran dening agni, dadyawu sirna, sinrang ing erawati.
10. Rahayune lung kangkung kulub katela, saksat uwi gembili, padhane lan ingwang, wuwusing sang yaksendra, kapiyar-seng prameswari, dadya rudita, ning tyas Dewi Parwati.
11. Muwus sarya ngetab angesah karuna, dhuh prabu paran marmi, teka apepeka, tanpa mawi weweke, kataragal ing wa-wadi, medhar kekeran, jalarane ngemasi.
12. Kalimput ing ujar susumbar sudira, lali jroning ngajurit, tan pinikir ing tyas, manawa kapiyarsa, ing mungsuh amara sandi, pan nalikeng prang, temah aniniwasi.
13. Mangka kasub ing ngalaya wartanira, lamun sang nateng Peng-ging, iku kang kangginan, cundhamani dumadya, pangleburan kala juti, lah paran teka, sembrana kurang titi.

14. Si Parasu sirna dadya wusa mangkya, tumiba aneng ngendi, teka tan rinasa, dupeh maksih sarosa, wuwusira Dyah Purwati, anggung kagagas, tebah jaja saryanjrit.
15. Sang yaksendra mangkya enget sanalika, analangsa ing ati, kamiduhung dahat, dadya mres budi daya, ana wil mijil sawiji, aran sang Drestha, ingkang arsa tinuding.
16. Kinen maring Pengging dadya duratmaka, ameta cundhamani, alon aturira, sang wil Drestha mangkana, pukulun sri narapatni, mboten katenta, lenggana ing panuding.
17. Kang saestu kawula saged punapa, mindhak anguciwani, yen sambadeng karsa, leheng animbalana, ri sang gandarwo Bahidhi, kawarti mangkya, sisingidan amregil.
18. Manggen wonten madyaning wana Kandhaka, nunggil sang Wrahaspati, lawan sang Bahlika, sami gandarwa raja, kasub subidya dimurti, kados punika, saged mungkasi kardi.
19. Kapanujon ing tyas sang raksasaraja, wil Drestha kinen nuli, mangkata priyangga, maring wana Kandhaka, animbal sang Bahidhi, lan gandarwendra, Bahlika Wrahaspati.
20. Nembah mesat saking ngarsa angambara, prapteng Kandhaka manjing, puraning Bahlika, panggih katri samana, winarah yen amarengi, sami sinengan, maring Parswasta giri.
21. Pinet sraya dening sang yaksa narendra, sarta tinari-tari, barang reh sumarah, yata raja Bahlika, myang Bahidhi Wrahaspati, samapta mangkat, prapteng Parswasta giri.
22. Panggih lawan sang dityaraja Parwata, sami sinukeng kapti, sarta pinasrahan, pangreh sesining praja, nulya winarah sajati, kang dadya karsa, andhustha cundhamani.
23. Sang gandarwa raja Bahlika samana, tan pisan nayogyani, karenten punika, raksasaning jawata, mangsa wontena kang bangkit, yen andhusthaa, mindhak amanggih westhi.
24. Yen sambada leheng masanga kamayan, anandukken panyakit, ing sasaminira, kang akarya rekasa, yen tan katumbalan dening, sela muksala, ing Cakrawala wukir.

25. Kinumaken ing jro saniskareng tirta, makaten kang sayekti, panaweng kamayan, wasitaning Hyang Rudra, yaksendra tan nayogyani, pikir mangkana, rinasa tanpa kardi.
26. Yen sambada luhung mancalaa warna, mimindhya dewa sami, ngakua dinuta, dening Hyang Suranata, anyilih kang cundha-mani, mungguhing karya, mangsa kurang sengadi.
27. Katri tanggap mesat saking ngabyantara, sri Karawu winarni, sadanguning aprang, dityarsi lan yaksendra, gandarwa raja met silib, salah siluman, tan koningeng supadi.
28. Angawaskeni rehing prang tan kasamaran, kongsi sor sang dit-yarsi, maksih masiluman, dadya mangke waspada, sawadining sarwa sandi, wusana mesat, adhihini dhustha tri.
29. Prapteng Pengging matur salwiring pawarta, kampiteng tyas narpati, dupi amiyarsa, sirnaning resi ditya, mangu mangunungan kadi, basanta manda, katawengan ima dri.
30. Dangu tanpa ngandika esmu kasrepan, tyas sanutyasa tistis, gandarwa wus wikan, marek matur wisikan, kang arsa denlaksanani, yen dhustha prpta, sami mancala warni.
31. Pinasangan gelar walikan paningal, bingung datanpa budi, prabu kasembadan, nulya gandarwa raja, mesu wekasing pa-ngesth, marang Parwata, taruna wadeng dadi.

X. Sinom

1. Ngarsa kusuma sumirat, sarasaning minangkrety, duratmaka tri kataman, temahan salin pangaksi, wau mangidul sami, mangka lampahira wangsl, mangaler katri pisan, sanalika tanpa budi, pangrasane maksih angidul kewala.
2. Data tita samantara, sri Karawu mesat prapti, nggraning wukir Cakrawala, met sela muksala nuli, wangsl marang ngarsa ji, antuk-antukira katur, matur yen kaparenga, sagunging patirtan sami, kinumana ring sela-sela sadaya.

3. Pakantukipun minangka, paliyasaning durkarti, panaweng para kamayan, sirep uwuk tanpa dadi, prabu nambadeng kapti, sagunging patirtan sampun, cinemplungan warata, kongsi tekeng kitha lami, wus mangkana Dyah Sidhawati wi-nartan.
4. Ing tiwase ramanira, kasoran prabawa sakti, dening yaksendra Parwata, samana Dyah Sidhawati, martrenyuh ring tyas tistis, katatangi tangising kung, kongas sasmitung tikbra, yayah tumutura lalis, priya tansah angingimur manuhara.
5. Marsepuh myang awawarah, kinen anarimeng batin, mupusa pasthening titah, pandoning suksma sayekti, ramanta wus utami, sampurna pamuksanipun, marga ngadu prabawa, awe-nang madyaning jurit, jati murti daluya lingga bathara.
6. Dewi Sidhawati mangkyा, wus lipur maring prihatin, karya panutur dudupa, ganda wida sari-sari, sumirat pulanggeni, saenggon-enggon kumelun, samantara kawuryan, yayah angayuh wiyatı, kang suprabā mangka tandha katarima.
7. Wau ta kang kawuwusa, lampahing duratmaka tri, praptaning wukir Parswasta, aniyup mangandhap sami, sampun mancala warni, raja Bahlika puniku, mindha Sanghyang Naraddha, Bahidhi myang Wrehaspati, mindha Sanghyang Kandhuru lanwan Kuwera.
8. Pangrasane katri pisan, mangkyा wus prapta ing Pengging, marma tumameng jro pura, nuju sang raksasa pati, lengkah amung pribadi, mangkana pandulunipun, kang samya mindha dewa, maring yaksendra kaeksi, nateng Pengging Bathara Ajipamasa.
9. Dadya pareng bawaswara, manadukara sasanti, kagyat sang raksasa raja, dutane gandarwa prapti, samya salah pangaksi, sampun anduga ing kalbu, yen duta katri pisan, kataman upaya sandi, pananduking kamayan karti sampeka.
10. Saksana murweng pranawa, musthi wekasing pangesthi, gandarwa tri wus waluya, menget tyas karuna sami, bramantya sang yaksaji, yayah manggala gul-agul, gumilang gora godha,

gatgada smu memesumi, sumung-sumung meksarsa marawaseng rat.

11. Muwus wengis winga-winga, heh kalingane ya iki, rupane kang ngaku guna, sudibya prawira sekti, dene teka anguris, marasan tyas tanpa urus, leres aris-arisan, karasa apa ing jurit, jarot larut mirut durung karahatan.
12. Jer rupane padha kiwa, dudu ditya dudu janmi, dudu manuk sato wana, baya bangsaning suker jis, parandene dadya ji, tyas wijah jujul tan jebul, jugul kurang gagala, wikana mangkene sami, nora sotah met saraya nir kaskaya.
13. Duk lagya kendel samana, dukanira sang yaksaji, gandarwa raja Bahlika, mesat muksa tanpa pamit, Bahidhi Wrehaspati, tumutur anamun-namun, mantuk marang Kandhaka, mangkana Dewi Parwati, marek sarya ngrarapu dukaning priya.
14. Dhuh prabu sampun kadawan, duduka dede wadya ji, aran mung amet saraya, tan antuk karya sayekti, sami kalilan mulih, makaten ing leresipun, pinten banggi punika, kinetog pikkire malih, piniluta mrih malad sudireng driya.
15. Sampun pijer dinukanan, kacara wadya pribadi, sayektinipun punika, sami angemu sakserik, katawis tanpa pamit, ing wau pamuksanipun, mangke puwara paran, kang mangka sarana yekti mung mumuntu saroseng tekad priyangga.
16. Anglengger tanpa ngandika, sang raksasaraja mangkin, martrenyuuh sotaning kang tyas, ambekuh muksa tan keksi, gadga Sangdyah Parwati, wil Drestha gupuh tinuduh, kinen mama-nukana, paran dadining pambudi, nembah mesat limunan aneng gagana.
17. Sang dityaraja kawuryan, dadya dahana mawerdi, mulad-mulad anganganlad, mor ing pancawara tarik, angkara-kara keksi, yayah Sanghyang Kalamretyu, karsa anglebur jagad, kang agni wiswa andadi, marab-marab ing ngawiyat kae-bekan.

18. Bur buwah syuh kabasmaran, singa pinarag ing agni, tumpes tapis tanpa sesa, sesining wana sirmanting, myang padedesan sami, samantara rug dadyawu, wangke wor lan witwitan, tanpa kukupan sayekti, keh maesa bayangan tiba jujurang.
19. Nahan barusahing desa, wana lawan wukir-wukir, narendra Ajipamasa, kagyat anon wong angili, maring jro praja sami, nandhang watgata sadarum, amepak para wadya, sang gandarworaja prapti, angaturken karuksaning saniskara.
20. Triwikramaning yaksendra, paksa marwaseng dumadi, dadakan dadya dahana, wisarda mandya mawerdi, yen mboten dentulaki, agem paduka cucundhuk, cundhamani punika yekti kalampahan mangkin, sirna gempang dados awu sanagara.
21. Gadgada sri naranata, amusthi kang cundhamani, sinidhikara sakala, mijil martyu Siwandagni, sor panasing yamani, datan na wisma kalimput, rep sirep tanpa tilas, raja Karawu udani, alon matur sampun samanten kewala.
22. Tumunten dipun laruta, wikramaning cundhamani, kang wiswagni sampun sirna, lamun kalajenga yekti, anyalad Suranadi, tan wande manggih sisiku, kadukan ing jawata, sri narendra anuruti, cundhamani waluya jatining retna.
23. Wus mangkana karsa nata, sagunging wong nandhang kanin, labet kataman dahana, kausadan mulya sami, kinen tetep papanti, kalilan sasenengipun, sinungan bandha beya, karya tataruban malih, kabeh dahat anunuhan suka rena.
24. Mangkyu sang-gandarworaja, dinangu mring sri bupati, heh kakang Karawu paran, sasirnaning mungsuh iki, gandarwendra wotsari, ing wuri pan taksih agung, marma yen asambada, amba lumampah tinuding, dhateng Krendhawahana minta saraya.
25. Supados sampun kuciwa, praptaning mengsah dityaji, tandhinga sami raksasa, paduka amung ningali, den sasambia mawi, totohan sapantesipun, lawan para punggawa, pundi kang dipun tumuti, angger mboten kikirangan tyas wiweka.

26. Prabu manggut kaparengan, mesat sang gandarwo pati, praptaning Krendhawahana, matur suraseng tinuding, Dewi Kalayuwati, pangandikanira arum, heh sang Sampatisuta, kabesturon sun arani, kaki prabu katungkul ulah kawiryan.
27. Wus pirang taun kewala, jumenenge aneng Pengging, durung tau tatawuran, wadalan kebo sawiji, marang ing Gandamayit, mangkya eling minta tulung, ri sang gandarwo raja, kang tyas sanityasa tistis, sumungkem ing kisma nuwun pangaksama.
28. Dewi Yuwati samana, lumuntur wilaseng galih, ngandika mangayubagya, mbenjang yen wus ana warti, praptaning mungsu yekti, ingsun tulungi babantu, wil Rudra kalarupa, kang kasub sudibya sekti, tan kuciwa tandhing prang padha raksasa.
29. Ing mengko iki sayogya, milutaa ditya cilik, kang padha amakarangan, aneng wana wukir-wukir, pinilihan kang becik, pantes mangka gul-agul, manggaleng gala-gala, jinunjung dadya wadyaji, lowung-lowung kinarya kiwul kakawal.
30. Raja Karawu wotsekar, mesat sanalika prapti, ing Pengging tumameng pura, marek ing ngabyantara ji, matur saliring warti, kampita menget tyas prabu, nimbali kyana patya, kinen saosa tumuli, kebo lawung saitung panjenengan.
31. Lan dupa menyane pisan, badhe tawuran sajati, marang ing Krendhawahana, sarta dhinawuhan malih, kinen aninimbali, sagunging ditya lit agung, kang samya makarangan, saurute ana wukir, kyana patih sandika wotsari medal.
32. Enjang katur kang maesa, dupa menyan amiranti, pinatah kang lumaksana, dadya tuwaburu sami, samapta pangkat enjing, wangslura sampun esuk, matur wus katarima, sukeng tyas sri narapati, samantara praptaning kang para ditya.
33. Sami kinula wisudha, sapangkat-pangkating linggih, matur kang mangka pramuka, sang Gowindra sang Saodi, sang Baddrdhana tuwin, sang Nandana kapatipun, samya darbe sorosoran, anglima sowang kinardi, lulurahe wadya raksasa arahan.

34. Sor-soraning sang Gowindra, aran ditya Pitasrenggi, sang Ni satha sang Hulmuka, sang Rudraksa sang Wilbodhi, sor-soraning Saodi, aran sang ditya Santanu, kabeh samya prawira, sang Waraba singakreti, sor-soraning Baraddhana ran Sakarna.
35. Lan sang Prastha sang Kukustha, sang Kuskara sang Keswari, sor-soraning sang Nandana, sang Garwita kang wawangi, sang Derandana malih, sang Nindya Nuwinda Benu, kabeh samya sinungan, busana samapta sami, suka sukur saking datan kukturangan.
36. Kaugung saguning ditya, tinekan sakapti-kapti, marmane samya rumasa, antuk lebda jiwa yekti, tan kewran anrang westhi, nahan gantya kang winuwus, wil Drestha wus was-kitha, barang reh sarwa udani, adan mesat anduduk prapteng Parswasta.

XI. Megatruh

1. Siga sang wil Drestha manjing pura sampun, matur solahing tinuding, wiwitan wekasan rampung, duk miyarsa Dyah Parwati, martrenyuh tyas kantakeng nggon.
2. Emban diyu kampita nungkemi suku, Balwiki lawan Mardhi, karo karuna samya nglud, angles tyas anglayu lalis, wil Drestha dangu andongong.
3. Tan antara prantanira sang Brakuthu, amimisik karna kering, Dewi Parwati wus emut, emban Balwiki Maridhi, padha eling dhelog-dhelog.
4. Sang Brakuthu matur yayah ngimur-imur, gusti punapa ginalah, mindhak angunguyu wuyung, leheng mupusa ing pasthi, mantun karantan ing batos.
5. Mapan raka paduka sampun linuhung, kalebet utameng pati, mantep anetepi wuwus, punaginira ing nguni, yen datan ruwat warna won.
6. Tyas anglalu mila aluluh dadya wu, mangkya sampun anemahi, saestu manggih rahayu, nirmala waluya jati, ngling sang bathara kinaot.

7. Dyah Parwati asret wijiling pamuwus, heh Brakuthu ana sisip, pan sira memuti limut, nanging ta paran ing wuri, tibanning badan tekeng don.
8. Sapa kang wruh puwaraning reh rahayu, yen ora lawan kasteshi, sarananing met kikiwul, wong kinâniaya yekti, yen amupus kabesturon.
9. Saturune aji wuh godhonge randhu, Brakuthu matur wotsari, yen makaten karsanipun, pangraos kawula gampil, sami ri-nembag kang golong.
10. Sang gandarwo raja Bahlika puniku, Bahidhi myang Wrahaspatis, pinilutaa pakantuk, sami sinukeng sakapti, srah jiwangga kang sayektos.
11. Dipun sasat prasetya barang reh nurut, ngandika Dewi Parwati, wong wus asasmita rengu, sapa kang bisa mumulih, met malat sih kapanujon.
12. Aturira sang banaspati Brakuthu, pun Drestha pantes tinuding, kang sampun waskitha tuhu, tinaken tan madal sumbi, uger tumameng lalakon.
13. Dyah Parwati kasembadan tyas anuduh, wil Drestha kinen lumaris, wineling nindaki tanduk, aywa gop yen ananggapi, myang ngrenggep miguna manggon.
14. Sang wil Drestha matur sandika wotsantun, mesat wisateng wiyati, mangayat wor amun-amun, wrin ing ima sinrang ngisis, sumawur sosoran mring sor.
15. Prapteng wana Kandhaka laju maniyup, wil Drestha wus apa-panggih, lan raja Bahlika nuju, sang Bahidhi Wrahaspatis, aneng ngabyantara karo.
16. Tinakonan ing karya wil Drestha matur, met panamuring reh ririh, angarah tibanning tanduk, bubuka dinuteng gusti, kang saweg nandhang wirangrong.
17. Asung wikan tiwasing priya dadya wu, kataman ing cundhamani, saking kelon wekasipun, nuruti wirodeng ati, atilar pangatos-atos.

18. Mangkya Dewi Parwati kewran tyas kuwur, tan wonten tinari-tari, tataringan barang rembug, wekasan musthi pangesthi, muhung paduka katongton.
19. Panté dadya pandaming wardaya giyuh, yayah hyang surya nelahi, sesining jagad kadulu, makaten prabaweng budi, kabudayanta kinaot.
20. Jer wus kasub sudibya sakti saestu, myang kamayan mike-nani, wikan wewekaning kewuh, kasudiran tanpa siring, sumirang reh arang kerón.
21. Mila wau Dyah Parwati welingipun, mung amular mamalar sih, parenga paring pitulung, srah jiwaraga sayekti, barang reh pakon linakon.
22. Duk miyarsa sri Bahlika mesem muwus, heh wil Drestha sira iki, widagda mardaweng tembung, tambangan sinambang liring, amirena ing tyasingong.
23. Ingsun budi kadadeyane yen kasdu, kasidan sabda sang dewi, srah jiwangga ring reh ḥurut, prasetya mangkono yekti, yogyane kudu kalakon.
24. Dyah Parwati kaparenga ingsun wengku, wasisan dadia rabi, ing tembunge nora tanggung, atutulung barang gusthi, milu labuh tibanning don.
25. Sang wil Drestha gumuyu wotsari matur, yen makaten teka gampil, pasthi kalampahanipun, kula ingkang ananggeni, angger tinulungan yektos.
26. Winangsulan heh wil Drestha sira iku, teka wani amemesthi, kalebu wong ngumbar sanggup, saguh anggagahi gusti, benere orang mangkono.
27. Umatura karuhun maring gustimu, kaya paran ing pamikir, apa pareng apa lumuh, dadi nora mindho kardi, sirna wurung aneng kono.
28. Yen panuju ingsun iya atutulung, lamun lumuh apa kardi, tuwas rekasa ing kalbu, marsudi rembug pramati, angur enak atuturon.

29. Sang wil Drestha kongkulan sabda tumungkul, wotsari umatur aris, inggih aleres pukulun, mangke kula kang maripih, manawi saged kalakon.
30. Pamit sampun kalilan saksana muluk, praptaning Parswasta giri, marek ing ngarsa dinangu, matur suraseng tinuding, wiwitinan wekasaning don.
31. Dyah Parwati ngungun tyas sasmita rengu, rumasa kaseser aris, rineksa wisesanipun, kapinengan mangaweri, marwayeng luh riwe mawor.
32. Sang wil Drestha myang Wrahaspati Brakuthu, samya ngrapu maripih, met pangimur amrih lipur, paripurna mamalat sih, rumaras atur wawangson.
33. Wong rorowang tanpa pituwas yen rampung, mangkana Dewi Parwati, lilih ing nala kalulun, pangandikanira ririh, lah mangsa borongga karo.
34. Karya kongas pangrarasing reh rahayu. Brakuthu Drestha wotsari, mesat angambara silum, praptaning Kandhaka sami, niyup tumameng kadhaton.
35. Tinakenan ing raja Bahlika sampun, umatur sajarwa jati, sangdyah tan lengganeng kayun, yen sampun rampung ing kardi, makaten ingkang wiraos.
36. Ron tilarsa wiyangga lit jamang wakul, ing pangreh dipun aririh, sarira sinten kang mengku, mbenjang sirnaning kalilip, srah jiwaraga sayektos.
37. Sira raja Bahlika muwus mamardu, tau warna ujung katri, imantara wor lalayung, yen mangkana anuruti, sangdyah ing pamintaningong.
38. Ingsun iya mangayubagya weh rembug, rimbaganing barang gusthi, manawa bisa katemu, lan Dyah Parwati pribadi, dimen suda brangtaningong.

XII. Asmaradana

1. Tatalinen wuwus mami, sayekti dahat madaya, mangsa bong prayogane, Brakuthu Drestha wotsekar, matur manadukara, yen makaten saenipun, paduka angawonana.
2. Karsa tumindak pribadi, kerida ing lampah kula, minangka tandha yektine, sih welas paduka nata, ing rayi jengandika, kang saweg kakenan ing kung, kongasing asmara tura.
3. Sinten kang asung usadi, supadi sudeng turida, amung paduka pantese, raja Bahlika kataman, marteng basa la-ela, lananing nala kalulun, sanalika angambara.
4. Bahidhi myang Wrahaspati, Brakuthu miwah wil Drestha, tumerah sareng mesate, samya nggayuh ing ngawiyat, samantara tumerah, praptaning Parswasta meru, laju manjing purantara.
5. Panggih lan Dewi Parwati, sinambrama ing pambahya, tumannggap sami sukane, wekasaning kang rarasan, amrih sidyaning karya, pinuntu pupuntonipun, kang tumuli kaleksanan.
6. Patang prakara rinukti, kapisan karya mupakat, larang pangan kamulane, sagunging kang tutuwuhan, terag tanpa woh samya, wiji kekel nora cukul, turusan mungkred sadaya.
7. Kapindho masang sasakit, kaping tri anggelar wisa, sumarambah sanggon-enggon, sagung tirta tarulata, mesi wiswa sadaya, pingpat ambabar pambawur, prabawaning pangabaran.
8. Nanging kasidaning dadi, ana kang mangka sarana, rong prakara winiraos, kapisan pininteng dewa, manungku pane-kungan, kapindho sarananiipun, nalangsa ing yayah rena.
9. Angiras atur udani, ing reh kang wus kalampahan, tan widada kadadene, wekasan minta aksama, yen kalakon mangkana, sa-king panginten pakantuk, antuk tandha katarima.
10. Wuwusing Bahlika mangkin, karya ngres surasaning tyas, Dyah Parwati angatuhon, rumasa salah pangulah, wekasan analangsa, mangayubagya ing rembug, kang lestari linakonan.
11. Raja Bahlika tumuli, matah kang pantes dinuta, maring Manimantakane, Bahidhi lawan wil Drestha, wineling wus tu-

manggap, nembah mesat saking ngayun, kang mangka manggala gitā.

12. Nahan lakuning Bahidhi, prajeng Pengging winursita, Sri Ajipamasa mangke, dhawah karya pasanggrahan, aneng njaba nagara, wetan ler kilen myang kidul, wangun kuwu bibitinan.
13. Barenga tumandang sami, gelakan panggarapira, patih sandika ature, lagya mamatah punggawa, kang minangka pramuka, angadani ing pamangun, mariksa barang karya.
14. Kasaru wadya pamuri, marek mangarsa wotsekar, atur uninga wiyose, wonten pandhita dhatengan, lawan saanakira, miyah endhang cantrik tumut, tinaken pangakenira.
15. Saking nagara Herbangi, awasta brahmana Nirma, kususng kususng sarwa repot, pembektanipun sabarang, sadaya darbekira, datan murwat yen dinulu, katingal cekap kewala.
16. Tiniti preluning kapti, amung sedya ngungsi gesang, ananggakken jiwanggane, angger kalilan mareka, ing ngabyantara nata, badhe sajarwa umatur, ing reh lalampahanira.
17. Angandika sri bupati, lah iriden sang brahmana, lawan saanak rabine, dimene matur sajarwa, wadya pamuri nembah, lengser sanalika wangsl, sampun angirid brahmana.
18. Praptaning ngabyantara ji, kalilan lenggah satata, kipa-kipa sangat mopo, kapeksa nuruti karsa, sinambrama pambagya, marikelu matur nuwun, kapundhi sabda narendra.
19. Angaturken ulubekti, bebektane saking sabrang, emas ure sagogoren, lan retna sotya mutyara, pan sami bubungkusun, matur punika pisungsung, nging sumapala sadaya.
20. Kaatur ring paduka ji, amung dadosa tandha, karaharjan sadyane, angandika sri narendra, apan nedha narima, pisungsungira saestu, dadi suka pireneng tyas.
21. Mangkyā paran kang kinapti, sajarwaa kang sanyata, dene wonten pakewede, titi sunyaa prayoga, matur brahmana Nirma, wados punapa pukulun, dupi saweg pasamuwan.

22. Mboten pakewed sayekti, sajarwa ing lalampahan, sajatosipun kemawon, inggih kawula punika, kalebet bangsa Wasya, kawadaka warda wiku, kasebut raja pandhita.
23. Mengku nagareng Herbangi, amung praja lit kewala, ananging wiwit labete, panggenan raja pandhita, nguni prapteng samangkya, dereng nate ara-uru, kagegeran dening mengsaah.
24. Awit sang brahma Sidhi, sinidhikara sumitra, Sri Palasara lamine, sampun sadasa turunan, prapteng amba punika, ing nama kasub kasebut, bagawan Nirmawacana.
25. Cengkiwinganing wawangi, inggih Ki Nirma kewala, paparab pak Naru mangke, kabekta wastaning suta, mung satunggal wanodya, awasta pun Rara Naru, warnawon kadi wanara.
26. Parandosipun akardi, rudah wardayeng sudarma, makaten lalampahane, wonten narendra sudibya, sang Arjengsindu praja, anama sang prabu Kestu, trah Sinduraja ing kina.
27. Punika angangkah rabi, dhateng pun Naru sutamba, tinengran raja pangangge, mas retna maneka warna, miwah wastra di mulya, sarta meng-amenganipun, pinantes sarwa samapta.
28. Cacantheng dhakon cangguring, samya mutyara sadaya, sanesing tengran pangangge, lumintu kang kikintunan, boga pala sarweca, myang ganda wida rum-arum, wedalan Sindunagaran.
29. Ananging dados mubadir, datanpa karya sadaya, dene pun Naru tyas lumoh, milalu dahat lenggana, dumeh dede sababag, parawan antuk pipikun, sampun kuciwa ing warna.
30. Lawan bebet bangsa laki, sangkanipun tana mangga, lamun pineksa tekade, arsa anganyuta jiwa, dupi sampun kawarta, saking nagari ing Sindu, lengganipun sutamba.
31. Ing antawis dinten prapti, dutaning sang Kestu raja, amasang pengasihane, guna dhesthi lawan gendam, tan wonten kang tumama, bramantya narpati Kestu, amepak wadya punggawa.
32. Arsa ngrabaseng Herbangi, dinalih kula kang kekah, sampun misuwur ing wartos, budhale sang Kestu raja, saking Sindu-

- nagara, saha wadyakuswa kebut, kawula dahat sungkawa.
33. Tansah manungku semedi, neges karsaning bathara, antuk wangsit sawantahe, kinen dhateng tanah Jawa, mung lawan suta semah, santana warga kang tumut, den watawisa kewala.
 34. Nateng Pengging Dwarawati, Bathara Ajipamasa, kang pantes dadi pangungsen, jodhoning Naru ing mbenjang, makaten kang wasita, mangkyia kalampahan sampun, amba marek ing ngarsendra.
 35. Wahananing kang wawangsit, mangsa boronga ing karsa, amung tembe upamine, nateng Sindu anglulunta, dhateng ngriki sumangga, angandika sang aprabu, manawi sami rahrja.
 36. Antuk parmaning dewadi, yekti saged kasembadan, panges-thining tyas ing tembe, andheku brahma Nirma, wus mangkana winarna, narendra luwaran sampun, tumameng jro purantara.
 37. Brahma Nirma ing mangkin, sinung prenah pamondhokan, aneng salering panepen, pasugatan tan kuciwa, dupi antara dina, Dyah Naru kagarweng prabu, sor-soran sori pamungkas.
 38. Den lih nama Endhang Bangi, kabyawareng sanagara, samana sareng angkate, kang sami anambut karya, ngadani pasang-grahan, rinakit pandhudhukipun, talesan sawarni tala.
 39. Kuneng kawarnaa malih, lakuning Bahidhi Drestha, prapteng Manimantaka njog, laju manjing jroning pura, panggih lan ditya raja, dinangu ing karya matur, salwiring reh kang ka-wuntat.

XIII. Pangkur

1. Nalika raja Parwata, ginubel ing atmaja minta sori, kongsi we-kasan dadya wu, kawisesa ing mengsa, sri Parwata murina marwaseng ripu, sang maharsi ditya sirna, sor titih santika kontit.

2. Sang dityaraja Parwata, sangsayageng tyasira katatangi, menget sudara kapusus, paksa mangsah saharsa, angririsak sesining jagad daya wu, puwara muksa kataman, prabawaning cundhamani.
3. Dyah Parwati met saraya, sri Bahlika gandarworaja sakti, pamrih pakolih tinurut, yen sarampunging karya, srah ji-wangga sumangga suka winengku, marma sang raja Bahlika, mijil wekasing panggusthi.
4. Ingkang badhe linaksanan, amamangsah pangreh upaya sandi, patang prakara tumanduk, dhihin karya masakat, kaping kalih amedhar sasakit agung, kaping tri anggelar wisa, ping catur ambabar dhesthi.
5. Prabawaning pangabaran, asarana apan kalih prakawis, ingkang rumuhun sinekung, minta parmaning dewa, kaping kalih nalangsa ing rama ibu, anunuhan pangaksama, pamuranging reh tan yukti.
6. Wekasan amba dinuta, umatur ring paduka mamalat sih, lumuntura welasipun, dhateng putra paduka, dityaraja Martiki miyarsa atur, rengu pasanging sasmita, nanging wuwusira aris.
7. Layak bae mangkanaa, si Parwata kalawan si Parwati, ujer padha nora urus, arusing durgandana, kasor dening bacin bangere si pengung, pangungasan sarwa sudra, endhek-endhek myang suker jis.
8. Lumuh milu kalumrahan, mung nuruti runtiking ati juti, titika murang silarju, tan wurung kasangsaran, duta karo katresan tyas marikelu, samya matur angrerepa, met pangrapu mangrapeti.
9. Gusti punapa dinukan, putra putri tiyang sampun kaeksi, samya nemahi tan tulus, raja Parwata sirna, Dyah Parwati kantun anandhang kung wuyung, labeting rengat paduka, andadosken tulah sarik.
10. Paran pedah rinaosa, leheng nggalih menget murineng siwi, karantan ing kawlas ayun, manggen ing yayah rena, sampun

menggah putra wayah kang ambesur, ginebagana ing liyan, yen mboten den murinani.

11. Raja Martiki miyarsa, katgadeng tyas animbalu papatih, sang Drumrasta prapteng ngayun, dhinawuhan siyaga, tata-tata samaptaning aprang pupuh, lawan kinen angeriga, wadya raksasa gung alit.
12. Arahan wil brakasakan, kabeh datan ana kalilan kari, yak-sendra panglurugipun, marang nagara Jawa, mbenjang mangsa Kartika taun ing pungkur, Bahidhi Drestha samana, wus kinen mantuka sami.
13. Nembah mesat angambara, samantara prapteng Parswasta giri, matur ing sasolahipun, Dewi Parwati mangky, eca tyase rumasa antuk pitulung, myang raja Bahlika dahat, saharseng wardaya keksi.
14. Nahan ing wukir Parswasta, kawuwusa nateng Sindunagari, samana panglurugipun, prapteng Herbangi praja, susuwungan brahma Nirma tan pangguh, kawarti mangky miruda, ngungsi marang tanah Jawi.
15. Amung lawan garwa putra, kulawarga sawatara kang ngiring, prajeng Pengging jujugipun, peksarsa met saraya, marang Pra-bu Ajipamasa tinuju, ing pangudi ngungsi gesang, malah kasingubing pawarti.
16. Yen Dewi Naru ing mangky, wus kagarwa marang sang nateng Pengging, mangkana pamyarisanipun, sri Kestu Sinduraja, bramantyeng tyas waringuten ngunggut-unggut, madeg sudira tan taha, undhang anglud anglalari.
17. Sumreging laku samana, samya mentas ring muareng pasisir, dadakan akrya kuwu, aneng dhukuh Surukan, paminggiring Purwapada tembak timbun, saenggon-enggon kebekan, prapteng karajaning janmi.
18. Angendhiah sagung pomahan, otering wong paminggir samya wingwin, katresan ing ara-uru, rebut paran sowangan, ana ngeten myang ngulon miyah mangidul, tambuh-tambuh den ungsia, nahan samantara mangkin.

19. Kawarnaa sri narendra, ing Nganwantipura sawadya sami, samapta panangkalipun, marang Pengging nagara, amarengi mangsa Asuji puniku, tigas warsa meh tumanggap, gumanti-ning taun malih.
20. Budhalira saking praja, Sri Manganti kagyat anon wong ngili, dinangu sajarweng atur, dadya kandhev samana, rembag lawan wadya iyeg sabiyantu, kaprayogekken wangsula, matah kang pantes tinuding.
21. Kinen laju atur wikan, marang Pengging praptaning kang sung titi, parangmuka saking Sindu, arsa mrep marawasa, wong sajawa paksa winor ing prang pupuh, tanpa tatakrameng raja, sawenang-wenang met pati.
22. Kasembadan ing wardaya, Sri Manganti tumameng praja malih, tansah prayitna ing kewuh, masang reh jagaruna, ri-nukti kang pangrakit papaning pupuh, pininta-pinta samapta, manggala glar mara sandi.
23. Wus mangkana samantara, matah wadya kang apantes tinuding, marang Pengging alalayu, atur nuwala patra, sira Demang Sakutra pajagan satru, wineling-weling tumanggap, sanalika mangkat sami.
24. Kuneng gantya winursita, Prabu Titipala ing Pancawati, mi-yarsa praptaning mungsuh, saking Sabrang ngajawa, tanpa krama paksa ndumuk angun-angun, arsa marwasa wisesa, ring janma jinor ing jurit.
25. Kampita Sri Titipala, undhang tata-tata samapta sami, budhal sawadyane kebut, marang dhukuh Surukan, ananggulang ing mungsuh kasreg inirup, pagut prang samya prawira, tan ana kang nguciwani.
26. Antara danguning yuda, wadyeng Pancawati miturut katitih, Prabu Titipala mangu, kesisan bala kuswa, nanging kang tyas tan murud paksa kikiwul, mangsah sudira manggala, angun-angun ambek pati.
27. Tan kewran karoban lawan, singa ingkang katarajang angisis, kengser sor kasuranipun, sang Sinduraja mulat, sigra mangsah

mamengkok pamuking mungsuhan, kapanggih ayun-ayunan, lawan nateng Pancawati.

28. Mojor Prabu Titipala, heh wong apa iki ananggulangi, sumaur sang neteng Sindu, yen katambuhan iya, iya ingsun Sindupati raja Kestu, kang lalana adikara, mangajuri jayeng jurit.
29. Asanja ring wong rat Jawa, sun wisesa kongsi kaesi-esi, saking kasokan sisiku, sikaraning pamasa, masang saniskareng karya aru biru, ambirat kramaning nata, tanpa pariksa sayekti.
30. Anemah mamak mumuta, muput luput kalimputan tyas titi, titikanira tan turun, teka wani mamalang, angalangi bakal jatukramaningsun, wekasan karabi pisan, iku wong tanpa pambudi.
31. Kalebu ngilani jaja, anjajagi sapadhaning ngaurip, ngarep-arep rempak-rempu, iya mangsa wurunga, sirna dening sanjata kamayaningsun, sang Aprabu Titipala, duk miyarsa muwus wengis.
32. Babo-babo abanira, paksa ngrusak sesining nuswa Jawi, lamun maksih andelipun, lah mangsa kalakona, iya ingsun iki kang karya gul-agul, manggaleng ratu tampingan, angreh uruting pasisir.
33. Tengran Prabu Titipala, angadhaton negareng Pancawati, kasub kasudiraningsun, kapeksa sesining rat, mirut dening karoban prabaweng tanduk, pindakaning sara dibya, pangleburan para juti.
34. Bramantya sang Sinduraja, anglepasi sanjata dibya sakti, sarya ngling rasakna iku, kang ngaku kalokeng rat, Prabu Titipala prayitna ing kewuh, musthi warastraa panulak, lumrap ananggulangi.
35. Pagut wor uleng-ulengan, ing gagana kadi atep atitip, tan pantara sirna larut, sinrang ing samirana, nateng Sindu angungun tyas kapirangu, mijilaken pangabaran, mawarna warna kaeksi.
36. Nanging sami tanpa karya, pangabaranira kasoran titih, marma mangkyaa Prabu Kestu, nyandhak astra pamungkas,

- pusakaning nguni kang para luluhur, nateng Sindu Jayadrata, saking bagawan Sapwani.
37. Sinidhikara lumepas, angenani ring nateng Pancawati, tigas utamangganipun, lena Sri Titipala, pareng gara-gara gurnita gumuntur, geter pater tan pantara, tedhuh dhedhet erawati.
 38. Tandhaning nata subrata, para dewa anawur riris sari, sumirat sarwa raras rum, rumarap ring kunarpa, sanalika mukseng rana tan kadulu, sang Sinduraja sukeng tyas, yayah naga-banda keksi.
 39. Saksana undhang samapta, budhal saking dhukuh Surukan sami, sumusub prajaning mungsuh, ing Pancawati mangkyा, wus kedekan wonge mawut ara-uru, rebut paran sowang-sowang, kadi gambuh kang tyas tistis.
- XIV. Gambuh*
1. Yata wau winuwus, garwanira Titipala prabu, Dewi Satya miruda angikis ratri, panggih lan papatih sampun, wartawinarta kang tinon.
 2. Wekasan karsanipun, Dewi Satya mung ngesthi anglampus, kayana patih satata anembadani, leheng umatur ring prabu, ing Pengging dimen mirantos.
 3. Yen prapta nateng Sindu, sampun kongsi kuciwa ing tanduk, Dewi Satya anurut aturing patih, mangkat amurang marga gung, metu kang tan kambah ing wong.
 4. Reyongan lampahipun, anggung raryan aneng siluk-siluk, ngasokaken para rerepot rarylit, angiras ramban rerembug, ratri rerem sanggon-enggon.
 5. Kuneng ingkang lalaku, kawarnaa mangkyा mangsanipun, panangkilan para nata marang Pengging, Jawa Sabrang sareng kumpul, manguyu raharjeng katong.
 6. Samana praptanipun, para ratu Sabrang kang alabuh, ing muara Surukan samya ningali, urut pasisir kadulu, ana tilasing pakuwon.

7. Takon pawarta antuk, yen puniku kang akarya kuwu, nateng Sindu alalana andon jurit, saha wadya tansah rusuh, angru-rusak marwaseng wong.
8. Pinagut ing prang pupuh, saking Pancawati tanpa kengguh, malah prabu Titipala angemasi, kasoran prang temah murud, kang wadya miruda morot.
9. Mangkyu sang nateng Sindu, pindhah marang Pancawati laju, bibitingan anggung ngirabaken baris, andina-dina nunungkul, met bahakan amboboyong.
10. Nateng Ngawanti sampun, samapteng prang arsa mrep ing ripu, wande saking aturing rekyana patih, denya dereng mangsanipun, amethuk praptaning mungsoh.
11. Prayogi alalayu, dhateng Pengging ngatas karsa prabu, Sri Ngawanti kaparengan tyas anuding, punggawa kakalih sampun, wineling atur wigatos.
12. Ing mangkyu marmanipun, Sri Ngawanti mempen sawadya gung, aneng praja tansah prayitna ing westhi, yata sapamyar-sanipun, para ratu Sabrang iyon.
13. Ana kang karsa laju, marang Pengging umatur ring prabu, kang saweneh rembag maring Pancawati, musnah satru saking Sindu, kang paksa karya rurusoh.
14. Ana rembug angumpul, lawan nateng Ngawanti tumutur, amung gusthi kang apantes den lakoni, mangkana wekasani-pun, samya sabiyantu golong.
15. Marang Ngawanti sampun, nuduh wadya kang mangkat rumuhun, sapraptaning Ngawantipura kapanggih, lan Sri Senaraja laju, winangsulan kapanujon.
16. Yen sambada ing kayun, sampun kongsi kawistareng mung-suh, tulak wangsul kang duta prapta wawarti, para ratu Sabrang rembug, mangkat ing ratri kemawon.
17. Mangkana duk ing dalu, samya mara sandi lampah ulur, para ratu Sabrang praptaning Ngawanti, pinatah pakuwonipun, sowang-sowang amirantos.

18. Enjing dadining rembug, andum karya samya mrih pakantuk, sauruting wukir Kendheng den barisi, pininta-pinta kang patut, mangka pramukaning kewoh.
19. Iriban rikitipun, kadya baris pendheman anamur, panata ning reh gelar durgama rungsit, kang tan kasatmateng mung suh, mangkana sampun kalakon.
20. Ing ratri angkatipun, ana ngulon ana ngetan njujug, marang prenah bubuhanira pribadi, babadan wana winangun, pakuwon mangka pangayom.
21. Ing antara wus rampung, nateng Nuswakancana anuduh, punggawa kang dinuta atur udani, marang Pengging angkatipun, wineling saliring wartos.
22. Nahan duta lalayu, kawuwusa ing Pengging praja gung, Sri Bathara Ajipamasa marengi, miyos kadi sabenipun, siniwakeng para katong.
23. Samana duk andangu, nateng Sabrang tan ana kadulu, kyana patih matur pawartining janmi, lamun pasisir ler sampun, kebekan praptaning mungsoh.
24. Kawarti nateng Sindu, saha wadya punggawa kukuwu, ing Surukan saurutipun kinardi, enggen pabarisan agung, anggung anggegeraken wong.
25. Kya patih aturipun, dereng kongsi wekasan kadulu, duta sa king Ngawantipura duk prapti, nembah kang nuwala katur, katupikseng wosing raos.
26. Katungka praptanipun, Dewi Satya dahat kawlas ayun, dyan dinangu matur miwiti mekasi, narendra miyarsa ngungun, mangu oneng tyas wirangrong.
27. Tan antara kadulu, duteng Nuswakancana wotsantun, matur ing reh weweran warta sajati, wekasan cumadhong dhawuh, anglampahi ing sapakon.
28. Kampiteng tyas sang prabu, temah madeg kasudiranipun, kang nitya sru sirung samantara prapti, gandarworaja Karawu, angrarapu matur alon.

29. Pukulun sang aprabu, praptanipun mengsaah saking Sindu, mboten dados sandeya awit pinasthi, uleng-uleng campur bawur, sirna dening denawa ngrok.
30. Mangkyu meh praptanipun, ditya raja Martiki puniku, kang kuwawa amejahi Sindupati, saking sami salah surup, kalintu rehing pamaos.
31. Arya Boma sumambung, lah gandarworaja sang Karawu, nateng Sindu pinasthi kang amejahi, mung ditya raja puniku, kula datan amido.
32. Nanging sayektinipun, yen wontena karsaning sanghulun, nateng Sintu saktia kadi punapi, kula den abena purun, atan-dhing prang sami bobot.
33. Mesem raja Karawu, sarya muwus lah raden puniku, kasa-gahaning tiyang amurinani, sudarma pralayeng pupuh, sam-pun limrah sawiyah wong.
34. Angger murina tuhu, ing pangraos kasudiranipun, datan wonten kang dumadi den ajrihi, nanging makaten puniku, awis kang netes sayektos.
35. Kula wawarah tuhu, nateng Sindu kasudibyanipun, ing babasan tan kena sinangga miring, lamun pepeka kapupu, yen adhompo kasaliyo.
36. Arya Boma ambekuh, sarya rawat waspa sumung-sumung, ka-wuryan lir sardulawikridhita mrih, barakan tinebak luput, anggung anggro sanggon-enggon.
37. Mangkana sang aprabu, angandika lah kakang Karawu, mangkyu kayaparan reh antara yekti, praptaning kang mungsuh iku, aju undure wadyengong.

XV. Durma

1. Kawistara pangahdikaning narendra, esmu ruditeng batin, marma gandarwendra, wotsari aturira, angrerepa mamalat sih, dhuh bathareng rat, kang sudibya di murti.

2. Yen suwawi lawan karsa padukendra, mamatah kang para ji, sawadya punggawa, bibaring rajawedha, prayogi tinata sami, pangkat-pangkatan, papan panggenan baris.
3. Para wiku maharsi ajar manggena, wonten lebeting puri, amung mamarsita, minta arjaning praja, patih myang punggawa mantri, sami tugura, saubenging nagari.
4. Sagung para santana kang sasambanga, saha wadya pamuri, marikseng pajagan, kang ratu mancapraja, wonten sajawining nagri, ler kidul wetan, kilen sarwi miranti.
5. Para nateng Sabrang sampun aprayoga, wukir Kendheng den nggeni, sagung wadya ditya, kang mangka atis udal, dados cucuking ngajurit, sami barisa, wonten papaning wukir.
6. Ereng-ereng ardi Kendheng kang ler samya, manggena ing susunggil, sampun kawistara, masang pringga durgama, wekasan sumanggeng kapti, kasembadan tyas, bathareng Dwarawati.
7. Para duta sampun sami winangsulan, surasaning karsa ji, kabeh tinimbalan, wijiling rajawedha, yen wus bubaran sayekti, ana pranata, duta wotsari mulih.
8. Duk samana tumapaking tanggap warsa, ing Kilaka marenge, kang Suryasangkala, tirta tunggal terusan, Candrasangkala winilis, dwi warna guwa, mangsa Kartika mangkin.
9. Wijiling kang rajawedha kadi saban, sosoban saben ari, sarwa sri kawuryan, prapteng purnamasadha, samana bubaran sami, laju pinatah, pinta-pintaning baris.
10. Nulya prapta pratisaraning saraya, wil saking Gandamayit, Kalaruparudra, kang sakti mandraguna, saha wadya angin-angin, myang brekasakan, kumrap saking wiyati.
11. Catur mangka manggaling Kalarudra, sang Maharaja ngarsi, lawan sang Silapa, katri sang Amisuda, kapat aran sang Marani, sampun pinatah, angreh raksasa mihi.
12. Lawan sagung para ditya pipilihan, saking Dhangka wanadri, pinasrahken samya, minangka reh panekar, wusnya samapting piranti, saksana mangkat, maring Ngutaragiri.

13. Wukir Kendheng iring lor saurutira, sisiluk sungil-sungil, papaning panggenan, dene para narendra, ing Sabrang ku-kuwu munggwing, agraning arga, myang iring kidul sami.
14. Samaptaning paminta sampun tinata, gelar Durgama rungsit, para nateng Jawa, mubeng jabaning praja, sakuwu-kuwu pri-badi, samya mamasang, gelar Wukirjaladri.
15. Tangeh lamun winuwusa para nata, miwah punggawa mantri, ingkang babarisan, tanpa kuciweng pangkat, pengkuh rikating pangrakit, samya satata, iyen ayon panggusthi.
16. Ing antara ari mangkya praptanira, ditya raja Martiki, sawadya raksasa, saking wiyat kumerab, anjog ing Parswasta giri, kabeh kebekan, kadi robing jaladri.
17. Sang gandarworaja Bahlika samana, kang mamatah pangrukti, myang panggenan ditya, uruting Purwapada, kemput tan pantara pipit, nanging cipta, siluman mara sandi.
18. Wus mangkana rembug kasidaning sedya, patang warna ri-nukti, pareng kaleksanan, pasanging pangupaya, karya masakating janmi, wit larang pangan, tutuwuhan tan dadi.
19. Nulya medhar pagring lan anggelar wisa, ambabar guna dhes-thi, teluh taragnyaana, sagunging pangabaran, tumanduk maring wong Pengging, sami sakala, pakuwon keh papati.
20. Sang gandarworaja Karawu waspada, gelaring mungsuh juti, saksana tinulak, saking reh pamursita, kang sela muskala kesthi, sirep sakala, kamayan tanpa dadi.
21. Sri Karawu marek ing ngarsa narendra, wotsari matur ririh, pukulun nalika, praptaning mengsa ditya, masah reh upaya sandi, meh-meh kewala, risak sesining bumi.
22. Mangkya sampun aber punang pangabaran, kabur kaburat tebih, dening paliyasan, saking sela muksala, nanging sapu-nika taksih, wonten sandeya, rehning mengsa tan keksi.
23. Yen suwawi saking karsa padukendra, cucundhuk Cundhamani, sinidhikaraa, sawatawis kewala, wijiling kang ujwalagni, mangka susulak, siluman samya keksi.

24. Nanging kedah marpeki panggenan mengsa, mangsa manguksma sandi, limunan wisesa, tan saged katupiksa, nadyan para dewa dewi, pilih kang wikan, makaten rahan mami.
25. Prabu manggut kasembadan ing wardaya, saksana gandarwoji, aji ginung mangkya, kaesthi danurdhara, winursita cандu sakti, katur ring nata, tumanggap manuswani.
26. Dyan tumameng alam limunan wisesa, cundhamani pinusthi, sampun apranawa, samantara kawuryan, sesining Parswasta giri, sang ditya raja, saha wadya kaeksi.
27. Nanging datan ana kang sami rumasa, yen wus mari mor sandi, marma tan riringa, anuduh wadya ditya, kinen marawaseng janmi, kang babarisan, jro prajeng Pancawati.
28. Dene dipun nyana yen iku sadaya, barisan wadyeng Pengging, lakuning raksasa, ing Pancawati prpta, laju pareng anrang westhi, sura tantaha, samyanjor ring ngajurit.
29. Sagung wadya ing Sindu kasreg rinempak, geger tan mangga pulih, matur awawarta, maring sang Kestu raja, risaking barisan sami, sinrang ing mengsa, raksasa saking Pengging.
30. Asru krodha srinateng Sindunagara, sara dibya pinusthi, mijil mawa langkap, mapag pamuking ditya, tan antara tumpes tapis, dening warastrra, mesat sesaning pati.
31. Matur maring raja Martiki samana, ngungun denira keksi, bramantya sakala, angawaki priyangga, mesat prapteng Pancawati, panyananing tyas, tan ana kang udani.
32. Marma paksa anigasi parangmuka, yitna sang Sindupati, ananggulang yuda, sara dibya lumepas, angenani sang dityaji, datan tumama, kanggeng denya mrih pati.
33. Samantara rumasa yen wus kawuryan, ditya raja Martiki, sudira kabangan, bangun angun-angun tyas, mangsa angangseg met silib, sri Sindupraja, panggah prayitneng westhi.
34. Samya ngadu prawira pangaribawa, tan ana migunani, dangu ning ngayuda, rajeng Sindunagara, kasor kang santika kontit, temah kawenang, lena madyaning jurit.

35. Layon muksa pareng gurniteng gagana, sanggon-enggon seng-gani, mangkana tumingal, wadyeng Sindunagara, yen ratu-nira ngemasi, kasambut ing prang, sar-saran samya ngisis.
36. Met pangungsen sowangan saweneh ana, mulih anumpal keli, yata ditya raja, sukeng tyas mamulinga, mulat mungsuhan angemasi, wadyane sirna, tan ana mangga pulih.
37. Asru mojar pagena wong Pengging padha, lumayu niba tangi, ingsun nora neda, amburu maring sira, yen sun ungsira sa-yekti, mangsa uripa, kabeh keles kapipis.
38. Wusnya muwus mangkana sigra ngumbara, prapteng Par-swasta giri, sang raja Bahlika, methuk manadukara, raja Martiki mawarti, sasolahira, miwiti amekasi.
39. Mangkyu rembug denira sampun kawuryan, mari seluman sami, samapteng ngayuda, masang gelar Gumila, sagunging raksasa kuthip, myang brekasakan, kinarya pramugari.
40. Anrang baya i...ring pakuwoning mengsa, mangsa amara sandi, wus saeka praya, ngundhangi wadya tarab, prapta dhinawuhan sami, mesat sakala, kabeh kebut jalwestri.
41. Andum paran sosowangan kang winoran, ana mor maruta ris, saweneh anunggal, kalawan ampak-ampak, ana kang tuma-meng warih, lir kabalabak, solahira met silib.

XVI. *Balabak.*

1. Datan ana ingkang sami kawistara, ing pangreh, amung wadya tarab ing Krendhawahana, kang nginte, wruh yen iku brekasakan saking Sabrang, kabeh.e.
2. Marma datan samar maring saniskara, karyane, kaulatken ing saulah bawanira, samangke, ana mangsa jarangkong kang saking Sabrang, sedyane.
3. Arsa maring pakuwoning para nata, mrih pamet, pinethukken jarangkong Krendhawahana, sru kaget, atatanya sapa ngadhang lakuningwang, arane.

4. Winangsulan ingsun jarangkong kang tengran, duk biyen, Kenthol Boga ing samengko karan anak, pak Gales, balik sira sapa aranta ngakua, den waleh.
5. Sru gumuyu jarangkong Sabrang asantak, saure, kalingane sira iku bangsaningwang, yektine, sun sajarwa aran Bagus Samalaha, ing Sakeh.
6. Nguni ingsun dadi guru kasantikan, kasube, tanpa sama ngelmaningsun kasunyatan, jatine, mårma ingsun kalakon tuwa sinembah, wong akeh.
7. Lah ta aja aneng kono sumingkira, pak Gales, ingsun arsa angupaya papanganan, yen oleh, sinauran malah sira abalia, den age.
8. Yen ameksa laju mesthi katemahan, ajidhet, asru mojar Samalaha heh si Boga, abane, malah sira yen sumingkir bakalan, macedhel.
9. Kenthol Boga gumuyu sarya ngling sugal, heh Penthet, alajua sun adhangi tangkep jaja, ing kene, Samalaha mangsah sudira nirbita, ambeke.
10. Sigra pagut gelut gumulung ulengan, arame, silih ungkikh tan ana ingkang kuciwa, tandange, danguning prang Samalaha kasulayah, angleleh.
11. Dyan binanting Samalaha rempu meksa, anggane, Kenthol Boga sukeng driya jojogedan, angleter, sumbar-sumbar dene ta nora sapira, rosane.
12. Samantara ana jarangkong katingal, ajengklek, wuwusira heh babo nora kajamak, sumbare, ayonana iki jarangkong ing Sabrang, panggedhe.
13. Kenthol Boga gumuyu sarya tatanya, ujare, heh ko sapa kang umangsah jojogedan, solahe, kidhung widhung ting kadho-byah ting karembyah, akether.
14. Sinauran heh wruhanta ingsun kocap, wong gedhe, apaneng-ran ing nguni Ki Mas Genthara, parabe, kang kasebut ing wong akeh karan anak, pak Ejet.

15. Winangsulan yen mengkono mengko timbang, tandhinge, ingsun iki iya kalebu sinambat, wong gedhe, tau lungguh jajar lan para gandarwa, raramen.
16. Lah ta payo Genthara nuli majua, marene, aja pijer jojogedan solahira, nyrekengkeng, ora lemes parigel kaya manira, kenjere.
17. Tan tahan tyas Genthara anggung winada, jogede, dyan narajang angrunjang sarwi andugang, sikile, Kenthol Boga tiba kalumah saksana, anjenggel.
18. Arsa tangi jinejek laju dhinupak, kekejek, dupi eling lumayu akekrekalan, tan toleh, apupulih jarangkong Krendhawahana, praptane.
19. Asru sumbar mara iki ayonana, rowange, pakne Ejet atatanya sira sapa, arane, angakua mumpung durung kasangsara, badane.
20. Sinauran iya ingsun ki Baruwang, Lung Genje, papagena iringena mesthi abang, buntute, pakne Ejet gumuyu acukakakan, wuwuse.
21. Ah sireku sugih sembrana guyonan, wong aneh, aranira tan lumrah nora mupakat, wong akeh, dodolaning bocah kinarya aran, anglewer.
22. Aranira kang sanyata iya sapa, temene, winangsulan araningsun kang pameran, mangkene, canthing bumbung kembang suruh piyarsakna, darenges.
23. Sangsaya sru gumuyu Ki Mas Genthara, ah pothet, barang anu anganggo aran wangsalan, jebule, lah ta mara marenea sun pupukang, bakale.
24. Ki Baruwang marepeki sisirigan, ajune, dupi arsa cinandhak kebat acukat, lumpate, prapteng wuri anampiling pipilingan, jumepret.
25. Pakne Ejet kalayaban niba-niba, polahe, arsa males andugang wus kadchinginan, bininte, ambruk kongsi galangsaran sana lika, anggenjret.

26. Sareng ambyuk para brekasakan Sabrang, anggebel, met pulih angarubut Ki Baruwang, Lung Genje, warna-warna sagung kala rupa rudra, arenges.
27. Brekasakan ing Krendhawahana mangsah, kabehe, angembuli marang brekasakan Sabrang, yudane, barubuhan tan pilih tandhing lan papan, enggone.
28. Ana wedhon Sabrang temu dhedhewekan, lan wewe, tina-konan araning wedhon sajarwa, ni Senthet, genti takon arane wewe aweca, ni ni Korek.
29. Wedhon Sabrang takon marang wewe Jawa, wuwuse, apa yekti anggung nganiaya janma, met rame, kasingitken ing ngasamun sinasaban, sor kopek.
30. Yen mangkono iku nandhang kaluputan, bakale, ora wurung kahyangane den balengkrah, wong akeh, sinauran he wedhon pakoleh apa, wong dahwen.
31. Nadyan nyata mangkono kasandhang dhawak, lupiter, tan angembet marang wedhon kaya sira, si Senthet, lawan ora kongsi karya karusakan, pamete.
32. Beda lawan wedhon anggung aveh lara, gawene, anyenyembur wisa mandi maring janma, dadine, larah barah kabanjur tamahan basah, badene.
33. Iku yekti antuk bebenduning dewa, ing tembe, wekasane dadi intiping naraka, ukume, wedhon mojar dhuh abamu sok metua, si wewe.
34. Marenae Menthel sun idoni sira, dimene, anemahi barah kabeh badanira, pasthine, datan bisa mangsa gecok mentah sira, kaluwen.
35. Sru kabangan wewe tanpa sita-sita, sosote, si dikepruk linabrag lah arep apa, padune, wong wus kadhem kerem marang kaluputan, si sember.
36. Meh aruket mangkyu sami katawuran, prang rame, dadya pisah dening pidhir tatandhingan, yudane, lawan potho Sabrang tansah sumbar-sumbar, suwene.

37. Akh lelepath doyananku iwak mentah, maune, ing saiki aku doyan iwak rempah, ginoreng, sesuk aku doyan iwak kang den olah, basengek.
38. Sru gumuyu pidhir Jawa wuwusira, heh monyet, aja pijer anggung gurit pakareman, barese, sapa aranira mumpung maksih arja, jejere.
39. Sinauran ingsun kang kasebut nama, Lembese, pidhir Jawa gantya tinakonan nama, awaleh, Lembuculung panyambang Krendhawahana, gawene.
40. Adan pagut ing ngayuda tan kuciwa, karone, samya rosa dik-daya sarwa sembada, badane, marma tansah asisiring sisiliran, tandange.
41. Danguning prang wekasan kang kasulayah, Lembese, mempis-mempis denira gung binantingan, temahe, mesat maring sor pucung pinggir jujurang, parane.

XVII. Pucung

1. Lembuculung, mangu mungsuhe marucut, dahat kacuwan tyas, sanityasa met pangaksi, mintokaken ring reh mentas jayengrana.
2. Kumarutug, susumbar anguwuh-uwuh, anggung ananantang, minta lawan kang nimbangi, gonggong Sabrang miyarsa mang-sah saksana.
3. Asru muwus, heh pidhir sapa aranmu, dene nora jamak, sum-barira manas ati, winangsulan Lembuculung tukang sambang.
4. Gonggong muwus, lamun mangkono meh jumbuh, Lembuculung sira, ingsun iki Lembucuring, dadi juru ganggu-ganggu anggogodha.
5. Mangkyu rembug, - ingsun yen sarju sireku, becik ambalika, laju dadi kanca mami, yekti antuk pangkat kinulawisudha.
6. Lulungguhmu, angungkuli kang rumuhun, Lembuculung

myarsa, winga-winga muwus wengis, heh si gonggong gagap-gagap panggaota.

7. Pangrasamu, apa ingsun iki gemblung, pengung kaya sira, kena den apus ing pamrih, ujarira kaliwat ardwalepa.
8. Mamak mumuk, met pangrimuk angingipuk, mangsa kala-kona, malah mandar sira becik, anungkula jaga mimikul ke-wala.
9. Bramantya sru, Lembucuring mara napuk, Lembuculung mojar, lah mara mindhoa malih, aja nganggo sigan-sigun solahira.
10. Sakarepmu, ingsun yekti tan amingkuh, Lembucuring sigra, napuk nepak anampiling, Lembuculung pinarwasa tan rinasa.
11. Gonggo muwus, akh sira kalebu kebluk, ana tinapukan, katepak teka tan kongkih, ingsun uwus sayah lah uwis malesa.
12. Sru gumuyu, Lembuculung sarya nyikut, kapanujon kena, uwangira Lembucuring, tiba kantep tangi lumayu anginthal.
13. Ana maju Juwalpayal akikiwul, mesat kadi kilat, tumampel amulet gigir, kemput kabeh badane pidhir katimpah.
14. Temah ambruk, ambekane melar-mingkus, sanalika mangsah, Galadrah amet pupulih, Juwalpayal dinilat samana muksa.
15. Lembuculung, wruh galadrah kang tutulung, dahat anarima, katungka tangkeping jurit, menthek Sabrang mungsuh lan janggitan Jawa.
16. Ting garubyug, tusan ewon pareng ngrubut, mangebyuk byak-byakan, rok ruket kotbuta keksi, ing wekasan uwuk kawur tan karuhan.
17. Yata wau, kawuwusa kang anamun, neng alam limunan, Sri Ajipamasa mangkin, langkung suka miyat yudaning drubiksa.
18. Sri Karawu, matur nalika prangipun, nateng Sindupraja, lan dityaraja Martiki, datan kadi mangke sukaning pranendra.
19. Panedipun, yen sambadeng karsa prabu, Sri Gandakusuma, lan nateng Mataun sami, tinambalan supados tumut tumingal.

20. Prabu manggut, kapanujon ing tyasipun, sang gandarworaja, mesat masang candu sakti, kalih sampun tumameng alam limunan.
21. Samya ngungun, mulat sawismayeng mungsuah, denira kawuryan, sang dityaraja Martiki, matah sagung para punggawa prawira.
22. Sang aprabu, Gandakusuma umatur, pukulun punika, sinten kang pantes tinuding, methukaken pranging prawira raksasa.
23. Ngandika rum, sri bathara iku kulup, ingkang kabubuhan, ditya saking Gadamayit, sira lawan ingsun mung nonoton kewala.
24. Sri Karawu, anambungi penedipun, mawia totohan, senengan kang den tumuti, prabu Jayasusena gumuyu suka.
25. Wuwusipun, lah inggih prayogi tuhu, mumpung lilimunan, singa kang kawon tan isin, katri tanduk nayenggita sami suka.
26. Mangkyu wangsul, dityaraja kang winuwus, denya matah wadya, manggaleng raksasa sakti, aran sang Kralkralata kinen maguta.
27. Wotsari wus, mangsah amawa salukun, sumbar minta lawan, sapa kang arsa ngemasi, papagena ing yudane Kralkralata.
28. Ditya Enu, mangsah sarwi musthi duduk, wus ayun-ayunan, atatakon nama sami, papajaran sajarweng panengranira.
29. Adan pagut, ing prang sttu pupuh-pinupuh, danguning antara, sang ditya Enu katitih, winatgateng salukun tan mangasesa.
30. Wil Santanu, mangsah gandhi kang sinambut, Kralkralata mojar, mbok aja pating karencil, abarenga mara sun lawan priyangga.
31. Sira iku, ditya arahan wangunmu, durung tau wikan, ajaraning wong ngajurit, kawistara kidhung-kidhung kau kiyal.
32. Nora patut, amusthi gandhi sireku, papantesmu baya, amung riripik wreksa king, lawan amek kodhok ijo ing jujurang.

33. Jer rupamu, kaya lairan ing gunung, bebet malang pondhak, bangsaning wil Koncungbohing, tangeh lamun widagda apa-trap yuda.
34. Duk angrunu, wil Santanu asru muwus, babo abanira, sa-wenang-wenang ngarani, tan kawruhan ing wangunanta pri-yangga.
35. Sira iku, kaya bebet Marabau, anggung ngalap opah, angu-sung babathang genjik, kawistara ujarmu tanpa ukara.
36. Nyanyar-nyunyur, angayawara ngangawur, sun watara baya, bangsa wil jawal kepadhil, Kralkralata muwus wengis winga-winga.
37. Heh kapaung, sapa aranmu dodrohun, mumpung durung modar, sinauran sun wawangi, wil Santanu turasing ditya pra-wira.
38. Ingsun tau, anigas murdaning diyu, ingkang kayasira, Kral-kralata ananduki, yen mangkana teguh timbul sulaksana.
39. Sinalukun, jajanira wil Santanu, aniba palastra, Kralkralata muwus malih, lah dhasare nyata peret ron katela.
40. Duk andulu, ditya arahan sadarum, pareng mangsah samya, marab-marab mangrebda mrih, angarubut marang ditya Kral-kralata.
41. Kang panganjur, Nisahulmuka puniku, sang Dyumna Dumina, myang Rudragsa Wityasrenggi, sang Warawa Singakreti Todhi-karna.
42. Lawan diyu, Prastha Kukustha tan kantun, sang Nindya Nu-winda, sang Kuskara sang Keswari, Tekya ditya Derodhana myang Garwita.
43. Kabeh nrambul, anarumbul pareng ngrubut, angreb mangra-basa, myang nyinyiwo kanan kering, kang ing ngayun mangayat wuri mangrempak.
44. Ana malu, angala wahinya nyarum, ana kang nomara, nanging tan tumama sami, esmu semang samantara kapalajar.

45. Dening pamuk, kralkralata wuru riwut, nirbaya wikara, tan sigan-sigun tyas kadi, kadarpa ring mangrurah ing parang-muka.
46. Angunguwuh, balia aywa lumayu, iki ana apa, teka kadhung-sangan sami, ingsun datan nedya mrih watgateng wuntat.

XVIII. Pangkur

1. Wau ta pramukeng ditya, sang Gowindra Baradhana Sapwani, myang Nandana samya ngungun, mulat apesing rowang, kamicenggeng mangangen-angen tyas emut, mamatek aji Sanjaya, mrih kekesing mungsuh kesthi.
2. Kralkralata duk kataman, srukasrepan tyas sanityasa tistis, angles lesah bayu larut, gumeter kang sarira, ucul denya musthi sanjata salukun, saksat murcat masakala, galasahan aneng siti.
3. Ginotongan mundur sigra, mangsah sang wil Subamanggala keksi, sikep musala sinawung, aneng madyaning rana, tansah asru susumbar anguwuh-uwuh, minta lawan kang tumimbang, kasantikaning ngajurit.
4. Lagya mangkana kawuryan, gumetering angga murciteng siti, nulya ginotongan mundur, raja Martiki mulat, yen punggawa kang mangsah samya ngalumpruk, wus anduka yen kataman, kamayan wisaya westhi.
5. Tinulak sami sakala, kawistara sireping mara santri, wil Mityakarda tinuduh, mangsah ing rananggana, wotsari wus asikep bajra linuhung, susumbar aminta lawan, kang atimbang sura sekti.
6. Rinoban pangaribawa, prabawaning aji Sanjaya kalis, wianantu-wantu tanpantuk, sinep meksa laksana, kaku ing tyas kapat pramukaning diyu, wekasan rembug tumandang, mangsah sareng asisiring.
7. Wus sami ayun-ayunan, lawan ditya Mityakarda liniring, kapat sami angun-angun, sikep dhendha prawara, tinakonan

sowang-sowang namanipun, sumaur pareng sajarwa, mukasing danaweng Pengging.

8. Kang sawiji sang Gowindra, lawan Baradhana katri Sapwani, sang Nandana kapatipun, padha wil pipilihan, trahing yaksa Kartiyasa duk rumuhun, punggaweng dityarsi raja, Kalasuwidha palinggih.
9. Ing Malawa wukir Oya, padha tau ginulang jayeng jurit, myang guna kasakten putus, marma kabeh sinungan, paparaban amet labeting kasebut, lire aran sang Gowindra, kyating rat prawira sakti.
10. Sang Baradhana prakosa, sang Sapwani sura pragoleng jurit, sang Nandana wijaya nung, wil Mityakardha myarsa, sru gumuyu lah dene pating cekenuk, kaya patraning gopala, ririb kararaban riris.
11. Nganggo aran apaparab, karya umpak aranira wawangi, ukarane nora urut, kalebu gegemblungan, lah ta kapat aja pijer umbag umuk, padha barenga andhendha, sun tadhahane pri-badi.
12. Saksana catur pramuka, pareng denya samya ndhendha tan pilih, saking ngarsa saking pungkur, myang saking kering kanan, tinangkisan ing bajra tempuhira sru, kapyarsa pating kalemprang, kang swara katyüb ing angin.
13. Ing antara karepotan, tandangira kapat temah katitih, tempuhing bajra tumanduk, maring dhendha prawara, katalampik uwal ing panyekelipun, kang bajra tumameng angga, kapat pareng angemasi.
14. Wil Mityakardha susumbar, dene iki wong gemblung keneng pati, ndadak nganggo adol sengung, padha lamun padhaa, untap-untapana tan bara lan ingsun, lah manawa maksih ana, prawira sesaning pati.
15. Kabeh barenga umangsa, mangsa ingsun singgahana sayekti, padha sura marata, ing benere tatag tanggon tan amingkuh, mara nuli kembulana, aja pijer iyon sami.

16. Yata dining kang saraya, ditya saking kahyangan Ganda-mayi, amiyarsa swara saru, sumbaring Mityakardha, sanalika bramantya sru sumung-sumung, mangsah sudira tan taha, sira sang ditya Marani.
17. Muntap triwikrama dadya, Kalaruparudra anggìgilani, wimbuh wandanya sagunung, mengkap kang muka papat, tutuk metu wisaya wiswa sumawur, wil Mityakardha tumenggal, esmu katresan tyas miris.
18. Tinahanaken tatanya, swara geter heh apa katon iki, baya ratu carat taun, tansah anembur wisa, sinauran swara gora gra gumuruh, wruhanira heh raksasa, ingsun yakseng Gandamayi.
19. Punggawa gedhig manggala, tengraningsun ri sang ditya Marani, heh dhik hah sapa sireku, sumaur Mityakardha, sarya nyawat kang bajra kena sinaut, winalesaken saksana, wil Mityakardha ngemasi.
20. Mangsah ditya Sambartaka, trah yaksendra raja Wrekamaruti, marma kuwasa anamur, momor ring samirana, anrang wisa sirep dening maruta rum, sang ditya Marani kagyat, bangun tyas kabangan keksi.
21. Anguwuh nulya tatanya, heh ta sapa sikara mor ing angin, sinauran wruhanamu, ingsun wil Sambartaka, mantri prajeng Manimantaka linuhung, trah Sri Wrekabayusuta, yaksendra sudira sakti.
22. Wil Marani asru mojar, kalingane sira trahing duskarti, marma mangkana ulahmu, lah iya rasakena, wikramane si Marani mangkya tan wun, tumameng sira minangka, pamunahing tyas durniti.
23. Sambartaka sru bramantya, musus lesus rok pancawara tarik, Marani kabuncang kombul, katub ing aliawar, mangsah ditya Midusa nanggulang bayu, triwikrama Rudra rupa, gora gra kagiri-giri.
24. Tan pantara wisa bajra, saking grana pareng ambekan mijil, meses wor ing bayu riwut, sira wil Sambartaka, katampekan

kang wisa bajra tumanduk, dadakan luluh sakala, kuwanda datan kaeksi.

25. Mangsah ditya Waprakridha, krodha mangkrak prapteng rana ngemasi, kataman ring wisa bayu, pulupih wil Wrecita, mati lulih yaksa Surasthra kikiwul, syuh sirna kuwandanira, keneng wisa bajra mandi.
26. Siga ditya Subodhara, papatih jro Manimantaka nagri, bramantya mbek sumung-sumung, mangsah sura tan taha, madeg triwikrama rupa Kalamretyu, kang babahan hawa sanga, mijil dahana mawredi.
27. Pinethukaken saksana, sang Silapa triwikrama nimbangi, babahan badan sadarum, samya mijil mbun wisa, sumam-burat sirep kang dahana murub, pangrebdaning windosara, sang Subodhara ngemasi.
28. Mangsah Kya Patih Dumrapta, pangirid ing Manimantaka nagri, madeg triwikrama wimbuh, sor Kalamretyu rupa, sari-ragni angebeki rat kalimput, sirna dening sang Silapa, Patih Dumrapta tan keksi.
29. Raja Bahlika saksana, met pupulih met silibing ngajurit, sang Maraja kang amethuk, samya ngadu kamayan, danguning prang Raja Bahlika kapikut, mulat sang raksasa raja, krodha mangsah ambek pati.
30. Madeg triwikrama dadya, Rudra rupa Kalamretyu wisagni, abra marakata wimbuh, angebeki buwana, mulat ing tyas gandraworaja Karawu, matur ring nata bathara, punika gusti matosi.
31. Manawi boten enggala, Cundhamani sinidhikara yekti, sesining rat dados awu, gadgada sri narendra, musthi Cundhamani saksana sinungku, pamursiteng ciptamaya, mijil martyu Siwandagni.
32. Mawa praba purbangkara, anglimputi dahana wisa mandi, sirep rerep sirna luyut, tanpa tilas samana, sang yaksendra Martiki pamuksanipun, pareng linarut kang praba, prabawaning Cundhamani.

33. Samantara mangkyा prapta, gara-gara gora reh graning giri, gumuruh kang guntur ketug, cancaleng pracialita, geter pater dhedhet erawati tedhuh, limut-limut alimengan, sesining jagad tan keksi.
34. Tandha trahing Witaradya, katarima brateng yaksendra nguni, mangkana Raja Karawu, matur ring sri bathara, sapunika yen sambada tyas sang prabu, ambirat warana samya, marikseng Parswasta giri.
35. Nata manggut kaparengan, tan antara mari limunan sami, tumekeng Parswasta meru, limenganing rat sirna, katon kabeh pureng sri Parswasta tuhu, sarwa raras rum kawuryan, yayah sasatdhana keksi.
36. Samana dahat kacaryan, sri narendra mulat rengganing puri, mider-mider andudulu, lawan gandarworaja, miwah nateng Bojanagara Matahun, amanggih raksasa bajang, wangun pikun kaki-kaki.
37. Dinangu matur sajarwa, amba ulucumbuning Sri Martiki, wasta Dyaparastha ulun, minangka tuwanggana, kuwasa ngreh kang wil kalawija satus, mangkyा sami jaga pura, ing Manimantaka nagri.
38. Amung kawula priyangga, kang piniji ing reh kinen tut wuri, dhateng pundi purugipun, amba tan kenging pisah, awit saking widagda nindaki tanduk, karya mardaweng lukita, menggep manuhara manis.

XIX. Dhandhanggula

1. Dyaparastha nembah matur malih, kajawining anurut saagnya, amba punika wiyose, ngiras lalangenipun, sang raksasa raja Martiki, asring kinen nunulad, swareng rat sadarum, kang dumadi myang tumitah, kadi geter pater dhedhet erawati, guntur ketug katulad.
2. Sato paksi myang swaraning janmi, jalu estri amba saget nulad, narendra sapamyarsane, ngungu'n temah kayungyun,

arsa wikan yektining dadi, nulya wil Dyaparastha, wotsari anurut, tuladaning bawa swara, sarwa saplak tan siwah sasaki-siki, prabu sukeng wardaya.

3. Wus mangkana karsa nata mangkin, animpuna sagung ditya tawan, jalwestri kinumpula^{ke}, myang gandarwo lit agung, ingkang aneng Parswasta giri, Dewi Parwati prapta, lawan embanipun, raseksi kalih panengran, nyai emban Balwiki Marici tuwin, wil Drestha kang tut wuntat.
4. Banaspati Brakuthu tan kari, Wrahaspati sutani Bahlika, gandarwo Bahidhi mangke, ingkang angirid laku, wadya barat myang ditya kuthip, saking Manimantaka, kabeh tambak tembun, samya sumiweng ngarsendra, Dyah Parwati dinangu sapa kang kardi, pureng wukir Parswasta.
5. Dyah Parwati umatur sajati, dadosipun puradi punika, pun kakang Parwata darbe, pusakaning luluhur, yaksa raja Nirbita nguni, warni mani mantaka, paringing Hyang Guru, kuwasanipun punika, yen pinetek ing pundi kewala yekti, kawuryan purotama.
6. Sarwa sangkep sesinya mawarni, lir kahyangan ing Surabuwana, jawining pura tan pae, gumlar rakit praja gung, wawangunan samya miranti, wartinipun ing kina, punika tumurun, dhateng putra kang gumantya, prabu Niladatikawaca wawangi, rajeng Manimantaka.
7. Lami-lami tumurun ing siwi, raksasendra Niradhakawaca, laju tumrah ing putrane, Drawakawata prabu, kang kasebut nama ing nguni, raja Ardalalika, punika susunu, titiga estri pamadya, kang asepuh ditya Drawaya wawangi, Drawiyani arinya.
8. Kang taruna Drawayana nguni, katri pisan samya saktimanta, wignya manjing ajur-ajer, makaten wartinipun, sang Drawaya lan Drawiyani, samya kadarpeng karsa, tan kena sinayut, sang Drawaya kayungyun tyas, amengkua dhateng Dewi Padmawati, mangka purwakeng garwa.
9. Kang anama Dewi Padmawati, garwanipun prabu Gendrayana, nateng Ngastina wartine, sang Drawaya ing dangu,

rembag lawan Dyah Drawiyani, temah saeka praya, sami kajengipun, Dewi Drawiyani mangkya, sru kapencut kagargweng Gendrayana ji, dados sori pamungkas.

10. Sang Drawaya lan Dyah Drawiyani, sekunging tyas samya nis wisata, matyeng paran wekasane, marma pamuksanipun, sri Drawakawata ing nguni, putra nem kang gumantya, Drawayana prabu, anggaduhu Manimantaka, lajengipun tumrah ing suta wawangi, yaksendra Sarsihawa.
11. Dyan tumurun ing suta pangarsi, apanengran raja Merupadma, kang ambek susila sareh, punika siswanipun, prabu Jayabaya ing nguni, punang Manimantaka, inggih lajengipun, kadarbe dhateng pun rama, sang yaksendra Martiki antawis lami, sinungken ing atmaja.
12. Kakang raja Parwata samangkin, punang Manimantaka pineetak, kawuryan pura temahe, telas aturanipun, Dyah Parwati konjem wotsari, prabu Ajipamasa, angandika arum, paran mangkya karepira, nembah matur ananggakken pati urip, kumambang sakarsendra.
13. Anggeripun inggih den luwari, laki amba sang raja Bahlika, kang kandhap prang wekasane, kapikut winiyungyung, de ning yaksa ing Gandamayit, rehning tan tumut dosa, amung ubyang-ubyung, mugi dipun aksamaa, pun Bahlika lawan sutu mantu mami, dremi sihnat saraya.
14. Prabu mesem sampun den timbali, sang Bahlika prapteng ngayantara, dinangu ing kamulane, dadya sarayeng pupuh, nembah matur sajarwa jati, wiwitan lan wekasan, ing sasolahipun, narendra suka miyarsa, angandika heh Bahlika paran kapti, matur sumanggeng karsa.
15. Prabu kendel samantara myarsi, tangising wil karya ngresing driya, tinimbalan tanasuwe, prapteng ngarsa kadulu, kang karuna ditya kakalih, dinangu paran marma, dadya tangisipun, sawiji matur sajarwa, dhuh pukulun amba punika wil kuthip, saking Krendhawahana.
16. Sang Maraja kang adarbe dasih, amba wasta pun ditya Ren-

duma, tangis kawula katemben, kapanggih lawan sunu, kang aical kalaning alit, saweg mangke katingal, tumut ing wil ripu, dupi bibaring ngayuda, kinumpulken sagunging ditya sasami, sumiweng ngarsa nata.

17. Sang Bahlika kang kapikut mangkin, tinimbalan kerid sang Maraja, amba sakanca andherek, praptaning ngarsa prabu, amba mulat wonten wil kuthip, kadi anak kawula, kang ical rumuhun, amba marpeki tatanya, winangsulan pun Rendumeya wawangi, saking Manimantaka.
18. Tan darana amba mengkul sarwi, karuna suru kararantan ing tyas, pun Rendumeya tan pae, tumut amular keluh, amba dereng ngantos aniti, tataken ing karana, selak tampi dhawuh, sinengan prapteng ngarsendra, kalilana kawula ananaru krami, nilas wartining suta.
19. Sri narendra pareng nayogyani, wil Renduma wotsari saksana, tatanya marang sutane, kamulaning ngumulun, ring raksasa raja Martiki, wuwusing Rendumeya, maksih senggruk-senggruk, tutur duk rame samana, meng-amengan lan para wilaja cilik, anurut wanantara.
20. Ana lampor swara sri senggani, sagung para wilaja katrajang, laju karad saparane, tan ana kang rahayu, marga tibanira sarenti, padha sowang-sowangan, ana tibeng banyu, watu wukir myang jujurang, ing wekasan mung aku dhewe kang urip, kasangsang wit mandira.
21. Aneng kono nuli den temoni, wewe putih tembung amet suta, kinen anglagani gawe, barang reh ing praja gung, gugur gunung krigan karya ji, dadi wakil tumindak, manira anurut, wekasan sinung sarana, rupa kanthong kaya susuh manuk keksi, mawa praba prabawa.
22. Kanthong iku kuwasa kinardi, wawadhahing sarwa saniskara, yen ginawa entheng bae, nadyan angusung gunung, saisine kamot sayekti, nora nganggo rekasa, tur kena kinandhut, babare tan kena owah, pirang taun kewala ingong nglakoni, karyaning wewe seta.

23. Dupi ing antara mangsa mangkin, ana undhang dhawuhing nagara, angrig wadya barat kabeh, si biyung wewe pingul, wus kalilan atur susulih, manira kang tumindak, sinung mangka sadu, awarna retna dumilah, yen kinuswa tan karasa arip anglih, luput ing lesu lupa.
24. Wuwusira Rendumeya sarwi, amet kanthong lan retna dumilah, lah iki rama rupane, yen kaparenga mungguh, aturena mring sri bupati, apa sakira bisa, nanggunga uripku, Renduma kasembadan tyas, awotsari sumangga punika gusti, aturipun sutamba.
25. Prabu mesem angandika aris, mangkyia ingsun durung darbe karsa, sarampuning karya bae, sayekti ana dhawuh, dene kanthong lawan retrnadi, dimen maksih kagawa, ing sutani-reku, andheku sang wil Renduma, wus mangkana narendra met pamrayogi, pasanging reh utama.
26. Angandika mardawa malad sih, yayi Dewi Parwati samangkya, manawa padha parenge, Manimantaka itu, lestaria kang andarbeni, muhung sira priyangga, nanging yogyanipun, yayi dewi anuruta, sun srahaken ring Dewi Kalayuwati, sumurup dadi tawan:
27. Sun watara prayoga ing wuri, sang Bahlika iku tumutura, dene Wrahaspati dimen, lulus angreh amengku, ing Kandhaka amadanani, banaspati kang padha, neng kana sadarum, Bra-kuthu ingkang minangka, sor-soraning Wrehaspati amumpuni, barang reh pangawasa.
28. Si Bahidhi mangkyia dimen bali, manggon aneng kahyangane lawas, angreh sabawahe dhewe, si ditya Drestha iku, prayogane muliha mangkin, marang Manimantaka, anurutna sagung, ditya kang kari ing kana, sukur bagya manawa ana kang wajib, mumpuni mangka muka.
29. Nanging kabeh iku karsa mami, kabawaha ing sang gandarwendra, ya kakang Karawu kiye, padha nganggepa ratu, kang amurba misesa yekti, kakang gandarwa raja, sun pasrahi iku,

barang reh cara satata, tan apae labeting karya utami, met pamrih raharjeng rat.

30. Dyaparastha Rendumeya iki, ingsun pundhut miji karo pisan, traping karya ana dhewe, Dyah Parwati andheku, nembah matur anayogyani, kang dhinawuhan samya, sandika sadarum, prabu malih angandika, lah ta kakang Karawu sira ing mangkin, kang minangka nayaka.
31. Angreh wadya bacingah sayekti, kukum patrap satata sacara, nganggo empan papan dhewe, apa satatanipun, myang carane sowangan sami, lulusena kewala, anggere mituhu, marang reh parentahira, lan maninge kabeh padha sun lilani, tumameng pasamuan.
32. Tan lyan sira kang mangka pangirid, barang karya tindaking prakara, apa kang dadi adate, lestaria lumaku, aywa pisan angongowahi, ri sang gandarwa raja, wotsari andheku, matur mugi pakantuka, ing pangestu paduka kang kula esthi, sageda kalampahan.
33. Yata Dewi Parwati wotsari, aturira wonten sastra Wedha, anger-anggering barang reh, myang kagunan sadarum, kang angiket punika nguni, yaksendra Merupadma, saking wulangipun, Sri Bathara Jayabaya, tumrah dhateng pun kakang Parwata mangkin, sumanggeng karsa nata.
34. Prabu manggut wus kinen angambil, sastra Wedha prapta tinupiksa, karya kacaryaning akeh, karas kanaka luhung, guritaning sastra respati, kawuryan mawa praba, narendra kalyungyun, yayah miyat langen jiwa, ngunandika lah iki pranyaoga dadi, kanthining nata dibya.

XX. Kinanthi

1. Kapirenan tyas sang prabu, dadya nggung liniling-liling, surasane Sastra Wedha, kabeh saplak lan karsa ji, tan ana kang winaonan, wekasan angandika ris.

2. Lah yayi dewi satuhu, kang Sastra Wedha mumpuni, mangkya pamrayoganingwang, amung lakinira wajib, anggadhuha Sastra Wedha, karana wus saksat waris.
3. Lan raja Bahlika iku, pinet saraya ing nguni, anglakoni barang karya, dadi wus tan madal sumbi, anggadhuuh Maniman-taka, miwah Sastra Wedha iki.
4. Gampang ing wuri yen nuju, ana karya kang wigati, ingsun timbali den prpta, andikaning nata sarwi, maringaken Sastra Wedha, tinampenan Dyah Parwati.
5. Wotsari matur anuhun, sandika mituhu yekti, ing karsa sri naranata, prabu angandika malih, lah kakang gandarwaraja, mangkya wus palastheng kardi.
6. Ingsun iki karsa kondur, nanging pamrayoga mami, sagung kang para gandarwa, raksasa myang banaspati, kabeh padha tumutura, marang Pengging Dwarawati.
7. Apa dene para ratu, Sabrang Jawa kang abaris, ingsun arsa ambiseka, saananing kadar mami, mangka tandha katarima, denira ngawat-awati.
8. Padha nedya melu pupuh, wekasan maksih basuki, lawan karsaningsun mangkya, ko wahana turanggi, sira kakang kang prayoga, lumakua andhingini.
9. Dhawuh maring para ratu, lan warahen kakang patih, ingsun amundhut turangga, sarta konen amiranti, satataning pakur-matan, aywa kongsi nguciwani.
10. Telas pangandika prabu, gandarwaraja wotsari, mesat prapteng pabarisan, panggih lan para narpati, andhawuhaken parentah, kabeh wus sandika sami.
11. Rembag andum karya sampun, anata pangkating margi, denya methuk sowang-sowang, sri Karawu mesat malih, prapteng Pengging awawarah, marang Tambakbaya patih.
12. Ing kondurira sang prabu, karsa wahana turanggi, mundhut pethuk den sampta, satataning reh piranti, patih sampun amamatah, sampating sapalakarti.

13. Mesat malih sri Karawu, praptaning Parswasta giri, matur solahing dinuta, sukeng tyas sri narapati, ngandika manadukara, kakang mukyaning dutadi.
14. Tuhu santika ing laku, sabarang reh rampung-ramping, andheku gandarwaraja, ngandika malih sang aji, lah kakang Sampatisuta, ing sakonduringsun iki.
15. Arsa tinggal tilas pemut, wukir Parswasta samangkin, becik aran ing Parwata, tandha mentas den enggeni, pureng yak-sendra Parwata, misuwura ing sawuri.
16. Wotsari raja Karawu, nayogyani ing karsa ji, nateng Matahun sumela, wakane kula anempil, sampun dados rengating tyas, kalilana amarabi.
17. Inggih ing wukir Karawu, tandha kang ngentasi kardi, pun kakang gandarwaraja, tumanggap denya mangsuli, punika langkung prayoga, dadosa pemut ing wuri.
18. Sri Matahun manthuk-manthuk, lah loma wakane iki, ngong tempili teka gampang, mbenjang gentosan anempil, gumer kang samya miyarsa, prabu mesem sukeng galih.
19. Yata ing antara sampun, prapta kang amethuk sami, Dyah Parwati dhinawuhan, met mani mantaka nuli, arsa katupik-seng nata, saksana pinet pribadi.
20. Dipi wus kena sinambut, kawuryan warnaning wukir, mari katon dhatulaya, angungun sri narapati, katur kang mani ·mantaka, tiningalan ana keksi.
21. Gambar kaswargan linuhung, angartikeng tyas sang aji, lah iya layak kewala, kang mani mantaka iki, darbea guna prabawa, ana gambaring swargadi.
22. Nulya pinaringken wangslul, Dyah Parwati anampani, wotsari anyadhong dhawah, angandika sri bupati, asungna ing priyanya, si Bahlika kang ngrumati.
23. Sandika sinungken sampun, mangkana sri narapati, mulat langening wanarga, kang lengkeh lorah gigili, mindha sastra rinumpaka, dahat kacaryan ing galih.

24. Enjangira kang winuwus, undhang samapta miranti, dhawuh timbalaning nata, sagung raksasa raksesi, wadya barat breka-sakan, gandarwa myang banaspati.
25. Kinen mangkata rumuhun, sri Karawu kang angirit, minangka suta manggala, kalilan mesat wor angin, nanging amung sawa-tara, datan kena angungkuli.
26. Samantara budhal kebut, lelembut kabeh kaeksi, kadi sata-taning janma, samya lon-lonan lumaris, wil bajang sang Dya-parastha, mangka tengran tansah muni.
27. Anulad swaraning manuk, mawarna mawa senggani, sabawa-ning sato wana, sinalah swareng sundari, yayah pradangga Surendra, wimbuh rarasing lumaris.
28. Dyan tumedhak sang aprabu, nitih kudastra tulya sri, nateng Matahun ing wuntat, lan rajeng Bojanagari, samya wahana turangga, kaparengan ingkang prapti.
29. Sri Ngawantipura laju, anggarebeg mungging wuri, samarga-marga rarasan, sirnaning ditya Martiki, nateng Matahun wa-warta, purwa puwaraning jurit.
30. Wus mangkana kang kadulu, narendra ing Nungsarukmi, lawan para ratu Sabrang, kang methuk laju umiring, rereb ing ratri samana, aneng desa Jatimurti.
31. Pinatah pakuwonipun, jroning desa wadya janmi, para gan-darwa raksasa, kinen rumeksa ing njawi, aneng tegal sasa-wahan, sugata maneka warni.
32. Enjang budhal sang aprabu, tinata pangkatira sri, samarga-marga pethukan, lawan para nata sami, mawa tabuhan pra-dangga, sowangan laguning gendhing.
33. Sang wil Dyaparastha gupuh, tinuduh ing sri bupati, kinen sendhon bawa swara, kang awilet milangeni, nurut unining pradangga, angraras swara sundari.
34. Lumaksaneng karsa prabu, kang miyarsa ngungun sami, kayungyun yayah kasmaran, ing nalika iku dadi, rukuning janma raksasa, tan ana kang sanggarunggi.

35. Brakasakan lan lelembut, mari angriridhu janmi, malah sami pawong mitran, genti minta kang kinapti, tan ana rasa-rumasa, wus sasat waengsa pribadi.
36. Wruh memedi kang kadulu, mari kagilanen sami, saking tan darbe prabawa, sagung siluman sakalir, kungkulan pangaribawa, wibaweng nata utami.
37. Apanjang lamun winuwus, rerenggan uruting margi, lampahira sri narendra, limang dina mangkyu prapti, ampeyaning njaban praja, pakurmatan warni-warni.
38. Pradangga urut marga gung, saben saonjotan keksi, pakuwoning para nata, myang sagung punggawa mantri, sarwa raras rum kawuryan, yayah srining puspanjali.
39. Ing antara rawuhipun, aneng bale panganiti, tumedhak sri naranata, lenggah siniweng para ji, sowang-sowang tinatata, pangkating pasilan sami.
40. Putra santana sadarum, angayap ing kanan kering, Kyana Patih Tambakbaya, sumiweng ngabyantara ji, ing wuri para punggawa, sadaya ambirat kingkin.

XXI. Asmaradana

1. Lilih malih denira nglih, saengga kang taru lata, wus lawas katrangan ing we, mangkyu katurunan warsa, ing mangsa labuh kapat, samantara semi lumung, saha suhun sari sumar.
2. Mangkana sri narapati, manambrameng para nata, karaharanira kabeh, pareng wotsari sadaya, umatur nuhun samya, mintonken antuk pangestu, sawabing prabu sudibya.
3. Dupi ing antara wanci, wijiling kang pambojana, samya suka-suka kabeh, tan ana cuwa ing karsa, nutug denya rarasan, warta-winartanan laku, sasolahing sowang-sowang.
4. Luwaran sri narapati, tumameng jro purantara, para garwa methuk kabeh, samya suka paripurna, raharjaning narendra, lan para nata sadarum, wus makuwon sowang-sowang.

5. Ing ratri kang para sori, aneng ngabyantara nata, samya sembrana ature, nuwun antuk-antuk tawan, denira menang yuda, angandika sang aprabu, lan iya yayi prayoga.
6. Boyongane warni-warni, sesuk kena tiningalan, kabeh padha adi aeng, ing watara durung ana, tontonan kang mangkana, karya ascaryan satuhu, garwa tri sareng wotsekar.
7. Kadi datan wonten sami, kasusu arsa awikan, ing tawan kang adi aeng, myang sagung para parekan, tan ana antuk nendra, pating kalistik sadalu, mung ngayun-ayun raina.
8. Yata enjingira malih, prabu miyos sinewaka, mepak kang anangkil kabeh, janma raksasa lelembat, sumiweng ngabyantara, samya konjem marikelu, mulat wingiting narendra.
9. Yayah Sanghyang Pasupati, sinawakeng Suralaya, parapsari marek kabeh, mangkana sri naranata, ngandikeng gandarwendra, kakang mangkyia ensthiningsun, arsa karya kaelokan.
10. Arinira pramesawari, minta antuk-antuk tawan, kang sakira adi aeng, gandarwaraja tumanggap, dahat mangayubagya, sanalika tan kadulu, dupi ing antara prapta.
11. Angirid kang para peri, anggawa kembang wowohan, warna-warna adi aeng, mawa ganda rum angambar, myang surasa sarweca, sangku mas wawadhapun, pinatik ing sarwa retna.
12. Ing antara ana keksi, peri anggawa kukila, maneka warna di aeng, samya sengkeran kancana, pinatik ing sosotya, sowangan swaraning manuk, samya karya ela-ela.
13. Ing antara malih prapti, peri nggawa raja mirah, sosotya wungkulon kabeh, rineka puspa hernawa, isi tirta suganda, warna-warna minanipun, kabeh samya mawa praba.
14. Ana peri katon malih, samya mikul sengkeran mas, isi sato cilik kabeh, kang tutut-tutut kewala, maneka warnanira, sowangan swara rum-arum, angraras reh katuridan.
15. Tembak timbun ing ngarsa ji, sagung para peri samya, samya yu anem warnane, karengga dening busana, wus sasat waranggana, saking Kaendran tumurun, maring nggon sudira brata.

16. Angungun sri narapati, tan anyana yen mangkana, kadadeyan ingkang tinon, ing wau pangesthinira, amung wil Dyaparastha, myang sagung para lelembut, kalilan tumameng pura.
17. Wignyane sang gandarwoji, karya lalangen mangkana, mrih sukeng wardaya katong, saha garwa paratmaja, supaya tan kuciwa, wekasan wotsari matur, pukulun sri bathareng rat.
18. Sumangga punika gusti, ing pangesthi padukendra, sumangga karsaning katong, saking parmaning jawata, ulun darmi kewala, angirid ing ngarsa prabu, nyumanggakaken sakarsa.
19. Angandika sri bupati, kakang anedha narima, denya tumanggap dadine, ana lam-lamen sarwendah, ing mangkya karsaningwang, para peri kabeh iku, iriden tumameng pura.
20. Sri Karawu matur aris, pukulun yen kaparenga, wontena tengran lebete, mawi tabuhan kadhoprak, bendrong gen-dhong kothekan, tawan lelembat sadarum, dadosa panga-jurira.
21. Pinilihan kang parestri, pantes kawujudanira, miwah sangkep ing pangangge, sampun saru tiningalan, dening para wanita, samya ngigela sadarum, kang bawa swara sumangga.
22. Aturing gandarwa pati, kasembadan tyas narendra, anuduh pawongan loro, sami kinen rumantia, kadhoprak lesung kawak, pipilihan kang anabuh, estri widagdeng kothekan.
23. Samantara wus miranti, luwaran sri naranata, para ratu sanane, kalilan tumameng pura, pareng sagunging tawan, wus mangkana sang aprabu, lenggah madyaning paningrat.
24. Ajajar lan prameswari, ingayap para parekan, kang sumiweng ngarsa katong, putra santana pepakan, patih myang para nata, andher ing latar supenuh, mabukuh pasilanira.
25. Mangkana gandarwoaji, tampi sasmiteng narendra, wotsari mesat ing mangke, anuduh kang bawaswara, wil Dyaparastha tanggap, anulat swara rum-arum, kadi lalagoning janma.
26. Kadhoprak kang anyalahi, binarung bendrong kothekan, datan antara lebune, kang para menthek seluran, samya ngigel

- sadaya, mari medeni dinulu, denya kongkulan prabawa.
27. Angandika sri bupati, maring garwa miyang pawongan, lah iku kang aran menthek, gawene anggung sikara, ing sawah-sawah samya, para garwa samya ngungun, cethi kabeh kagawakan.
 28. Dhawuh sasmitaning aji, suwuk kang bendrong kothekan, ki-nen salin lalagone, sagunging menthek kalilan, kendel pangigelira, makidhupuh samya lungguh, tarap aneng palataran.
 29. Dyaparastha bawa malih, nulat swaraning kukila, tibeng salahan sumenger, mindha unining harina, binarung lan kadhoprak, gendhong kothek kumaruwuk, tistis tyase kang miyarsa.
 30. Datan antara kaeksi, para janggitan kumerap, samya ngigel ting karogel, narendra ngandikeng garwa, yayi iku janggitan, naracak bajang sadarum, rambut abang ambragadag.
 31. Karembe saba ing kali, amet mina kang pinangan, anglimpe sepinjing uwong, bolong ambedhah bendungan, ngungun kang para garwa, wus mangkana dhawuh suwuk, salin laguning kadhoprak.
 32. Janggitan kabeh alinggih, tan antara Dyaparastha, bawa swara alalagon, lir sundari kamarutan, sinalahan kadhoprak, bendrong kothekan ambarung, akarya ngres kang miyarsa.
 33. Sanalika kang kaeksi, para wedhon jojogedan, pating kathuwel angleter, sowangan pangigelira, prabu ngandikeng garwa, iku wedhon aranipun, kabeh kaya nini tuwa.
 34. Karembe padha aninis, aneng panggonan kang kiwa, sepinjing wong nyolong endhog, lamun tan antuka tigan, susuker kang pinangan, marma semburira ampuh, kaya wisaning taksaka.
 35. Garwa lan parekan sami, ngungun esmu miris ing tyas, suwuk malih tabuhane, wedhon wus lungguh atarap, yata wil Dyaparastha, wiwit bawa salin lagu, nulat swaraning sulingan.
 36. Gendhong kothekan nyalahi, kadhoprak asarawungan, binarung sinang dhug-dhug neng, tampah cemung kang kinarya,

- samantara kawuryan, sagunging wewe aselur, parigel pangigelira.
37. Prabu angandikeng sori, mara yayi tingalana, yaitu kang aran wewe, dhemenane salah karya, sok amet rare dolan, sinigitken soring susu, datan kawruhan ing janma.
 38. Mulih lamun den tabuhi, dhug-dhug neng cemung lan tam-pah, si wewe ngigel angleter, garwanira kagawokan, suwuk kang tatabuhan, wewe kendel samya lungguh, mabukuh ing palataran.
 39. Mangkyu sang gandarwopati, dhinawuhan angandika, wus kakang samene bae, wuryaning suba manggala, iriden kang sarwendah, nanging kakang karsaningsun, anguyu-uyu pradanga.
 40. Gamelan salendro muni, gendhing Boyong aprayoga, gandar-woraja ature, gusti langkung kasinggihan, nanging yen kaparenga, supados sangsaya gambuh, gambiraning kang tumingal.

XXII. Gambuh

1. Wontena kang narawung, raras ruming swara mrih aruntut, inggih pun wil Dyaparastha ingkang menthi, widagda marda-weng sagung, wiramanipun tan dhompo.
2. Wotasri sri Karawu, kasembadan ingw, rdaya prabu, wus atata pradangga salendro muni, swara rum yayah angirup, wohing rat kabeh tanpa ndon.
3. Narendra wus anuduh, maring sang wil Dyaparastha laju, narawungi anut wiramaning gendhing, kang sinawung reh raras rum, sri taman murweng lalagon.
4. Ginupitan ing kidung, kembang-kembang wowohan sadarum, urut kadi lalagoning janma yekti, tan antara peri satus, sami tumameng kadhaton.
5. Anggawa pusrita rum, myang wowohan sarweca sadarum, warna-warna winadhahan sangku rukmi, pinatik sarwa retna byur, mubyar sunaring sosorot.

6. Salin guritanipun, para manuk rinipta ing kidung, samantara peri satus manjing puri, kukila gagawanipun, samya sengkeran mas abyor.
7. Ganti gupiteng kidung, mina-mina sareng peri satus, selur sami nggawa raja mirah akik, isi tirta suganda rum, mawarna mina aneng jro.
8. Wekasan kang kinidung, guguritaning sato sadarum, amarengi kang para peri sabiting, selur sami amimikul, sengkeran mas isi sato.
9. Mangkana kang para rum, jroning pura cingak duk andulu, marang peri samya ayu-ayu sami, pantes lan gagawanipun, kabeh sarwa di kinaot.
10. Gandarworaja matur, peri samas punika pukulun, sabebektanipun adi aeng sami, tawan utami sadarum, ing pambage mangsa borong.
11. Narendra mesem muwus, si Parwati teka tan tumutur, timbalana salakine aja kari, lan diyu ditya lit agung, padha iriden maring jro.
12. Nembah raja Karawu, lengser saking ngarsa wangsulipun, wus angirid sang Bahlika myang Parwati, prapteng ngabyantara prabu, suwuk ingkang gendhing Boyong.
13. Mijil sugata prabu, marang para peri myang lelebut, rinukti kang dadi karemane sami, samana luwaran sampun, mung peri maksih aneng jro.
14. Mangkyu raja Karawu, dhinawuhan lumaksana gupuh, maring Krendhawahana kinen angirid, ditya tawan lan babantu, saliring weling wus kamot.
15. Wotsari mesat sampun, angambara myang ditya sadarum, sanalika prapteng Setragandamayi, Sri Kalayuwati nuju, lengkah sorong waringin wok.
16. Siniweng Dhadhungawuk, gandarwendra marek makidhupuh, angandika Bathari Kalayuwati, lah sira prapta Karawu, baya dinuteng sang katong.

17. Raja Karawu matur, inggih estu kawula ingutus, kang rumuhun ngaturaken pangabekti, sarta sangeting panuhun, dene sih paduka yektos.
18. Amaringi babantu, ing wekasan unggul juritipun, kaping kalih angaturaken upeksi, kang minangka antuk-antuk, tandhane jayeng palugon.
19. Awarni tawan satus, raksasa myang raksesi puniku, anjawi kang bangsa lelembat wil kuthip, mukyaning tawan sadarum, diyu wanudya yu anom.
20. Parwati namanipun, putri Manimantaka puniku, imah-imah antuk ratu banaspati, tengran sang Bahlika amung, saking sarayan kemawon.
21. Kang kaping tiganipun, angaturken siti uyun-uyun, sumerepa dados pituwasing jurit, dhateng kang sami babantu, punggaweng ngriki kemawon.
22. Wukir ler wukir kidul, sauruting jurang siluk-siluk, kang asungil rumpil dhengkil angarikil, barang taneman tan tuwu, rekaos ginarap ing wong.
23. Kaping sakawanipun, mangkya wayah paduka sang prabu, angaturi uninga bibaring jurit, kalajeng karsa dhadhwuh, matah karya sampun dados.
24. Makaten dhawahipun, dhateng Dewi Parwati puniku, mangkya yayi anuruta karsa mami, sun srahken sira ing mbesuk, maring panembahaningong.
25. Ingkang kahyangan iku, aneng Krendhawahana ganda rum, apanengran Bathari Kalayuwati, lakinta dimen tumutur, becik dadining lalakon.
26. Si Wrahaspati iku, lestaria denya ngreh amengku, ing Kandhaka madanani banaspati, kang aneng kana sadarum, aywa na kang walang atos.
27. Dene ta si Brakuthu, iku maksih lestaria milu, amumpuni kuwasaning Wrahaspati, si Bahidhi dimen wangsul, aneng nggon lawan kemawon.

28. Si ditya Drestha iku, prayogane muliha den gupuh, maring Manimantaka narubna kang wil. gung alit dimen angumpul, rukuna aywa na diyon.
29. Nanging ta kabeuh iku, kabawahah ing kakang Karawu, iya padha anganggepa narapati, ditya Dyaparastha iku, lan wil Rendumeya karo.
30. Miji dhewe aneng sun, traping karya sayekti sinambut, lah punika dhawahing wayah narpati, rehning sampun katarucut, nuwun aksama kemawon.
31. Amba sumanggeng kayun, sri bathari mesem sarya muwus, heh Karawu sira mukyaning duta di, widagda nindaki tanduk, tanggap wardaweng wiraos.
32. Matura ing ratumu, sun tampani tawan uyun-uyun, dahat suka anarima sun lilani, anglulusena kang dhawuh, raja Karawu wotsinom.
33. Pamit kalilan sampun, mesat prapteng Pengging nembah matur, saking purwa madya wasana tan lali, dadya sukaning tyas prabu, wekasan angandika ion.
34. Kakang sayogyanipun, sagung para peri samas iku, balekena marang kahyangane sami, yen ana karya ing pungkur, gampang den undang kemawon.
35. Gandarwendra wotsantun, samantara mangkyia sang aprabu, anggaganjar sagung ratu myang pra resi, wus sami kalilan mantuk, sapungkure para katong.
36. Prabu sungkaweng kalbu, dening Dewi Naru sangdyah ayu, kawaryan kang nityesmu putek kapati, saenggon-enggon kapiluh, tambuh daruneng wirangrong.
37. Dinangu marmaning kung, angaturken wasiteng karuhun, wewelinging rama sang Kapyara resi, mbenjang yen ingsun kadulu, aneng netranireng karo.
38. Ingsun dumuk satuhu, mari lebdaijiwa ing tumuwuh, kendel aturira Dewi Suskandani, narendra miyarsa ngungun, mangangen-angen tyas kepon.

39. Tan antara kadulu, sang narendra Daruka puniku, arinira Dewi Daruki duk prapti, atur uningeng sang prabu, saliring reh kang kalakon.
40. Wonten wisayeng satru, kang tumanduk karya aru biru, anemahi pamuksaning rama resi, apratandha dhedhet tedhuh, pareng warsa rum katongton.
41. Nunten kawula antuk, sasmitaning dewa mesat sampun, panggih lawan kang karya upaya sandi, wonten ing gagana anggung, susumbar andhandhang mungsoh.

XXIII. Dhandhanggula

1. Pusakaning buyut kang awarni, taragnyana punika minangka, pangandel upayaning reh, makaten ujaripun, lamun maksih pusaka mami, paringe Hyang Berawa, marang kaki buyut, kang wiswagni taragnyana, pagenea teka datan tumpes tapis, sesining nuswa Jawa.
2. Duk miyarsa kawulasmu tistis, mesu budi saksana kabuka, parmaning dewa yektine, amba marpeki gupuh, tinakenan tan jarwa jati, angaken Nagaraja, saking samodra gung, arsa maring Ulupampang, sang maharsi Kapyara dinuk ing pamrih, met walesan wisesa.
3. Ing nguni duk patining sudarmi, sinikara dening sang Kapyara, tanpa karana barang reh, marma adreng ing kayun, anrang baya sedya pupulih, atandhing kasantikan, duratmaka muwus, rengen ta heh Nagaraja, sun jateni resi Kapyara ing mangkin, wus sirna sanalika.
4. Kataman ring guna pangaskreti, iya saking kasudibyaning-wang, kang taragnyana wiyose, pusakaning bubuyut, Hyang Berawa kang amaringi, sangkaning dhawuh marma, antuk nugraha gung, sang buyut raja Kosara, ing Kalinggapura anggung den gigiri, dening satru wisesa.
5. Sotyaning tyas sanityasa tistis, pangikising karsa tilar praja, martapeng sunya temahe, Hyang Berawa tumurun, sung wa-

sita lawan retrnadi, sirnaning parangmuka, dening retna iku, aprabawa taragnyana, kang tinuju ing kamayan pangaskreti, syuh sirna tanpa sesa.

6. Ing antara lama kang retrnadi, iku dadi pusakaning eyang, Brahmanaraja namane, sabanjure tumurun, maring rama Kalinggapati, tengran raja Karsula, tumeka maring sun, duk maksih rama narendra, awawarah heh Sangara sun jateni, supaya prayitnaa.
7. Tembe lamun sira madeg aji, den waspada kang dadi babaya, ing Ulupampang sangkane, ana paliyasipun, tampanana iki retrnadi, saking Hyang Siwaswara, marang bubuyutmu, retrnadi mawa prabawa, taragnyana mawardi temah wiswagni, pamunahing dueyasa.
8. Dupi ingsun wus tampa retrnadi, boyo lawas gumantyeng sudarma kelingan sawasitane, iku karananingsun, anekani adreng ing ati, sang Kapyara temahan, puput janjinipun, sirna dening taragnyana, heh Nagendra pangesthinira ing mangkin, dadi wus tanpa karya.
9. Narimaa maring sun sayekti, saking karsaning dewa mangkana, sang Kapyara panemune, lah iki warnanipun, ingkang dadi marganeting pati, retrnadi aprabawa, taragnyana mertyu, tingalana den waspada, dupi mulung lajeng kawula tampeni, ing tutuk kawistara.
10. Prabaning kang retrnadi kaeksi, amrangangah abrit kados wangwa, sareng watawis kalimpe, lajeng kawula ulu, duratmaka minta retrnadi, amba muwus sajarwa, ing wekasanipun, duratmaka anggraита, datan mawi antan-antan kang jurit, nirbita anrang baya.
11. Duk narajang kawula tadhahi, ramening prang tan wonten kasoran, antawis dangu kalimpe, lajeng kawula sembur, prabaning kang retrnadi murti, duratmaka kataman, ring reh kalamretyu, sirna sami sanalika, amba mantuk prapteng sendhang Toyawangi, wonten satru kawuryan.

12. Duratmaka dados bajul putih, kapiyarsa denira susumbar, sri Sangara pangakene, minta pusakanipun, kang awarni retrnadi murti, kawula anggraита, kalingane iku, kadadyaning duratmaka, marma tukung tan sambada mretra sami, sangling aneng jro sendhang.
13. Dangu datan kawula sauri, sang buaya lajeng anarajang, gumi-lang solah bawane, peksambek angun-angun, ulun panggah anembadani, dening sor karosanira, parikedah budi nanging tan kuwawi, nimbangi kasantikan.
14. Mila tansah kawula pisakit, kasabetken ing toya punika, minangka paukumane, sadalu kaping satus, apunagi ngantos dumugi, pralayeng pramudita, bajul anglempuruk, kala makaten punika, rare angen maesa samya ningali, dados sukaning driya.
15. Ing wekasan pun buaya putih, analangsa minta pangaksama, kasagahanipun aneh, rumekseng mesa ndanu, ingkang wonten pangenan sami, rare angen sadaya, sareng nguwuh-uwuh, bendara sang Nagaraja, yen saestu sagah pun buaya putih, prayogi linuwaran.
16. Witne mboten susah den kandhangi, dimen wonten pangenan kewala, kang maesa sadayne, kawula teka nurut, laju mesat prapteng ngarsa ji, angaturi uninga, punika pukulun, sumang-geng karsa paduka, pun buaya punapa dipun pejahi, utawi ginesangan.
17. Sri narendra angandika aris, lah ta yayi Daruka ing mangky, pangunguningsun temahe, dadi pangimur-imur, pambeng-kasing duhkita yekti, saking kuwasanira, bisa munah satru, mungguh muksane si paman, pan doning hyang pinupus santoseng budi, manawa katarima.
18. Dene iku si buaya putih, lulusena pamisesanira, nanging sawatara bae, iya benar wus kokum, rehning mengko nalangsa kadi, satataning katawan, lawan iku saguh, rumakseng para maesa, sayektine wenang den apura yayi, sirantuk sihing dewa.

19. Pira bara katemuning wuri, nirmalanta marmaning bathara, waluya jati ing tembe, saiba sukaningsun, sang Nagendra miyarsa met sih, matur mangayubagya, saandika prabu, menggah ruwating cintraka, kang saestu amba dremi anglam-pahi, saking sih padukendra.
20. Nanging dereng masa ing samangkin, taksih remen rumekseng talaga, angsala pangestu dimen, manggen silarjeng tuwuh, wahananing kahanan jati, pamit sampun kalilan, mesat saking ngayun, sapungkure Nagaraja, sri narendra tansah denya ngimürü, ring garwa kang duhkita.
21. Miwah Dewi Soma mangkyा maksih, anglilipur maring maru-nira, yayi iki wus sedhenge, biraten sungkawamu, dene sira wus amiyarsi, aturing rayi nata, nggalur kongsi tutug, kapikuting duratmaka, dadi bajul winisesa saben wengi, wekasan analangsa.
22. Wuwusira Dewi Soma sarwi, ngejum keswaning maru samana, Dewi Daruki lipure, karya medha panutur, myang panuntun tekeng panitis, pirang-pirang asahan, sangkep sesinipun, miwah dupa gandawidha, dadya sukanireng kang samya kan-dhuri, carikan warna-warna.
23. Wus mangkana karsa nata mangkin, angadani adegging witana, kulon Pamedan prenahe, lering udyana meru, let gapura lan panganiti, semana sinung aran, Bale Darmakestu, mangka langgar kabuyutan, uparengganira sambada sarwa sri, tan ana kang kuciwa.
24. Nahan prajeng Pengging Dwarawati, kawuwusa ing Krendha-wahana, sang Dewi Parwati mangke, sampun jinunjung lungguh, dadya patih amisesani, saniskareng prakara, bang-bang alum-alum, barang reh sarwa kuwasa, datan pae lan Dewi Kalayuwati, kedhep ing wadya barat.
25. Ya Parwati ya Kalayuwati, yayah wawayangan ring paesan, sarkara lawan manise, yen tan ana kadulu, Sri Bathari Kalayuwati, Dewi Parwati mangka, wuryaning pandulu, samana

raja Bahlika, kang dinuta marang Pengging sung udani, ing prabu kaparengan.

26. Marma lamun tatawuran aji, Dyah Parwati kang tampi maesa, lawan sapalakartine, datan antara dinum, maring para yaksa raseksi, tumekeng wadya barat, warata sadarum, samya suka sukuring tyas, kawuwusa wonten punggawa ing Pengging, wismeng tampingan praja.
27. Janggamure kasubing wawangi, marek maring ngabyantara nata, atur uninga wiyose, darbe maesa lawung, binarak ing raksasa kuthip, kalacak saking tapak, ing kapanggihipun, sampun pejah den pupurak, wonten dhangkaning wil kuthip akapanggih, wasta ditya Kacemba.
28. Sri narendra saksana anuding, sang wil Dyaparastha Rendumeaya, kinan amilungguhake, ing sapranatanipun, sri bathari kang bener becik, kelare linakonan, wil kalih wotsantun, mesat saking ngabyantara, prapteng Krendhawahana sampun kapanggih, lawan raja Bahlika.
29. Andhawuhken timbalan narpati, nulya sami kerid sakaliyan, marek maring batharine, matur dinuteng prabu, milungguhken raksasa kutip, dhustha paksa ambarak, kang maesa lawung, tinaken pangakenira, wasta ditya Kacemba ing Sanggarunggi, juru tenung petangan.
30. Angandika Sri Kalayuwati, timbalana si ditya Kacemba, pagene asalah gawe, raja Bahlika matur, wil Kacemba sampun alami, meh sataun punika, nandhang sakit abuh, bathari wagugen ing tyas, pinariksa satuhune nandhang sakit, tan bisa anggulawat.
31. Dyah Parwati dinuk ing pangaksi, ananggapi kang dadya sasmita, raja Bahlika ingawe, tinuduh adhadhawuh, mundhut sungu maesa bothi, singa kang adarbea, ganjaranira gung, watara para raksasa, dhinawuhan tan ana bisa ngaturi, amung ditya Renduma.
32. Marek maring ngabyantara sarwi, ngaturaken kang sungu maesa, sang wil Rendumeaya kaget, wruh lamun ramanipun,

darbe sungu maesa bothi, yekti mangsa wurunga, pinidosa ikut, traping ambarak maesa, lan angrampas rajadarbe padha ugi, kaplaksana ing praja.

33. Rendumeya nulya marepeki, atatakon maring ramanira, apa kang dadi sababe, ambarak kebo lawung, wil Renduma kagyat nauri, lah iku kebo apa, ingong tan sumurup, sungu iki wruhanira, antuk saking wil Jangli ingsun urupi, lawan arca Berawa.
34. Mengko katur ing gusti bathari, wuwusira sang ditya Renduma, denya sujarweng sutane, kapiyarsa satuhu, marang Dewi Kalayuwati, kang sungu wus tinampan, dumadya marbangun, anguningani wardaya, Dyah Parwati tanggap sasmiteng bathari, aniti patanyanya.
35. Heh Renduma sajarwa jati, sun takoni kang sungu maesa, saka ing ngendi temene, wil Renduma wotsantun, aturira rentes patitis, tanpa ta ariringa, pukulun saestu, saking wil Jangli punika, amba darbe arca Berawa kinardi, pupundhen panembahan.
36. Rinemenan dhateng pun wil Jangli, tansah denya maripih ing mangkya, wonten jalaraning pamet, makaten wuwusipun, sang Renduma punapa tampi, dhawuhing undhang-undhang, kang ngaturi sungu, sayekti antuk ganjaran, wawangsulan enggih kula sampun tampi, nanging saweg ngupaya.
37. Dereng antuk sungu kang prayogi, pun wil Jangli malih wuwusira, antuka sungu kang sae, yen dede kebo lawung, inga turna yekti tan tampi, daweg sami rembugan, manawa sareju, kula darbe sungu dhalplang, kalih rakit singate maesa bothi, tan wonten kang kuciwa.
38. Wau sampun katur kang sarakit, dados kantun sarakit punika, andika aturken mangke, agung ganjaranipun, kula amung ndika urupi, ingkang arca Berawa, makaten pukulun, wil Jangli wicantenira, Dyah Parwati saksana kinen nimbali, sang wil Jangli wus prapta.

39. Dyan dinangu karananing nguni, awit denya ambarak maesa, kalawan ing wekasane, araning lyan sinambut, doracara apus ing krami, wil Jangli katresan tyas, matur esmu gugup, milamba ambarak mesa, saking sanget kaluwen saanak rabi, rekaos met baksana.
40. Mila wastaning lyan den akeni, awit saking pun ditya Kacemba, sampun sanget ing sakite, manawi lajeng lampus, yekti muspra ingkang prakawis, mila angapuskrama, saking remenipun, dhumateng arca Berawa, mila purun doracara angakeni, sampun sasaos singat.
41. Pakeweding manah mbokmanawi, katitika kang singat punika, pun ditya Renduma dimen, manggih plaksananipun, sampun ngantos kula nemahi, kawisesa ing praja, wil Jangli wotsantun, telasing atur sajarwa, Dyah Parwati bangun tyas kabangan keksi, saksana nungku karsa.
42. Matur maring Bathari Yuwati, pun wil Jangli lepat ping sa-kawan, sumanggeng karsa pantes, menggah panimbangipun, yen ambarak maesa bothi, saking wana pangenan, kang darbe angruruh, kapanggih sampun pinurak, pantesipun kang mi-nangka ili-ili, wijiling rarayahan.

XXIV. Mijil

1. Janggamure kedah anampeni, ili-ili tinon, samurwate maesa tan pae, rajakaya lintu rajapeni, rajakaya sami, ing panimbangipun.
2. Nadyan warni bendho bodhing kudhi, angger aeng elok, animbangi sagung raja darbe, menggah namaning lyan kang sinilih, wil Kacemba maksih, dados jurutenung.
3. Timbangipun anjawat pawestri, inggih semahing wong, yekti manggih wirang patrapane, dinalihken dhateng Sanggarunggi, wil Kacemba tampi, saantawisipun.
4. Timbangipun yen angapuskrami, masang reh piawon, sinakit-an inggih patrapane, lawan arca winangsulken malih, wil

Renduma tampi, mangsulena sungu.

5. Menggah doracara asengadi, sandining wiraos, ngaken sampun katur saosane, timbangipun met kagungan aji, amanggih bila-hi, ing patrapanipun.
6. Telas aturira Dyah Parwati, wekasan wotsinom, Bathari Yu-wati ing samangke, sukeng driya manadukarani, ring Dewi Parwati, denira mirukun.
7. Met papatut timbanging prakawis, ngunandikeng batos, sis Parwati tuhu tan apae, lan wong jalu birawaning budi, baya iku becik, kinaryaa wangsul.
8. Kaatura wayahingsun aji, denira milunggoh, wus pakolih pamariksaning reh, karampungan mangkono yen dadi, ilanging dhendha mrih, pirukun kang patut.
9. Wus mangkana angandika aris, maring duta karo, matura ing wayah aji mangke, aprakara kang maesa bothi, papariksan mami, pakolihing laku.
10. Sira karo wus padha miyarsi, ing pranataningong, amborong-ken kang dadi karsane, si Renduma kalawan si Jangli, saka-rone becik, katura sang prabu.
11. Kang supaya dinangu pribadi, purwaning lalakon, Dyaparas-tha wotsari ature, aprayogi sang Dewi Parwati, marek ing ngarsa ji, pralebdeng pandangan.
12. Kasembadan ing tyas sri bathari, andikanya alon, heh Parwati lumakua dhewe, angirida si Renduma Jangli, si Bahlika becik, milua lumaku.
13. Dyah Parwati umatur wotsari, tandhaning piawon, singat mi-wah arca prayogine, ulun bekta mangka cihna bukti, kalilan tumuli, mesat saking ngayun.
14. Angambara ditya nem duk prapti, ing Pengging wus anjog, laju marek maring pura bae, pramukaning duta wil kakalih, matur reh tinuding, denira milungguh.

15. Asasandhan sang Dewi Parwati, uruting lalakon, dyan dinangu matur kamulane, papariksan timbanging prakawis, lawan cihna bukti, arca sungu konjuk.
16. Sri narendra angandika aris, manawa mangkono, wus pakoleh titi pariksane, heh wil Jangli sira sun takoni, apa ta sayekti, kaya ingkang katur.
17. Sang wil Jangli nembah matur aris, pukulun sayektos, lampah amba makaten ing mangke, pejah gesang sumanggeng karsa ji, mesem sri bupati, angandika arum.
18. Heh wil Jangli sajarwaa yekti, ingsun atatakon, rupa apa darbekmu kabehe, jroning wisma kang kalebu peni, nadyan remeh ugi, yen pedah rahayu.
19. Jangli matur amung andarbeni, sela kambang tinon, lir antigan paksi suwarnane, nanging agung swabipun ugi, kinarya usadi, ing sasakit abuh.
20. Kinaluku lawan toyu tuli, kanthi sekar konyoh, kainumken mboten atelangke, abuh kingsep sirnaning sasakit, sanalika bangkit, angangkat sakayun.
21. Dhawuh kinen angambil tumuli, wil Jangli wotsinom, mesat saking ngarsendra ing mangke, prapteng wisma wus amet seladi, sanalika bali, angaturken watu.
22. Karsa nata cinoba tumuli, mundhut sekar konyoh, tirta tuli wus cumaos kabeh, sela kambang kinaluku aglis, matah kang tinuding, maringaken banyu.
23. Usadane wil Kacemba yen wis, mari lara aboh, tinimbalan samangsa-mangsane, wil Renduma mangkyu kang lumaris, prapteng Sanggarunggi, samana kapangguh.
24. Wil Kacemba tan bisa alinggih, maksih sarwa aboh, kainuman tirta usadane, sanalika nirmala kaeksi, wus waluya jati, samantara lungguh.
25. Dhinawuhan lamun den timbali, marining kaleson, winang-sulan sandika penede, lah suwawi mangkat sapuniki, badan kula mangkin, empun mantun lesu.

26. Adan samya mesat wil kakalih, prapta ngarsa katong, wus winartan ing reh saurute, wil Kacemba angungun kepati, wekasan wotsari, matur nuwun sewu.
27. Denirantuk pitulung usadi, waluyaning aboh, saking prabu sang sudibya ing reh, ananggakken jiwa raga mangkin, sakarsa narpati, lumaksaneng dhawuh.
28. Angandika alon sri bupati, heh Kacemba mengko, narimaa arinira pinet, den akoni araning wil Jangli, wus timbang usadi, dadi nirmalamu.
29. Si wil Jangli katrap andadasih, maring sira mengko, nandhang wirang iku temahane, bisa wurung saka pangusadi, wus timbang sayekti, Kacemba andheku.
30. Matur sampun anarima inggih, mboten walang atos, sri na-rendra malih andikane, heh Parwati warahen si Jangli, watu maosadi, ing mangkyu sun pondhut.
31. Pamurunging njarah-rayah dadi, wadal watu ijo, sun paring-ken ing si Janggamure, sumurupa dadi ili-ili, kebone kang mati, binarak ing diyu.
32. Nadyan rupa watu timbang yekti, lan ajining kebo, iya dene agedhe sawabe, Dyah Parwati nembah andhawuhi, maring sang wil Jangli, nyumanggakken watu.
33. Janggamure kinen anampani, ngandika sang katong, heh Parwati mungguh arca kiye, wus benere yen balia maring, wil Renduma nuli, ambalekna sungu.
34. Dene katrap linaran si Jangli, kena yen liniron, barang karya kang abot sanggane, aneng sira dhewe traping kardi, mungguh met sangadi, durung kena kokum.
35. Mung den pepet pandumaning bukti, tawuran gegecok, ing sajroning telung taun bae, sabab iku durung kongsi dadi, duhkiteng bathari, sandining pamuwus.
36. Dyah Parwati nembah nembadani, pranataning katong pamit sampun kalilan angkate, sareng lawan sang Bahlika mangkin, wil Renduma Jangli, Kacemba tumutur.

37. Prapteng Krendhawahana marengi, sri bathari miyos, Dyah Parwati matur saliring reh, sukeng driya Sri Kaiavuwati, denira tan tebih, lan pranatanipun.
38. Tunggal misah ing wekasan sami, sami mpaning raos, Dya Parwati kinen matrapake, wus kalilan sasowangan mulih, tan ana nalisir, lestari samya tut.
39. Kawuwusa nagari ing Pengging, mangkyu karsa katong, amewahi paglaran wadya keh, saubenging bale panganiti, sinungan wisma lit, unggyan wong mamarung.
40. Lamun nuju miyos tanggap warsi, sagung wong nononton, lan wadyaning para ratu kabeh, pinaringan sarana kang dadi, urupaning bukti, sawataranipun.
41. Karsa nata mangkana lestari, kadadeaning don, meh rampunging karya ana kere, papariman sinung mas sademi, tan arsa nampani, maksih nuwun wuwuh.
42. Sinung malih meksa dereng tampi, kongsi pirang bobot, maksih anggung angudi wuwuhe, prabu kewran ing driyasmu runtik, ngandikeng papatih, takonana iku.
43. Kayaparan karepe sayekti, aywa weh pakewoh, wus dinangu aturira sareh, kalingane sang ratu upami, taksih andarbeni, kareman panggunggung.
44. Yen makaten mboten anetepi, kotaman sayektos, dene saweg cinoba ing kere, teka asmu ruditeng tyas kadi, tan arsa nguswani, sinoming para rum.

XXV. Sinom

1. Garaning nggayuh utama, mboten saking amet pamrih, mung taberi barang karya, anggung marikseng wadya lit, kang edan jompo sakit, pejah ing saenggenipun, wajib kapulasara, sinungan waragad sami, murugaken raharjeng rat pramuditya.
2. Karanten ratu punika, ing babasanipun wajib, amrih engeting wong edan, maluyakaken sasakit, wong jompo den ingoni,

tiyang pejah tanpa dunung, kinukup jisimira, kapetak ingkang prayogi, yen makaten tuhu kakasingh dewa.

3. Pae lawan bangsa sudra, kang kadi kula puniki, mboten amet kotamannya, kang kaesthi siyang ratri, mung papariman kongsi, kasebut tuntunan beruk, sanadyan sudra papa, yen kang lepas ing pambudi, yekti taksih anggayuh madya utama.
4. Lumuh ing reh kang anistha, sandeyaning tyas manawi, kalajeng lampah kanisthan, tan wun atemaha nisthip, kandhangan risak yekti, mila ing jaman rumuhun, wonten ta tiyang sudra, mumulang sua pribadi, den taberi rumeksa ing kauripan.
5. Sarana tumindak madya, pamardi lawan marsudi, mardi wedaling ardana, marsudi sidaning dadi, saking gemi nastiti, ngati ati barang kayun, anganggoa duduga, watara ingkang prayogi, yekti bangkit kabangkat koripanira.
6. Suta mituhu ing bapa, dhasar kasinungan budi, lepas panggraiteng driya, ing wekasan sarwa dadi, kasebut wong utami, tumrah dhateng anak putu, wusnya matur mangkana, kere muksa tan kaeksi, kapiteng tyas Bathara Ajipamasa.
7. Sampun anduga yen dewa, tumedhak paring pepeling, Kyana Patih Tambakbaya, kang tinuduh mariksani, maring wong jro nagari, tekan desa gunung-gunung, lamun ana wong edan, lawan wong jompo ing kardi, wong kalaran wong mati tan kaopenan.
8. Katura pratelanira, saamurwating kang prayogi, patih laju undhang-undhang, warata kabeh miyarsi, samana amarengi, ana wadya tuwaburu, angaturi uninga, lurah Dhungke angemasi, tanpa waris miwah sanak kadang warga.
9. Pinariksa kang kunarpa, murub ujwala nelahi, ganda rum marbuk angambar, laju muksa tan kaeksi, ngungun sri narapati, patih dhinawuhan gupuh, anyandhi tilasira, kang rumeksa den lilani, angenggoni wismaning Dhungke sadaya.
10. Samana sadina-dina, wetuning brana jro puri, ingangge pamulasara, miwah kinarya mamancing, dupi antara sasi, nuju

wekasaning taun, masa Asuji mangkya, prabu karsa angadani, sumur bandhung jro kadhaton apajupat.

11. Pandhudhuking kidul wetan, manggih arca kancana di, wangan gun sata matarangan, aciri baboning rukmi, kawasa angundhaki, mas kang kedhik wawratipun, dinekek soring arca, ironing sadina sawengi, mundhak tikel wawrating rukmi punika.
12. Prabu sukeng tyas samana, kang adhudhuk-dhudhuk sami, ginanjar samurwatira, ing antara sumur dadi, Rukmaka den wastani, lire panggenan mas tatur, punang sumur Rukmaka, mangkya rinengga sarwa sri, keh bramara ngingsep maduning pusrita.
13. Wus mangkana kawuwusa, tumapaking tanggap warsi, marengi taun Pranawa, Suryasangkala winilis, tataning janma trusthi, kang Candrasangkala ketung, weda kinarya muka, masa Kartika ing mangkin, karsa nata mamangun warnaning sastra.
14. Met panulat kang rineka, sisikon lurahing wukir, kairibaken punika, lawan kiriman kinteki, saking Parswasta giri, purnaning pangketipun, aran Sastraparwata, kalantur dipun wastani, Sastraardi kangge ing para pandhita.
15. Kabyawareng sanagara, salining sastra ing mangkin, marengi kang rajawedha, lir saban bara subani, sosoban araratri, karya sukaning wadya gung, prapteng purnamasada, meh bubarana keksi, wukir Candrageni murub marakata.
16. Kongsi ing antara dina, samana sireping agni, prabu tedhak papariksa, marang wukir Candrageni, lawan sagung para ri, gandarworaja Karawu, kinan andhinginana, met papan kang aprayogi, panggenaning para nata saha wadya.
17. Tedhakira sri narendra, dupi ing antara prapti, selaning wukir samana, tumameng pakuwon sami, kapirenan para ji, tuminggal langening gunung, pasanggrahan sarwendah, sugata maneka warni, bangkitira sri Karawu karya suka.

18. Mangkana ana kawuryan, saking pakuwon narpati, kang cahya tumejangkara, amung sarema kaeksi, madhangi graning giri, angandika sang aprabu, iki cahyaning apa, ujwaleng praba nelahi, sang gandarworaja alon aturira.
19. Pukulun ingkang kawuryan, punika tejaning wesi, wonten salebetung kawah, gadgadeng tyas sri bupati, dhawuh kinen angambil, gandarworaja Karawu, mesat saking ngayunan, samantara wangslul malih, angaturken katga kang amawa cahya.
20. Katampan sinawang-sawang, kadi dhapur Pasupati, andangu kamulanira, aneng kawah katga iki, matur sang gandarwoji, cariyosipun rumuhun, pucak ardi punika, watu salen pandhe besi, kang akarya Empu Ramadi ing kina.
21. Anglampahe kang pitedah, karsaning Hyang Udipati, Empu Ramadi punika, kinen apandhea wesi, karya gagaman jurit, warna-warna dhapuripun, kang badhe pinaringan, sagung para dewa resi, milanipun ing kawah wonten curiga.
22. Watawisipun punika, menawi Empu Ramadi, angengehaken satunggal, saking kedah musakan, dhateng paduka aji, dipun agema pakantuk, mesem prabu ngandika, yen mangkana keris iki, sun arani Candrageni wus prayoga.
23. Gunung iki pantesira, arana wukir Marapi, lawan gunung Candramuka, iya becik sun arani, wukir Marawu sami, kagawa labeting dangu, tilas pabesalenan, unggyan empu pandhe wesi, sri Karawu wotsari mangayubagya.
24. Miwah sagung para nata, sadaya jumurung sami, ing antara kondurira, prapteng praja sri bupati, karya sosoban malih, boga andrawina nutug, pendhik enjing kalilan, antuking para narpati, ngundhangaken sabdaning prabu sudibya.
25. Denira maringi aran, curiga lan wukir kalih, samana laju kausra, araning ardi Marapi, wukir Marawu mangkin, katelah aran Marbabu, antara tigang candra, tumapak kang samaga sri, prabu miyos siniwi ing panangkilan.

26. Kyana Patih Tambakbaya, dhinawuhan angadani, karya kuwu pacangkraman, aneng pasanggrahan lami, selaning wukir kалиh, Marapi lawan Marawu, ri sang gandarworaja, tinuduh amugareni, marma enggal rampunging panambutkarya.
27. Sangkep uparengganira, katur ing sri narapati, laju tedhak pinariksa, tan ana kang den waoni, tuhu sarwa respati, memet sambada ing wangun, pasang rakit rineka, sapalakartining puri, mangky sinung aran Dalem Prasadarga.
28. Kondurira sri narendra, tan ana sawiji-wiji, kongsi prapteng warsa Iwa, Suryasangkala marengi, oyag rupaning kori, kang Candrasangkala nuju, seta warnaning muka, ing masa Prawana mangkin, prapteng Pengging katekan cobaning dewa.
29. Putrinira sri narendra, nama Dewi Citrawati, muksa saking ironing pura, tanpa karana sayekti, prabu lan prameswari, kpinengan anahan kung, kongas ardayeng driya, mamayat yuktining kapti, kararantan matrenyuh tan paja muga.
30. Yayah tumutur wisata, kang tyas sanityasa tistis, para parekan ing pura, dadya lut malat wiyadi, wayang-wuyungan sami, saenggon-enggon kapiluh, luluh nala tan lana, kali-munan alin-alin, kalulun reh sanagara aru-ara.
31. Tanpa sri rarasing wreksa, kawulat lum-alum anglih, malah kang ron ruru samya, mesum mari sarwa sari, surem sunaring rawi, rawat-rawat tumurun truh, tumrah ing ima matra, ti-dhem tandhaning dumadi, sunya ruri saniskara kang kawuryan.
32. Kadya bela kawiyogan, ing ratri sasangka keksi, sasat sung cipta sasmita, pangentaring reh rudatin, swareng sarwa kapyarsi, yayah ngimur anglilipur, amung gandarworaja, kang ginubel ing pangudi, ngupadia pamuksaning atmajendra.
33. Sri Karawu aturira, dipun sarehna rumiyin, taksih sinengker ing dewa, dereng mangsa den ulati, mbenjang mangsa Asuji, wonten parmaning dewa gung, kang amanggih punika, pinasthi jodho sayekti, kadhaupna mewahi arjaning praja.

34. Kendel tansah wagugen tyas, nateng Pengging Dwarawati, samana dupi antara, praptaning mangsa Asuji, mangkyu wi-narteng kawi, rajaputra ing Matahun, Radyan Welakusuma, nuju cangkrameng wanadri, ambebedhag sato mimikat kukila.
35. Kalunta-lunta temahan, kapisah lan kang umiring, tumameng jro wanapringga, miyarsa tangising estri, pinarpekan kaeksi, Dewi Citrawati tuhu, radyan putra tan samar, yen iku putri ing Pengging, maksih kadang nak-sanakipun priyangga.
36. Atatanya marmanira, wonten ing wana pribadi, Dewi Citrawati kagyat, sumaur sinten nakeni, rahadyan amangsuli, kula putra ing Matahun, wasta Welakusuma, cangkrameng wana met paksi, sangdyah enget yen punika arinira.
37. Tan taha pinarepekan, karuna sarwi wawarti, yayimas kula tan wikan, sangkaning tumekekeng ngriki, kula nguni sayekti, nendra wonten ing kadhatun, dupi tangi katingal, kula sampun den wengkoni, tiyang jalu sang Guritna wastanira.
38. Wismeng dhusun Wanabaya, kaprenah wetan puniki, amung let jurang kewala, tri sasi kula ladosi, kerenge anglangkungi, lepat sakedhik anggebug, mila kula miruda, rumaos mboten kuwawi, suka luhung minangsa ing sardula.
39. Radyan putra duk miyarsa, talingan kadi sinebit, pamit arsa mejahana, ing dhustha kang ambek drengki, sang dewi amangsuli, adhuh yayi sampun sampun, pun Guritna punika, sakalangkung saking sakti, mila saget dados pandung adiguna.
40. Lagya lawanan wacana, radyan putra lan sang putri, gandarworaja kang prpta, muwus manuhara manis, mangke raden rumiyin, dipun saranta ing kayun, babasan sampun gita, yen dereng uningeng gati, gampil angel amegat jiwaning janma.

XXVI. Megatruh

1. Gugon tuhon punika nora pakantuk, yen mawi dugi prayogi, watara upaminipun, sambawa met sambada mrih, karaharja ning lalakon.

2. Pun Guritna punika sakti satuhu, tan keni sinanggi miring, alah tandha yektinipun, suwawi den pariksani, saking limunan kemawon.
3. Radyan putra lan sang putri tan kadulu, kula kang masang piranti, panglimunan kalihipun, samana dyan putra putri, kaparengan wus tan katon.
4. Kawuwusa sang Guritna gupuh-gupuh, denira ngulati putri, kaubres jroning wana gung, kang wreksa ingobrak-abrik, binedholan dhungkar kasol.
5. Sato-sato kang kacandhak lebur tumpur, singandaka tumpes sami, binantingan ajur mumur, meksa tan bisa kapanggih, gut-guten riwut kawuron.
6. Musus tangan mijil kang dahana murub, angobar jroning wanadri, mangkana raja Karawu, muwus lah raden puniki, kajeckosan ingkang katon.
7. Mangke kula sirepe kasaktenipun, supadi sampun andadi, saksana raja Karawu, aji ginung pangaskreti, winatek mursi-teng raos.
8. Sang Guritna kapesan kang bayu larut, balung kadi den lolosi, lesah kasulayah kelu, sakala tan darbe budi, kataman ing reh kinaot.
9. Byar katingal aneng ngabyantara prabu, andangu karana yekti, lah kakang wong apa iku, kaya kabandana keksi, raja Karawu wotsinom.
10. Dhuh pukulun punika titiyang dhusun, awasta Guritna inggih, pandung aguna satuhu, ingkang adhustha sang putri, remit datan konangan wong.
11. Mangke wonten dados tandha yektinipun, dipun dangua pribadi, putra paduka pukulun, gandarworaja wotsari, angatonken sang lir sinom.
12. Dewi Citrawati uningeng ramebu, karuna sarta nyungkemi, pangkoning kang rama prabu, parebu sareng samyanjrit, wor tangising wong kadhaton.

13. Sri narendra anjentung ngungun pupungun, ngandika ion anyanyapih, padha menenga karuhun, aywa na pijer anangis, mapan uwus karahayon.
14. Lah ta nini ingsun tatakon satuhu, paran kamulane nguni, sira atilar kadhatun, yayah rena tan katolih, kang putra wungu wotsinom.
15. Maksih asret ature urut aruntut, lepat kawula rama ji, anuhun pangaksama gung, kawula sajarwa jati, katambetan sangkating don.
16. Nguni ulun tilem wonten ing kadhatun, dupi tangi teka keksi, kula sampun dipun wengku, dhateng pun Guritna mawi, wawarah ingkang wiraos.
17. Ngaken saking karsanipun rama prabu, katariman semah putri, angger tan karya rurusuh, angrisak ing dalem puri, kawula teka pitados.
18. Raosing tyas kados kenging guna wuyung, enggen kula angladosi, meh tri wulan laminipun, pun Guritna tan suririh, lepas sakedhik anjotos.
19. Kula lajeng miruda sapurug-purug, nrajang wana jurang trebis, pringga baya datan ketung, ing antawis radi tebih, kapanggih wong bagus anom.
20. Raden Welakusuma pangakenipun, putreng Matahun sayekti, saweg kinuncang dewa gung, denira mimikat paksi, kapisah lan sagunging wong.
21. Atatakon karana wonten wana gung, inggih kawula wangsuli, makaten kados kang katur, lajeng krodha sudira mrih, amunah dhustha kang awon.
22. Kula penggak sarta wawarah satuhu, pun Guritna langkung sakti, dangu wawan-wawan wuwus, pun uwa gandarwo prapti, tumut papemut wiraos.
23. Ing wekasen kula lan putreng Matahun, linimunaken tan keksi, katungka ing prantanipun, pun Guritna angulati, mungseng wana jurang sigrong.

24. Sagung wreksa dhinungkaran kabarubuh, sato-sato den bantingi, laju angobar wana gung, pun uwa gandarwopati, kang anyirep karya kepon.
25. Lajengipun prapteng ngabyantara prabu, telasing atur sang dewi, wotsari raja Karawu, angatonaken sang pekik, dinangu rehing lalakon.
26. Matur lamun cangkrameng wana nunumpu, kinuncang ing bathara di, kapisah lan wadyanipun, laju kapanggih sang putri, amung pribadi kemawon.
27. Tinakenan mangsuli salajengipun, kados aturing putra ji, tan wonten siwah sarambut, narendra ngungun miyarsi, anuduh gandarwa katong.
28. Kinen ndhatengena ing wadya Matahun, kang ngiring maring wanadri, pisah lang bendaranipun, aywana pijer ngulati, anlasaken solahing wong.
29. Sri Karawu mesat sanalika wangslul, ngirid wong rowelas sami, katarik ing aji ginung, praptaning ngabyantara ji, kang dinangu wartaning wong.
30. Matur lamun umiring putra Matahun, cangkrama dhateng wanadri, kapisah wekasnipun, kapanggih wonten ing ngriki, punika bendaraningong.
31. Prabu mesem wusana ingkang dinangu, pun Guritna matur kumbi, angaku lagya met kayu, uningeng lamun sang putri, kabekteng wong bagus anom.
32. Arsa tulung ing wekasan kawiyungyung, wekasan laju tut wuri, kongsi prapteng ngarsa prabu, sumangga ingkang panggalih, ulun tan dosa sayektos.
33. Karsa nata wil Rendumeya tinuduh, kinen angusunga aglis, wismaning Guritna iku, aywa na owah kang isi, apa saananing kono.
34. Rendumeya nembah mesat saking ngayun, prapteng Wana-baya nuli, met kanthong pusakanipun, saking wewe seta nguni, wismane Guritna winot.

35. Kawaduhan jro kanthong sesinya wutuh, tan ana kang owah sami, samantara wangsulipun, ginelar aneng ngarsa ji, katon tilame sang sinom.
36. Dyan dinangu sapa darbe tilam santun, matur Dewi Citrawati, tilam kawula puniku, ibu sori kang maringi, Dewi Soma matur alon.
37. Inggih kula kang asung tilam puniku, katawis amawi ciri, majupating karang ulu, dene kanan polong sami, dados paliyasing wadon.
38. Kang supados parek jatukramanipun, dreman atmaja sayekti, angandika sang aprabu, heh Guritna sapa kardi, tilam kang kaya mangkono.
39. Pun Guritna meneng tan bisa umatur, ing antara ana keksi, rarya lit gundhala gundhul, kusika kusut kang warni, kadi woding tebu kang sol.
40. Tanpa taha aneng ngabyantara prabu, angigel sarya sasanti, mengko sayekti tan wurung, si Guritna anemahi, lir pucung pinecah ing wong.

XXVII Pucung

1. Rusak sagung sarandune badanipun, ujer tan kajamak, piangkuhe si panyakit, anggung gawe aru-araning tumitah.
2. Pasthi iku kaplaksana ing sang prabu, babasan wus kebak, sundukaning lembing kongking, amung kari kinarusukan kewala.
3. Meneng mangu lajeng lungguh makidhupuh, nembah aturira, anuhun pangaksama ji, denya dahat diksura amurang krama.
4. Saking sekung kasesek ing suka sukur, susukering kang rat, Guritna kenging piranti, mbokmanawi mantun karya kira-kira.
5. Sang aprabu andangu sapa sireku, alon aturira, ulun bangsa setan gundhil, kang adarbe wisma joglo jejer sanga.

6. Adudunung wonten pereng urutipun, jurang Wanabaya, ler wetan padaning ardi, inggih wukir Mahendra wetan punika.
7. Milanipun kapasukan suka sukur, ujer pun Guritna, akarya kagiri-giri, yen kecalan makaten wicantenira.
8. Setan gundhul golekana dolanaku, lamun ora bisa, tan wurring ingsun basmeni, wismanira joglo kang jajar sasanga.
9. Sakalangkung marasing tyas yen saestu, wisma kabasmaran, mila lampu anglintoni, kang aical dinekek panggen adhakan.
10. Leresipun amantuni karya giyuh, teka sanget ndadra, dados pupuntoning budi, mung misungsung akik loyang manca-warna.
11. Langkung agung sawabing akik sadarum, winursiteng cipta, adarbe prabawa sami, kang acemeng amurugaken karosan.
12. Kasor sagung liman singandaka liwung, kang abrit punika, kuwasa mijilken agni, angin toya sasamining pangabaran.
13. Malihipun kang jenar kuwasa tuhu, kinarya gegendam, pangan-sihan guna dhesthi, kang apethak aprabawa sulaksana.
14. Teguh timbul tan wonten braja tumanduk, kang ijem minangka, sarana usadeng sakit, lan kuwasa angindhakken rajabrama.
15. Lajengipun kang akik loyang sadarum, sampun katampenan, dhateng pun Guritna inggih, mila sakti mandrane tanpa sasama.
16. Temah mantun giri-giri aru biru, prabu angandika, ing sa-mengko paran kapti, setan gundhil ananggakken sakarsendra.
17. Inggih luhung dadosa kagungan prabu, karanten punika, wajibing ratu sayekti, simpen barang aeng kang mawi prabawa.
18. Lan puniku pun Guritna tinarungku, yen taksih kanggenan, akik loyang mancawarni, yekti saged miruda tanpa karana.
19. Sang aprabu mesem angandika arum, heh Guritna sira, darbe akik mancawarni, matur kumbi mboten rumaos kanggenan.
20. Setan gundhul met tandha yektining atur, tilas menyan ko-

bar, wus arupa pulanggeni, dinamonan muksa samantara prapta.

21. Tinut pungkur ing akik loyang sadarum, kang amancawarna, ambandhang cublak sawiji, isi lenga pirantining lilimunan.
22. Awotsantun setan gundhul aturipun, pukulun punika, akik kang amancawarni, medal saking kandhutanipun Guritna.
23. Atut pungkur ing pulanggeni puniku, karanten punika, panggesanganing kang akik, mila saged anarik saking kandhutan.
24. Begjanipun ambandhang cublak susungu, kang aisi lisah, limunan pangamet silib, inggih darbekipun Guritna priyangga.
25. Sang aprabu alon denira andangu, lah Guritna sapa, kang adarbe cublak iki, ing njerone winatara isi lenga.
26. Tanpa matur Guritna amung tumungkul, prabu angandika, marang Sri Sutengsampati, lah ta kakang Karawu mangkyia wus kandhas.
27. Iya amung kari ameta papatut, patraping wisesa, gandarwo matur wotsari, kasinggihan pukulun karsa paduka.
28. Sang aprabu malih pangandikanipun, kakang si Guritna, katrapan kunjara wesi, telung taun aneng jroning pawarangkan.
29. Ujer iku durtaning rat padhanipun, wong gangga mbalila, karya ruhareng dumadi, wisma tekan sesine mangka rayahan.
30. Dimen dinum pawongane putriningsun, surup dadi dhendhan, denira gung milarani, dene akik loyang kang amancawarna.
31. Iku patut bali marang setan gundhul, sacublake pisan, sumurup dadi pangili, denya tansah nggigiri angobar wisma.
32. Sri Karawu jumurung karsaning prabu, samantara prapta, sira Ki Demang Camethi, amiyarsa pun Guritna kaplaksana.
33. Laju matur yen darbe rewana wulung, kenging pangapusan, pinet pun Guritna nguni, sagah angitung lilinton mas tanpa una.

34. Temahipun sapariki mboten muncul, pangandika nata, heh Guritna apa yekti, tanpa matur amung tumungkul kewala.
35. Prabu dhawuh kinen angulati iku, sajroning kang wisma, katemu sorong guguling, teken kayu rewana wus katupiksa.
36. Karsa prabu mangkya pinaringken wangsul, laju tinanggapan, marang Ki Demang Camethi, wuwuh malih patrapanira Guritna.
37. Winiyungyun ing pusara badanipun, aneng jro kunjara, pidananing wong ngapusi, dhinawuhken marang Patih Tam-bakbaya.
38. Sinungan wruh ing purwa puwaranipun, sampun kaleksanan, mangkana sri narapati, abibisik maring sang gandarworaja.
39. Karsa prabu masa Kartika ing ngayun, Dyan Welakusuma, dhinaubaken sayekti, antuk Dewi Citrawati binasahan.
40. Manthuk-manthuk gandarworaja wotsantun, dahat kasam-badan, matur lah inggih prayogi, dados mboten kuciweng cipta sasmita.
41. Mangkya sampun kailan putreng Matahun, aso masanggrahan, saha wadya kang umiring, sinukeng tyas yayah antuk lebdaijiwa.
42. Samana wus tumapaking salin taun, ing warsa Cukila, Surya-sangkala marengi, swaraning wong katrusthan tanpa barakan.
43. Timbangipun Candrasangkalaning taun, gati warna muka, mangsa Kartika ing mangkin, prabu miyos anjenengi rajawe-dha.
44. Para ratu samya pepekan sadarum, aneng panangkilan, kabi-seka sukeng kapti, siyang ratri wuryaning kang titingalan.
45. Samya mbarung sisiring swareng raras rum, rempeging pradangga, angrangin mangun sarwa sri, srang senggani muwuhi manising praja.

(Sambetipun kawrat jilid II).

s
RAN
899.2

General Keb
Perpuskraan
jendral Keb

III.40

SERAT WITAKADYA — R. Ng. Ranggawarsita/Dr

PN BALAI PUSTAKA — JAKARTA

bp